ХАЛИЛА ДӘЎЛЕТНАЗАРОВ



# ДОС БОЛЫЎ ҲӘММЕНИҢ ҚОЛЫНАН КЕЛМЕС...

(*Қосықлар, поэма*)

Нөкис
„Қарақалпақстан"
1994

www.ziyouz.com kutubxonasi

34 Кар
Д 21

Дәўлетназаров Х.
Дос болыў ҳәммениң қолынан келмес: Қосықлар, поэма,—Нөкис: Қарақалпақстан, 1994.—124 бет.

Шайыр Халила Дәўлетназаров бүгинги күни халқымыздың ең сүйикли шайырларының бирине айланды. Ол журтшылығымызға бир неше поэзиялық топламларды саўға етти. Сондай-ақ, оның Аббаз, Садық шайырлардың жолын даўам етиўши қыссаханлығы да айрықша ҳүрмет пенен тилге алынады. Әсиресе, шайыр „Хош қал, жаслығым“ ҳәм „Әлўидаға муҳаббат, әлўидаға!..“ атлы өткир поэзиялық топламлары менен жаслардың қәлбинен терең орын алды.

Қолыңыздағы бул топламнан шайырдың „Ийесиз журт“ атлы поэмасы менен бир қатар жаңа қосықлары орын алған.

Д $\frac{4803270203\text{-}178}{М\text{-}357(04)\text{-}94}$ 79—94

ISBN 5-8272-1557-0

© „Қарақалпақстан“ баспасы, 1994

www.ziyouz.com kutubxonasi

## ҚАРАҚАЛПАҚ ТӘРИЙПИ

Әмиў—Арал—Қызылқумның аясы,
Ҳақ әйлеген жери Қарақалпақтың.
Шөлден қашар болса ығбал саясы,
Қатпар-қатпар шери Қарақалпақтың.

Қылышы-туўры сөз, қалқаны—ҳақлық
Көңли шегарасыз, ойламас сақлық,
Есабы—шотында жоқ нақма-нақлық
Шатасқан пайты көп Қарақалпақтың.

Қызғыштай қорылар Жер ҳәм Аспаны,
Көңли дәрья киби алтын жасқалы.
Тән алмайды яратқаннан басқаны,
Ғайбар минези бар Қарақалпақтың.

Қус қанаты талған шексиз шөли бар.
Көзлердей жасаўран баққан көли бар,
Ығысқан қойдан да жуўас ели бар,
Ғәрип-қәсери көп Қарақалпақтың.

Көшип-қонып жасап өткен—Тураны,
Тилде—Қарақалпақ болыў ураны,
Ийшаны қолында Ҳақтың қураны,
Халқы динине берк Қарақалпақтың.

Жипке дизе бермей өкпе-гийнени,
Бирлессе қүдирет күшдур бийлери,
Сүйенгени—үмит, Әрман—үйлери,
Мәсләҳәти узақ Қарақалпақтың.

Мәртке қап қолласар қостар мүнәсип,
Мингизер атының зәңгисин басып,



www.ziyouz.com kutubxonasi

Ҳалық ушын буўынар белин қынасып,
Қайтпас қайсарлары Қарақалпақтың.

Арман тур десең де келер ғаррылық,
Журтында тең жүрер байлық, жарлылық,
Бәршесинен үстин намыс-арлылық,
Қанжары қыл жалар Қарақалпақтың.

Қасарысқан жеринен қан алмаса,
Жаўының басына саўда салмаса,
Карекеңлик көшкисинде қалмаса,
Көңли кеншимейди Қарақалпақтың.

Сәл жыллы лебизге кетеди ийип,
Сәл наҳақлық көрсе кетеди күйип,
Шадлығы шашылып, муң-дәртин түйип,
Телеги бос турмас Қарақалпақтың.

Улы насаз шықса мүмкин бе бүркеў,
Қызы ойсыз болса бетине ширкеў,
Халқында ҳеш мийри қанбас шөлиркеў,
Ығбал суўсыны кем Қарақалпақтың.

Дурыслықтан өзгеге дизе бүкпеген,
Таў-тас жоқ маңлайы барып дүкпеген,
Дәртин-қуўанышын артқан жүк пенен.
Көши рәўана Қарақалпақтың.

Шекпени жетпесе жетпес дизине,
Ҳешкимди тик бақтырмайды жүзине,
Сөз ерер, шөп ермес бирақ изине,
Көңили бийғубар Қарақалпақтың.

Ийлеўи қанған жер, дузы татлы жер,
Аўзы дуўалы жер, қәлем-хатлы жер,
Гүллер төселген жер, тикен-шатлы жер,
Кекиреги бостан Қарақалпақтың.

Журиси-турысы саўлат-салтанат,
Тили бүлбилгөя, көңиллери хат,
Назын мәрт көтерер, көтере алмас ат,
Қыз ҳәм келинлери Қарақалпақтың.



www.ziyouz.com kutubxonasi

Жипекгейин жуқа жүзинде зия,
Сынық минез келер, бақпайды қыя,
Көзинде-сөзинде болар мәргия,
Қызлары қәлем қас Қарақалпақтың.

Нәзәкат бағында—нәзик, ийбели
Қызыллы-жасыллы липас кийгени,
Ашық-машуғының жанып-күйгени,
*Сыр болып* сақланар Қарақалпақтың.

Сулыўлар елинде пәрийлер мисли,
Гүлзархан, Ғумшагүл, Айбазар исми,
Жүз мың гөззаллықтың қаймағы—ҳүсни,
*Мәҳийтабанлары* Қарақалпақтың.

Қумлар-суўсап баққан алтын зерендей,
Шайпалса, төгилсе дәртим тереңлер,
Қоллаўшы Қырқ шилтен ғайып еренлер,
*Жортса жылаўында* Қарақалпақтың.

Алымының шырлар қәлеми-хаты,
Шайырының сөзден жоқ басқа заты,
Мың-мың тәрийп, толгаўлардың елаты,
*Жери көзге* сүрме Қарақалпақтың.

Моншақ киби дизип сөзлердиң дүрин,
Ақ қағазға сырқып көзиниң нурын,
Жырлап өтер ели-халқының жырын,
*Халил-зибаны* дер Қарақалпақтың!

*8-апрель, 1993-жыл.*

## ЯССАЎИЙДИ НЕГЕ ҒАМГҮН ӨТТИ ДЕСЕМ?...

*(Хожа Ахмет Яссаўий жолына)*

Өзи қәлеп жердиң астын мәкан тутып,
Кеўлинде Ҳақ, бармақлары тәспи сытып,
Халық аҳ шексе, ол қара қайғы жутып,
Өлмей турып өмир жолы питти десем!

Нәкаслықты көрмейин де, күймейин деп,
Намәртлерге алтын басын иймейин деп,



www.ziyouz.com kutubxonasi

Кеткен екен нәпси тонын киймейин деп,
Ялған болар, әрманына жетти десем!

Пайғамбарлық салтанаты-сәни менен,
Көкиректе шайыршылық кәни менен,
Көзи тири, геўдесинде жаны менен,
Недур, өзин дәрт оғына тутты десем!

Аяқ алып жүргизбейди урлық-ғарлық,
Ул-қыз бенен қоса туўар мунлық-зарлық,
Бул дүньялық ислерден ўаз кешип барлық,
Тек те, басын шайқай-шайқай кетти десем!

Жок-жуқаның жалтақлығын көрмеў ушын,
Қәнәәтсиз нәпсиге жол бермеў ушын,
Өзгелер деп өзин-өзи тергеў ушын,
Ҳақ пәрманын жер астында күтти десем!

... Мүтәжине жеткере алмас пулын санап,
Бул жоқшылық аш ийт киби жалақ-жулақ,
Заман қайда баратыр, заң қандай я Рәбб?
Қарапайым халыққа қабақ шытты десем!

Жараспас па, татыў ерли-зайып болса,
Зүрьяд зәрүр!... Туўар .. Әттең, майып болса?
Буның ушын сорлыларда айып болса...
Ғам тыйығы жаш лицасын сөтти десем!?

Наҳақлық ой-сезимиңди таплар екен,
Кеп-кең дүнья усындайда тап-тар екен,
Жер үстин тәрк еткенинде гәп бар екен...
Яссаўийди неге ғамгүн өтти десем!?

*25-сентябрь, 1994-жыл.*

## ТӘБИЯТТАН ТИЛЕК

*(Ямаса Наўрыз байрамына арналған қосық гүл дәстеси)*

Мың тоқсан төрт, Наўрыз айы,
Тилегимиз ҳақ удайы,
Жердиң ҳәм көктиң қудайы,
Нәзериң сал елим ушын!



www.ziyouz.com kutubxonasi

Қыс қылышы тикти кәҳәр,
Муз қурсанды ауыл, шәҳәр,
Келсин, *нәзәлим қыз бәҳәр,*
Мақул, аты-жөниң ушын!

Жердиң тоңған көксин жибит,
*Биз көз* саткан әрман, умит,
Өнсин жақсы нийет шигит,
Қыткершилик еми ушын!

Дарақлар мийўа салғанша,
Ғаўаша ғумшалағанша,
Дақылын жыйнап алғанша,
Қол жаў, жамғыр-селиң ушын!

Ығбал—Мурап, Шадлық—Дарға,
Бой үйрет пе муңға-зарға,
Анажаным—Әмиўдәрья,
Яр болагөр көлим ушын!

Бәҳәрим, жазым ҳәм гүзим,
Ашық-жарқын болсын жүзиң,
Тоқшылыққа имкән дүзиң,
Қырман толы өним ушын!

*Туўыры сөз ашшы* тийер,
Бос болсаң көп қамшы тийер,
„*Мың қосшыдан* бир басшы“ дер,
Сап өмир, сап дениң ушын!

Әўелиңди ҳәм кейниңди,
Берсин, кең етсин пейлиңди,
Салғайсаң илгир зейниңди,
Жоқ-жуқалаң мөмин ушын!

Тәшўиш—қайғы зарпын жутар,
Әрман—дүр моншағын сытар,
Гүрес қылыш-қалқан турар,
Бәдбәшере өлим ушын!

*Өмирдеги алтын* түйме
Көўили бәҳәр, ақ сийне,
Жарасады ҳүсин-ийбе,
Ҳуўышлы қыз ҳәм келин ушын!



www.ziyouz.com kutubxonasi

Бақ-дәўлет қос жанар болғай,
Тилиңнен пал тамар болғай,
Перзентлериң кәмар болғай,
Халқым, талған белиң ушын!

Еллерди бирәдар еткен,
Жақсылыққа қардар еткен,
Қарақалпақты бар еткен,
Шүкир, шадлы демиң ушын.

Қоршаўсыз ықбал ҳәремиң,
Қалтқысыз кеўил тәрезиң,
Тек, Аллаадан боп ғәрезиң,
Халқым—даңқым мениң ушын!

Ўатан жалғыз, өзиң жалғыз,
Бәршени дурыс жолдан барғыз,
Жолыңа нур жаўсын Наўрыз.—
Бул ҳайт-тойлар сениң ушын!...

*Март, 1994-жыл.*

## ЖҮРЕГИМ-АЎ, НЕ БОЛДЫ САҒАН?...

Жүрегим-аў... не болды саған?
Гә тоңазып, гәҳи мазлайсаң.
Тар қәпестей сезилер ханаң,
Тап, жарылып кете жазлайсаң.

Дүбир салып ат киби асаў,
Қан майданда жаңлар ҳаўазың.
Билемен бәнт ете алмас бирақ,
Хошеметлер, бәйги, лаўазым.

Аппақ-аппақ сезим шыңларың,
Тәшўишлерге жаўлап алынды.
Аҳ... әрманлым! Шерли муңласым,
Түсинемен, ғәрип ҳалыңды.

Зәррем қалмас, мени толғантып,
Гейде көзсиз ойын қурасаң.
Ҳақыйқатлық бәндиргисинде,
Мәрдана гә бийҳал турасаң.

www.ziyouz.com kutubxonasi

Еп көрмессең: ышқы-муҳаббат,
Налышларын айтыўды енди.
Сезимлерге тасқын кенарың,
Кем-кем... кем-кем қайтыўлы енди ..

Сақлығы жоқ, ҳақлық деп, ҳақлық
Эҳ, көзлер-әй... бизлерди сатты.
Арашалап алмаса пәклик,
Журек, сен де гунәға баттың!

Бек бола алмай қалар тислерим,
Бул тил деген жуўенсиз, арсыз.
Сен талықсаң, жаны-тәнимниң—
Куни қараң, диңке-дималсыз.

Кетер, келер әлўан пасыллар,
Әрманларға толмас қушағың.
Булбиллериң бунша куйгелек...
Журегим-әй... эҳ, алтын бағым!

Мына ўақыт: жаслық жағысын,
Енди бизге көрмес ылайық.
Айралықтан аўыр нәрсе жоқ,
Үн салысып, қәне, жылайық!...

*4-июль, 1990-жыл.*

## МУҲАББАТ ИЙРИМИ ТАРТҚАН КӨЗЛЕРДЕ...

Салтанат тахтында барар балтырлар,
Жутынысқан көзлерди жаўлап жалтылдар,
Мойнына дар жиби түскен адамдай,
Дәрт—қыл көпиринде жаным қалтылдар.

Қос „әнар" бир-бирин жөплеп, булқынсып,
Баратыр көйлекке сыймай жулқынсып,
Сүйинши сорайтуғын шадлы баллардай,
Оған, ой-қыялым ерер шулғынсып.

Көк көйлек—көк көл, ол—аппақ балықгай,
Изинде—журегим, жаным ҳалықлар,
Қуралай көз ышқы қашар жеткермей,
Әрман қусым-шүйлигип, гә қалықлар.



www.ziyouz.com kutubxonasi

Жәннет жамалындай бақтым жүзлерге,
Зибаным сөз таппас оған сөзлерге,
Ғарқ болып кеткендей сездим өзимди,—
Муҳаббат ийрими тартқан көзлерде ...

*4-январь, 1994-жыл.*

## МЕНИҢ ДӘРТЛИ ӘМИЎДӘРЬЯМСАҢ!...

Заманым келди деп ағыўда едиң,
Бахыт шырақларын жағыўда едиң,
Бизге—Ана болып бағыўда едиң,
Уллылығы менен исми жәриясаң.

Бойыңда сүрилип не бир дәўранлар,
Үстиңнен өткенди жыллар—кәрўанлар,
Сеннен саға алған қанша әрманлар,
Бүгин мәдет излеп өзиң ҳайрансаң.

Сен тосаң аққалы, биз ҳәм тыныкпыз,
Кепсерши болмасаң үзик-жулыкпыз,
Қәйтсе де, дәртлеспиз, кеўли сыныкпыз,
Көзим қарашығы Әмиўдәрьямсаң!

Сағындым ғой мәўиж урыўларыңды,
Қәўетерли ойын қурыўларыңды.
Қандай сүйсем әкем, досыў-ярымды,
Жаныма солардай жақын дәрьямсаң.

Туўылған халқымның қарар көзи едиң,
Бақсыға—саз, шешенлердиң—сөзи едиң,
Асаўлықта ай-жулдызды гөзедиң,
Қуўғанға туттырмай қашқан жейрансаң.

Талай жол өзгертип кесип таўларды,
Тәўбеге келтирип менмен жаўларды,
Басыңнан думандай кетпес даўларды,
Сейилтип, намәртлер қолын байларсаң.

Барған жериң нурлы, гүллер топырақ,
Қәдириңди биле-билмеспиз бирақ,
Жасағайсаң қәўип-қәтерден жырақ,
Дәўир жүги аўыр, мәгар талғансаң.



www.ziyouz.com kutubxonasi

Баяғы ағыслы суўларың қайда?
Мойны бир гез аппақ қуўларың қайда?
*Бизлерди ана боп туўғаның қайда?*
Меҳрибаным, дәртли Әмиўдәрьямсаң!

Нәкасларды тартса дермен, пйримиң,
Тәшўишли халқыма түскей миййримиң,
Сөзи, көзи, өзи ләби шийриним,
Үмитсиз теңизге илҳам арнасаң?...

„Әмиў"—деген атың көп түскен хатқа,
*Ҳәмме куштар болған нокталамаққа,*
Енди мегзеп турсаң бир жуўас атқа,
Шабысқа өзиңди қашан сайларсаң?

Сен болмасаң бүлбил болмас бағларда,
Қус түўе толы журт қалар дағларда,
Жүр, қайтайық, сол илҳамлы шағларға,
*Журтың менен бирге жаснап-жайнарсаң!...*

*Август, 1988-жыл.*

## БАХЫТ МАҒАН ДЫМ ЖАҚЫН КЕЛДИ...

Бахыт маған дым жақын келди,
Мен ап-анық көрдим көзлерин.
Нәзик гене еди ол сондай,
Жан алып, жан берер сөзлери.

(Қандай екен түр-түси, ҳүсни,
Қандай болып келер екен деп
Кеше-күндиз күттим мен, күттим
Ол ҳаққында көп ойландым, көп.)

Тап, ап-анық көрдим бахытты,
Ләби, кирпиклерине шекем.
Қыялымда жүрген бир қызға,
Ол оғыры уқсайды екен.

Ол да мени тартты өзине,
Аппақ қанат—қоллары менен.
Көкирегиме бас қойды әсте,
Бир денеге айландық кем-кем.



www.ziyouz.com kutubxonasi

*Көрсетпеди баска дүньяны,*
Шадлық таңып қойды көзимди.
Жеткениме, мен анық оған
Исендирген гезде өзимди,—

Ол негедур... билмеймен еле,
Бир аҳ! шегип кетти де қалды.
Шықпадым ба кеўлинен, қәйдем
Өзине куп көрмеген янлы.

Мен бахыттың гүлше қолларын,
Пешанама басқанман бир гез.
Қызғынлығы, дирили оның,
Тәкирарланар бойымда тез-тез...

Мен ап-анық көрдим бахытты,
*Көзи-кирпиклерине шекем.*
Жүрегимде жүрген бир қызға,
Ол оғыры уқсайды екен!

## ҚЫДЫРНИЯЗ ҲАЖЫ БАЯЗЫ

*Әўел-ҳа тилинде Алланың аты,*
Кеўлине битилген илаҳий хаты,
Тәнҳа Бар еткенге шын муҳаббаты,
Айтсақ Қыдырнияз мақсым баязын.

Ҳақтың деми дарып, ығбал жазылып,
Ақыл кәни билим менен қазылып,
Рәўа болыпты оған ҳажылық,
Айтсақ Қыдырнияз имам баязын.

Жан—ғәзийнеханасы пазыйлет толы,
Халыққа жақсылық боп тутасқан жолы,
Муқәддес Кәабаға жетипти қолы,
Айтсақ Қыдырнияз ҳажы баязын.

Аллатаала кеўлине нур қуйған,
Көкирегине—аспан, жер, сыр, жыр сыйған,
Илим-билим бостанынан дүр жыйған,
Айтсақ Қыдырнияз ахун баязын.



www.ziyouz.com kutubxonasi

Өзбырға-ызбырға жаны қас киси,
Жас болса да дуйым журтқа бас киси,
Жүреги көзинен өтер тәсписи,
Айтсақ Қыдырнияз ҳақтың баязын.

Мәртлик тонын қашшан пишип қойыпты,
Әдалат ашығын қушып, тойыпты,
Китапларды суўдай ишип қойыпты,
Айтсақ Қыдырнияз устаз баязын.

Бенде жоқдур Яратқанға бенде емес,
Бериўден жазбаса пәк нур кенде емес,
Биз деп сөзлер, сиз деп сөзлер, сен демес,
Айтсақ Қыдырнияз шайх баязын.

Тиллерде сөйленген шежире, дәстан,
Булбилди сайраўға үйреткен бостан,
Кеўил дүньясына жайғасқан аспан,
Айтсақ Қыдырнияз ҳажы баязын!

*Май, 1994-жыл.*

## ОН СЕГИЗ ЖАС...

Жулдыз гөзлер, минер пырақ,
Қыял ертип кетер жырақ,
Жүрегинде жанар шырақ,
Қус пәрўазлы он сегиз жас.

Күнлердиң сулыў, жақсысы
Билинбес душшы - ашшысы,
Әрманлардың жол басшысы,
Жүзи гүл-гүл он сегиз жас.

Сөзи, көзинде мәргия,
Тек бир мәўрит бағар қыя...
Ушар кетер, қалар уя,
Егленбейди-аў, он сегиз жас!

Қыз патшадур, жигит ўәзир,
Бири мәртлик, бириси ҳүр,
Жолларына төселмиш нур,
Сырлы-жырлы он сегиз жас.



www.ziyouz.com kutubxonasi

Жаслық бағындағы әрман,
Қулпы дөнип ғумша жарған,
Аҳыў- зары сәўер ярдан,
*Лебиз күткен он сегиз жас.*

Бәҳәр паслына усарсаң,
Ҳүр үмитлерди қушарсаң,
Көзлерден бир-бир ушарсаң,
Сағынышлы он сегиз жас.

*Гүллер жаслас сениң менен,*
Қуп әжеп: өз теңиң менен,
Сырлас едиң мениң менен,
Қуралай көз он сегиз жас.

Ҳижран ... Дийдар ... Шийрин поса,..
Жүрек-баўыры қызыл жоса,
Ышқы *толы алтын кеса,*
Гә от, гә суў он сегиз жас.

Муҳаббат,—дер пәк гүли бар,
Сайрағыш серхош тили бар,
Көксинде йош бүлбили бар,
Бағы-бостан он сегиз жас!

*Май, 1953-жыл.*

## ОНЫНШЫ КЛАССТЫ ПИТИРГЕН ЖЫЛЫ

Оныншы классты питирген жылы,
Соңғы имтиҳанды тапсырған күни,
Өткенде қызлардың тунғыш дүркини,
Балалықтың алтын жибин қырққанбыз.

Ўақыт бизге: „енди буннан көш" деди,
„Қалған есабыңды өзиң шеш" деди,
Класс баллардың соңғы гештеги,
Азырақ-азырақ шарап жутқанбыз.

Сол нәўше қызлардың билеги аппақ,
Тутсақ, сағат баўдай қолымыз шап-шақ,
Тай бир болып қалған жандай ғоддаслап,
Соңыра пушайманлық бағын қаққанбыз.



www.ziyouz.com kutubxonasi

Ҳәр жаңсақ қәдемге төлем төленер,
Өкиниш—шар тас дур жаның егелер,
Гейбир жаңалықтан абзал гөнелер,
*Изге қарайлап* көз майын сырққанбыз.

Жалы-жылаўында қайғы ҳәм бахыт,
Шоқлығын услатпас суў тулпар— ўақыт,
Қос аяқлап сәдде берер ухшатып,..
Пүтин китапларды сонда жыртқанбыз.

. . . Қара көз, қәлем қас әрманлардың да,
Соңғы дүркинлери келип жеткендей,
Өмир дәптеринен жулынған жыллар—
Аппақ ақ парақлар ушып кеткендей. . .

Кеўлим уясының үмит куслары,
Гүз жақын дегендей безиге берер.
Сол китаплар менен балалығым да,
Жыртылып қалғандай сезиле берер.

*15-июнь, 1990-жыл.*

## ҚЫТКЕРШИЛИК ...ҚЫМБАТШЫЛЫҚ...

Бурын арба, енди дорба,
Енди соқа, бурын жорға,
Ақ бозлақ жер дөнди шорға,
Дәрмансызлық, дәрмансызлық.

Дус келгендей тап көмбеге,
Сол күнлер екен жөнгене,
Үш сомнан аспас деңгене,
Арзаншылық, арзаншылық.

Тоқшылық,—саўын сүўалып,
Сөз гүрзисинде *уўалып*,
Ешки туўса да қуўанып,
Шүкиршилик, шүкиршилик.

Айымызды алып турсаң,
Жағаға қол салып турсаң,
Жанып, жанып, жанып турсаң...
*Қымбатшылық, қымбатшылық.*



www.ziyouz.com kutubxonasi

Өрмелеп саўда төбеге,
Бул жыртық-жамаў кемеде,
Ығар болсақ биз еле де,
Үмитсизлик, үмитсизлик.

Патша иси сиясатдур,
Қәтип иси—қәлем-хат дур,
Тәшўишимиз қат-қабат дур,
Шарасызлық, шарасызлық.

Талай мәрди-майдан өткен,
Тасқын дәрья, сайлар өткен,
Пүтин елди ўайран еткен,
Инсапсызлық-инсапсызлық.

Халқым, кеўлиң әптер-тәптер,
Кимдур сен деп „тоқыр" гәплер,
Төркининде жеке гәплер,
Нәмәртшилик, нәмәртшилик.

Шын жүректен күле билмес,
Баўрын ел деп тиле билмес,
Ийбе-иззет биле билмес,
Уятсызлық, уятсызлық.

Жомарт ердиң қолын байлап,
Ойды-қырды жүрсең жайлап,
Қалсақ бунда жыллап-айлап,
Ҳайраншылық, ҳайраншылық.

Бир айлыққа бир жан үйли,
Кете берер жүйсиз, жүйли,
Көриңбейди ушты-күйди,
Дарқаншылық, дарқаншылық.

Бас кийимсиз, аяқ жалаң,
Жер тепсинип турса балаң,
Ҳәр қайссына болып алаң,
Ләмгершилик, ләмгершилик.

Бурын көп затлар суў тегин,
Көллерде ғаз ҳәм қуў тегин,
Ишпекке бүгин уў тегин,
Жетпесинлик, жетпесинлик.



www.ziyouz.com kutubxonasi

Нырк, нырқты бил, шықсаң нырқтан,
Бир көресиң барды журттан,
Кеўил парақларын жыртқан,
Ҳүрметсизлик, ҳүрметсизлик.

Турмыс шар айнамыз сынық,
Бурқып аққан жаплар тынық,
Мойнымызға алған минип,
Ҳүждансызлық, ҳүждансызлық.

Нәзер салсам: оң ҳәм солым,
Бир-бирине созар қолын,
Излегенлер тапқай жолын,
Тилеклеслик, тилеклеслик.

Салмақпысаң темир ноқта?
Әй, бәтшағар, Тоқта, тоқта!
Биз көнликкиш халықпыз жоққа,
Шарасызлық, шарасызлық.

Ҳешким кетпес елден ерек,
Не тапқанды етип гөрек,
Бөлисилер ығбал—шөрек,
Мийримлилик - мийримлилик.

Қоллар бос, тек, тилде ўаздур,
Қәтқуда кем, қосшы аздур,
Халқым қайраўдағы ғаздур,
Жигерсизлик, жигерсизлик.

Ўәж көпдур талас-тарыслы,
Заманымыз дағдарыслы,
Арбасы— сынық арыслы,
Қыткерщилик, қыткерщилик.

Дәрдесерге түскен заман,
Не болсаң да болғыл аман,
Бул,—жоқшылық деген жаман,
Дилгиршилик, дилгиршилик!..

www.ziyouz.com kutubxonasi

## ЖҮРЕКТЕН ОҚ ЖЕСЕҢ ЖОҚДУР ШЫПАСЫ

Жүректен оқ жесең, жоқдур шыпасы,
Жаныңды сызлатар, ҳазары жаман.
Жалған, биймәнидей тирилик мына,
Өлим-житиминен жүрсең де аман.

Ҳешкимди тән алғың келмейди гейде,
Гейде шығарарсаң өзиңди жоққа.
Сақланып жүриўди ойларсаң, бирақ
Дус болыўың мүмкин қаңғымай оққа.

Ғапылда жанарсаң, қалып ғәплетте,
Исенген Ҳақлығың сатылып кетсе.
Жүректе тат басқан ески писенлер,
Кеўил қызғынында атылып кетсе.

Өлмей-ақ, өлгеннен бетермен гейде,
Гәде, бар емеспен, я жоқ емеспен...
Оқ жонған сур мерген емеспен, жә-жәқ...
Яқ, яқ! Яранларым, мен оқ емеспен!

*Апрель, 1990-жыл.*

## ЖАН ДҮНЬЯҢА ҚАШАН ЖЕТЕРМЕН ЕНДИ!..

Жолыңа паяндоз етип жанымды,
Көтерейин нар көтермес назыңды,
Тиленейин жайып алақанымды,
Нәзериң түспесе нетермен енди!

Наздан белиң сынып кететуғындай,
Кеўилим липасын сөтетуғындай,
Өмирим зар-гирян өтетуғындай,
Жан дүньяңа қашан жетермен енди?

Жаўдыр ала көзли ерке маралым,
Бийлигиңде пүткил көңил сорамым,
Жипек сезимимниң жасаған орамын,
Ҳүзириңде қуллық етермен енди!

Көкирегим толы йош ҳәм шер менен,
Ышқы деп аталмыш шуқым зер менен,



www.ziyouz.com kutubxonasi

Қаймақтай ләблериң басқан мөр менен,
Ашылып... ашылмай кетермен енди!

Мен енди сени деп әрманлы болдым,
Дәрт ийеси болдым, дәўранлы болдым,
Яр бақпас... Қосықтан қырманлы болдым,
Тәғдирге тән берип өтермен енди!..

*Декабрь, 1993-жыл.*

## ЕЛ АҒАСЫ

Елим деп шадланар, Халқым деп ғамлы,
Липасы—пазыйлет, сөзи әндамлы,
Аламан қозғалса ол салдаманлы,
Ғаўасатқа бөгет—Елдиң Ағасы.

Арзыў-әрман журты әл-ҳасыл гия,
Сезимлери—алтын саўытлы сыя,
Ығбал бағы тәшўиш қусына уя,
Үмит жағысыдур—Елдиң Ағасы.

Беглигин бузбайды, кеўлин шешпейди,
Байрақдарлық етпей күни кешпейди,
Интизам елинен ҳәрян көшпейди,
Нурхана, Сырхана—Елдиң Ағасы.

Яратқан—кеўлине жазып барар хат,
Зийреклик—қалыңнан алып шығар Ат,
Әдиўли устазы, досты—Ҳақыйқат,
Шоқ киби, оқ киби—Елдиң Ағасы.

Ибрат алдыңғы өткен ҳаслы жақсылар,
Рухында—от, ой, ақыл шапқылар.
Бахыт—жолларын нур, орнын тахт қылар,
Емен киби беккем—Елдиң Ағасы.

Кеўил тәрезиси қалтқысыз сөзлер,
Уллылық изинен барыўды гөзлер,
Лип-лип жигер, мың-мың саўаллы көзлер,
Ырасшыл, турақшыл—Елдиң Ағасы.



www.ziyouz.com kutubxonasi

Ескекши, ел-журты жүзген Кемеде.
Лебизи, тәбизи өрнек-өнеге,
Инилер көтерип жүрер төбеге,
Ўатан қолында Туў—Елдиң Ағасы.

Жемиске сырғыған Өмир дарағы,
Арғымағы көшти баслап барады,
Серхош халық сөзлери—кеўил парағы,
Тәлим, Туйғы, Тақат, Тилек—Сағасы,
Ағаларға Аға—Елдиң Ағасы!

*Январь, 1994-жыл.*

## КӨРГИМ КЕЛЕ БЕРЕДИ ОНЫ

Муҳаббаттың бағына кирсем,
Сәўер ярдың жанында жүрсем,
Кеўилинде не барын билсем...
Көргим келе береди оны.

Егер, сондай болып қалса пайт,
Мениң қандай екенимди айт!
Мөлдиреген сезимин ылайт,
Ол да азмаз ойласын мени?

Жаны таза дурыслы шайыр де,
Ҳақыйқатлық ушын сайыл де,
Не айтсаң да көнер, қайыл де,
Көрсет сөйтип сол қызға мени!

Жүрегиме өз исмин ойсын,
Жилўа-назы қыйнасын, сойсын.
Мәйли мени сүймей-ақ қойсын,
Мақта бирақ, сол қызға мени!?

Ашық екен, деп жүр ме бирақ,
Ондай дәрттен болғайман жырақ,
Көкирегим кем-кем ыдырап,
Неге ойлай беремен оны?

Қызықпаспан даңққа, атаққа
Достым, мени сонда да мақта.
Ҳүзиринде жүгинип саққа,
Арзым айтсам тыңлар ма мени?!



www.ziyouz.com kutubxonasi

# БУ, ДУНЬЯ...

*(Досберген Рановтың 50 жыллық яд етиў кешесинде оқылды).*

Батыр Ерназардай саўлатлы-сынлы,
Өмир жыршысының сазы бузылды.
Әўелҳа әйш-әширет, ақыйры мунлы,
Тегис емес, ой ҳәм дөң дур бу дүнья.

Кимге қымбат, кимге бир қара пуллық,
Кимде ҳүкимдарлық, кимлерге қуллық.
Кимге бир мезгиллик, кимге жүз жыллық,
Ҳәм узақ, ҳәм қысқа жол дур бу дүнья.

Дәртсизлер ҳәмийше кеўли тоқ екен,
Ҳәр бир дем санаўлы алтын сөк екен.
Әлемде әжелдей залым жоқ екен,
Жақсыға паянсыз екен бу дүнья.

Бул бир гилем—ҳәр ким түрлише тоқыр,
Бул бир китап—ҳәр ким өзинше оқыр,
Бир көзи—шам-шырақ, бир көзи—соқыр,
Кимге—шөл, кимлерә—көл дур бу дүнья.

Өмир ойынында Ҳақлық утылмас,
Мәрт берген ықырар-лебиз жутылмас.
Инсан, инсан екен ҳеш ўақ қутылмас,
Аманат, —деген бир жүктең бу дүнья.

Буннан жүз мың өмир, жүз мың көш өткен,
Кимлер жасап өткен, кимлер бос өткен.
Досбергенди өзине шын дос еткен,
Соңыра қаст-ғәрезин тиккен бу дүнья.

Отың өшсе үрлер қостарың болғай,
Зүрияд, —деген кеўил хошларың болғай.
Яранлар, дос киби досларың болғай,
Мийрим-мириўбетке ел дур бу дүнья.

Бу өмир журтында қыйлы жоллар бар,
Әрмана созылып талған қоллар бар,
Сайрай алмай кеткен серхош тиллер бар,
Көз ашып-жумғанға тең дур бу дүнья!

*4-октябрь. 1991-жыл.*



www.ziyouz.com kutubxonasi

## ДОС БОЛЫЎ ҲӘММЕНИҢ ҚОЛЫНАН КЕЛМЕС

Қаймығыўды билмес жәўҳардың жүзи,
Темир тыйықлардың қалтырар дизи,
Сайрам-сайрам болып қалғандай изи,
Мәрт болыў ҳәммениң қолынан келмес.

Бул ушын ең ағла сезимлер керек,
Өзгеде жоқ тақат-төзимлер керек,
Көзлерге жас алып езилмек керек,
Яр болыў ҳәммениң қолынан келмес.

Аўыр кешер оның жоллары жүдә,
Арзыр дейди жанды әйлеўге пидә,
Өзи қолламаса бир қәдир қуда,
Дос болыў ҳәммениң қолынан келмес!

## ТА, АДАМ—АТАДАН ХАЛҚЫМНЫҢ ЖАСЫ

Әўел-ҳа көгерген жериң Хорезм,
Тек Аллатааладан екен ғәрезиң,
Не урыспақ-турыспаққа бар единң,
Даналар, батырлар балаң болыпты.

Талай қырқ жигити талай мың болған,
Әттең... мың болса да соңыра жым болған,
Өмириниң жарпы тәшўиш-муң болған,
Шадлық—дөңбекшиген самал болыпты.

Қылышының кегилмеген жери жоқ,
Саўытының сөгилмеген жери жоқ,
Көкси қалқан етилмеген жери жоқ,
Гириси оқ толы кәман болыпты.

Дүнья басланғаннан берли бар ел бул,
Шаҳ липаслы өтмишине зар ел бул
Аўыр қайғы жүгин тартқан нар ел бул,
Жаўды жайпағандай шамаң болыпты.

Әмиў, Арал тәбияттан сый десер,
Мүшкил түскен жерде қандай күй десер,
Ақ отаўын бүгин қара үй десер,
Кеўил жургымыз көп талан болыпты.



www.ziyouz.com kutubxonasi

Өтмиш-кешмиш суўын етикшең кешкен,
Даўыл дүбелейде көп жанып-өшкен,
Көп жерден дуз татқан, көп қонып-көшкен,
Тек те исми-жисми аман болыпты.

Ағалар, шынжырма-шынжыр тәрийпим,
Заманым сөйлерлер ўатан тәрийпин,
Қарақалпақ—дүнья турғанша турсын,
Ығбал-бахыт нурлы сағам болыпты.

Әўел-ҳа бар еткен қәдир кудасы,
Та, Адам—Атадан халқымның жасы,
Ҳаўа—Ене туўған арғы анасы,
Оннан берли не-не заман болыпты.

*Апрель, 1994-жыл.*

## АНАЖАНЫМ, ӘМЎИ—АРАЛЫМ!..

(*Толғаў*)

*Тәбиятта туўылып-ержетиў ҳәм қартайыў тек адамларға, дарақларға, гүллерге, жанлы-жәниўарларға ғана тийисли емес қусаған. Сонда, бул нәрсе, бул қубылыс асқар-асқар таўларға да, бизиң дәрьямыз бенен теңизимизге де тән болғаны ма?*

*Он-он бес перзентти жалғыз өзи-ақ тәрбиялап өсирген соңыра кекселик жеңген Ананың сонша ул-қызлары турып әмеңгерсиз қалғаны сыяқлы не-не ўақытлардан берли қанша-қанша әўладларды тәрбиялап кәмалға кетирген Аралымыздың басына да усындай саўда түсип тур, Ол, тәбият меҳрине, ол инсан меҳрине зар. Ол бизлердиң кәдирдан Анамыз, бурын жасап өткен ата-бабаларымыздың да Анасы. Келешекте де келеси дүркин-дүркин әўладлардың да Анасы болып қалмағы зәрүр!?*

Сескенгендей кейин шегинип,
Иштен күйип, кеўли егилип,
Әрманлары қум боп төгилип...
Арал, неге қашып баратыр?
Айдын болған бул қумлар асты,
Талай суўлар толқынлап-тасты,
Тәбияттың бар қандай қасты,
Арал, кимнен қашып баратыр?
Суў емес, қум кем-кем жемирип...
Түсиниксиз, тәшўиш өмири.



www.ziyouz.com kutubxonasi

Жәрдем сорап, шығып себили,
Жанған көксин ашып баратыр.
Енди неге қайтар ма суўлар?
Қорқыныщта балықлар, қуўлар.
Ыс-ысс!.. еткен Әйдарҳа қумлар,
Не күнлерге шатып баратыр?
Ғазлар ушар табалмай көлди,
Көрер, көлди тықсырған шөлди,
Дәртте, дағда қалдырып елди,
Бизди ҳайран етип баратыр.
„Адамлардың кетти!..“ деп пейли,
Қалған шығар ямаса зейни,
Не көргилик... не болмақ кейни,
Арал, бизден қашып баратыр?!

*Суў теген. Суўдан да арзан, суўдай түўесилмес, суўдай бийесап. Бул не гәп? Ҳәзир әжептәўир болып еситилетуғын усы сөзлерге бурын ким дурыслы итибар бергенди дейсиз? Расында да бизиң нәзеримизде суўдан көп нәрсе жоқтай, суў ҳеш азайып, ҳеш-ҳеш таўсылмайтуғындай еди ғой.*

*Әмиў—Арал! Олар туўылған жеримиздиң қос шамшырағы. Усы үмитли мөлдиреген көзлерде енди, тәшўишли муң излери. Бул көзлерди қайғы перделемегей? Оны аман сақлап қалыў ушын не қылсақ, не шара тапсақ екен? Тасқын жүрек сезимлеримиздиң барлық сағаларын оған бурып, барлық салаларын оған ағызып қуйдырайық! Усы көзлердиң кирпиклерине айланайық!?*

—„Ҳақыйқатлық қайтты өзине!“
Як, ол қулақ аспас сөзиңе.
Айланса егер, шадлы гезиңе
Шертер едик алғыс намасын!
„Тоғайларды алып қойды деп,
Ғам-қайғыға салып қойды деп,
Жағаларым қалып қойды“ деп,
Қум ишинде батып баратыр!
Дурысын жаңа айтып келемиз,
Не алдық?
Бәрин қайтып беремиз!
Қуламаса болар өремиз,
Жылап елдиң бала-шағасы!
...Болса да ол өлеси ғарры,
Кеўилиниң кеткен қарары,
„Көшкен журтта қалса мазары?..“
Арал, неге қашып баратыр!“



www.ziyouz.com kutubxonasi

Тартылғаны гәп пе, Аралдың?
Өмир заңы: өлиў, жаралыў...
Яқ. Теңизим!..
Кет пе, қарағым?
Дәмиң кем-кем татып баратыр!

*Бүгинги күни суўдан қәдирли, суўдан қымбатлырақ нәрсе жоқ. Бүгинги күни суўдың жуўапкершилигинен асқан жуўапкершилик жоқ. Бүгинги күни бурын бийҳуўда сарп етилген суўлардың кийесине ушырап атырмыз. Тәбият пенен, дәрья ҳәм теңиз бенен есапласыў кереклигин енди-енди түсинип жеткендеймиз. Арал жәбир-жапалар шеңгекте. Ол мисли бала-шағасының несийбесин кисәпкырға алдырып қойған базаршыға уқсайды. Инсабы болса қайтып бермеспекен, мениң ғәрип ҳалымды билмеспекен деп көзлери жасаўрап, әтирапына жаўтаңлап қарай-қарай кетип баратырған сыяқлы.*

Нөкис, ҳәр күн кеңес қурады,
Мәскеў, Ташкент бас қатырады,
Ойында бир саўал турады:
„Арал, неге қашып баратыр?!"
Дослар жасар бир-бирин сүйип,
Қолын созар Алма-Ата, Киев
Баку, Минск сөйлер күйинип:
„Арал, неге қашып баратыр?"
Каспийдиң дым кеткен тынышы,
Қәсте жатыр жалғыз иниси,
Аўырласып кем-кем тынысы,
Жүзинен нур тайып баратыр!

*Неге бундай? Ол қалай гене усындай аўыр аўҳалға гириптар болып қалды? Буның айыпкерлери бар ма? Буның ушын кимлерди гүналап, кимлерди жазаға тартыў керек? Билмедик!..*

*Аралдың суўының азайыўы-араны тоңыртқадай ашылған кимселердиң ашқарақлығынан. Әмиўдәрьямыздың суўларын симирип атырған, аяғымыз астынан кеткен бул оқпанлар қаяқларға барып қуйды екен? Олар, түпсиз-түңғыйық тойымсыз қулқынлар менен тутасқан. Бүгин, сол оқпанлардан кеткен жыққынлар байланды ма? Қулқынларға тарнаў қойылып, бекемленди ме? Бөгет басылмады ма? Тоңыртқадай тойымсыз кегирдеклер пителсе, тырын тығылса ғана Әмиўимиз қайтадан толып-тасып, Аралымыз таслап кеткен жағаларына қайтып өз қәддин алыўы мүмкин. Болмаса, тәбияттан қаншама жалынып-жалбарынып сорансаң да оның бергендей жәрдеми жоқ.*



www.ziyouz.com kutubxonasi

*Теңизге тийисли суўға қылаплық еткенди қашан қоярмыз енди? Оннан алғанларымызды қашан қайтарып берер екенбиз? Теңиздиң обал-саўабы, оған төлейтуғын қарызларымыз мойнымызда кетпесин?! Киси ҳақы болмасын!*

„Әмиў“ —аты көп түскен хатқа,
Куштар едик ноқғаламаққа,
Мегзер бүгин бир жуўас Атқа,
Ким минсе де көнип баратыр!
Арналардың тосаң ағысы,
Боз жерлердиң өшип нағысы,
Набыт болып көллер қамысы,
Қум теңизи алып баратыр.
Гүл көгерген жерлерди не бир,
Күннен-күнге қысыўда кебир,
Миз бақпайды биреўлер темир,
Ал, биразлар жанып баратыр!
Ойлай ма тек оны балықлар?
Жан гүйзелтер бәрше халықлар,
Не болса да дәртке шалыққан,
Бул дәрт кем-кем батып баратыр.
Төбелерден, сайлардан асып,
Гә қәд тиклеп, гәде қуласып,
Толқынлары шуўлап жыласып,
Әйўан-жәйўан болып баратыр!
Мәнзилине жетеалмай талған,
Үзик-жулық адасқан кәрўан,
Балықлардай қырғақта қалған, —
Кемелери өлип баратыр!
Заман шаңы бунда жуўылып,
Қайғы талай кери қуўылып,
Неше әўлад өскен туўылып, —
Таслап барар енди жағасын!
Диңке қурып, көзлер алақлап
Барғанында мунлылар ҳақлап,
Қалып еди ашлықтан сақлап,
Қамыс қақыра болып панасы.
Халықлар ушын ис етти ме аз?
Берди аўқат, болды қосық-саз,
Енди өзи жәрдемге мүтәж,
Изине көз сатып баратыр!

*Перзент болғаннан кейин неге енди, әзиз Анажанымызды әдиўлеп-ардақламасқа! Ақыры, ол Ана ғой! Тәбияттың*



www.ziyouz.com kutubxonasi

*тиришилиги бәҳәрден басланғаны сыяқлы, инсанлар өмири де Анадан басланады. Усындай исми муқаддес меҳирбанларымызды теберíктей қәстерлеп, неге улығламас екенбиз?*

*Тәбияттың анасы Қуяш. Ал, нәўбәҳәр менен дәрьялар тәбияттың ең илҳамшы қосықшылары. Бизлер де, аналарымызға арнап көўиллеримизде бәҳәр киби гүллер көгертип, елимизге-жеримизге нур бериўши, суў бериўши дәрьялардай хызмет ете алсақ қәне еди?!*

Арал—жерди жасартқан теңиз,
Әмиў-Сырға—ол нәзәлим қыз.
Ғошшақ ерлер таласқан жулдыз, —
Көз алдында ағып баратыр.
Еди олар әзелден ашық,
Муҳаббаты толқынлап-тасып,
Булар ынтық, сәўер яр қашып,
Жүреклерин жағып баратыр.
Еки бирдей дилбар жигитти,
Сол қыз бүгин зарығып күтти,
Арыў Арал жасар үмитли,
Әрман қанат қағып баратыр.
Тәгдир жолын түрлише салса,
Сазын муңлы намаға шалса,
Айралықта, ҳәр журтта қалса,
Қыйыса алмай бағып баратыр!

й

*Әмиўдиң илҳамлы ағыслары жасыл тоғайларды, жазық далаларды, сулыў шырайлы жағысларын изде қалдырып, ҳәтте таўларды-тасларды кесип өтип бизге сондай асығысар еди... Олардың асығыслығы—Ананың перзентине, перзенттиң анасына, туўылған жерине сағынышындай. Олардың асығыслығы—сәўер ярдың ашығына, жыл қусларының жыллы диярларға асыққанына мегзер еди.*

*Әмиўдәрьямыздан—суў емес, әжайып өмир, әжайып нур, йошлы жыр ағар еди. Әмиўдәрьямызда көпшилик аңлап қәдирине жете бермейтуғын ерке толқынлар көрининдеги ырбал-бахтымыз толып-тасар еди. Оның асаўлығы да, еткен тентекшиликлери де өзине сондай жарасықлы еди. Мәйли, оның қандай еркелиги болса да ҳеш қабақ шытпастан көтерер едик-аў!..*

Муҳаббатты, елди ардақлап,
Болыўы шәрт ҳәр жигит—Фарҳад!
Бар нәрсени-әм билмесек сақлап,
Теңиз гийне етип баратыр!
Дәрьқар бүгин таў-тасты шаппақ.
Қәйткенде де суў көзин таппақ!



www.ziyouz.com kutubxonasi

Барлық әрман, сезимлер аппақ, —
Аралға ерип кетип баратыр!
Қайырқомлық етер халықлар,
Басгеneңди көтер жабықпай,
Қырға шығып қалған „балықлар"
Кемелериң қақсын қалашын!
Әмиў, теңиз суўларын ылайт,
Арал, Арал!
Қайт изиңе, қайт!?
Шадыл-қоррам қосығыңды айт,
Ығбал-дәўлет күлип қарасын!
Шыпа бағыш суўға толарсаң,
Тәғдир оғы тийген жаралым!
Инсанлар бар, —сен де боларсаң,
Анажаным, Әмиў—Аралым!..

*Тобарсыған ериилери қақ-қақ жарылып кеткен кебирлер толассыз дөңбекшиўде. Ағыслы арналар оның дәртине дәрман болыўға ниятынғандай сезинеди. Оның бирес ыңырсып, сыбырланып „Суў, суў, суўу!! Суў, суўў, суўў..." деген ҳәлсиз даўысы талып-талып еситилсе ое жүректи жарып жиберетуғындай ләрземге түсиреди.*

*Ағашлар, көк гиялар аспаннан нәзерин үзбейди. Көшип баратырған бултлардан жаңбыр жаўдырып кетиўди жалынып-жалбарынып сорапады. Ләблерин тосып, көкиреклерин ашып көкке қол созады: „Суў, суўў!".. —дейди. „Суў, суўў! Суўў..."*

*Егер де, Әмиў—Арал жағалаўларындағы барлық жанлы-жансыз нәрселерге тил пите қойса, зибан ене қойса „Суў, суў, сссуўу!!!" деген жалынышлы сөзлер, олардың көпшилигиниң соңғы тилеги, соңғы лебиз, соңғы сөзлери пүткил дүньяны ләрземге келтирип жаңғырар еди. Аўа, теңиз бийтақат, теңиз суў сорапады!*

*...Суў, суў!..- Суў..суў, суў! Суўў.. Әне, Аралдың сыбырланып, жүрегиниң түпкир-түпкиринен шыққан толғаўын еситип атырсыз ба? Ол, бизлерден узақласқан сайын даўысы кем-кемнен жақыннан еситилмекте, жан дүньямызда туўлаған, шуўлаған сезим толқынларын пайда етпекте! Суў, суў! Суў!.. Суў, суўў!.. Суўў...*

*Март, 1987-жыл.*



www.ziyouz.com kutubxonasi

## ЖҮР ЕКЕНСЕҢ СЕН ҚАНДАЙ БОЛЫП?..

Дуз-несийбең қайда шашылған,
Жүр екенсең сен қандай болып?..
Бир гезлери атып едиң ғой,
Өмиримде тап таңдай болып!

Кеўлим толқып еслеймсн еле,
Нурлы күлкиң, ерке назыңды.
Өмириңниң дәптерлерине,
Соннан берли нелер жазылды?

Келин болып түскен есиктен,
Толықсып бир өткен шығарсаң.
Кеўлиң бәҳәр, әбден ашылсып,
Гүлдей жайнап кеткен шығарсаң?

Қандай болып жүр екенсең сен,
Өз бахтыңды тапқансаң, бәлким?
Жаз күнлерим аз қалған мениң,
Гүз күнлерим басланар салқын.

Сезилесең гей ўақытларда,—
Көкирегимде тап жандай болып.
Жан дүньямның көк жийегинде,—
Булдырайсаң ақ таңдай болып!

## ЖУРНАЛИСТ

Әрман ҳәм жақсылық жағысы гезгени,
Инсан жан дүньясын жылытар көзлери,
Оқ өтпес қорғанды алады сөзлери,
Ўәлийге тәқаббил көреген журналист!

Арыўда не сән бар айна ҳәм тарақсыз,
Жигитте айбат жоқ атсыз ҳәм жарақсыз,
Сизлер халық кеўлисиз, сизлер ақ парақсыз,
Жигерли, ержүрек, жаўынгер журналист!

Көксинде сезимлер аталмыш бийик шың,
Ўатан отаўында бири зер уўықтың,
Дүньяда аз емес, тәшўишлер, күйик-муң,
Елиниң-журтының ығбалы журналист!



www.ziyouz.com kutubxonasi

Шадлықтан, тәшўиштен өзине сыймайды,
Келешек бахты ушын жанларын қыйнайды,
Мүлк-дәске топламас, жыйса сөз жыйнайды,
Жайдары, халқының байрағы журналист!

Отсызға шоқ үрлер, ғаўғаны тыныштлар,
Хат-қағазлар алған ақыллар-ҳуўышлар,
Қәлеми алдында диз шөгер қылыштлар,
Жаңалық жаршысы гүресшең журналист!

Тайсалмай сөз айтып, сын берер дүзимге,
Замана келбети қубылар жүзинде,
Қуўатлап-қоллаған халқы бар изинде,
Ең әдил ҳәм дәдил мәрдана журналист!

*Апрель, 1994-жыл.*

## МУҲАББАТ ШАМ ЖАҚТЫ ЖҮРЕГИМИЗГЕ

Биз, санаўлы демлер жасадық бирге,
Бахытлы жасадық...шадлықтан талып.
Муҳаббат шам жақты жүрегимизге,
Кеўиллерди әбден көрермиз анық.

Сенин көзлериңе айланды дүнья,
Сениң менен бирге басланды өмир.
Жанларымыз бирге жасай баслады,
Лекин, тәнлеримиз болалмады бир!

Тек сезимлер менен аймалап сени,
Көкирегим маўқын басарман аз-маз.
Жасадық: жүректи, жүрекке берип,
Кеўиллер, кеўилге етисти пәрўаз.

Сол демлер...
Жылларға бергисиз демлер,
Оң түўе түсимде мың-мың лоланды.
Талай күндизлерим кеўлимнен өшип,
Сол түн, түн болса да ядымда қалды.

Соннан бери дилгир жолларымызға,
Қолларын созады қолларымызға,
Мегзеп, гә өшип, гә жанған жулдызға,
Бизлерди зарығып күтпек те,— Әрман!



www.ziyouz.com kutubxonasi

## ТАЗА ЖЫЛ, ҲАҚ ТИЛЕК ТИЛЕП КЕЛ ЕНДИ!

Жасы үлкен жыллардан алып пәгия,
Халық қәлеген жолдан ҳеш баспай қыя,
Мүбәрек жамалың таратып зия,
Таза жыл, ҳақ тилек тилеп кел енди!

Дәлүў-он бир айды ертип изине,
Ҳүт—күш-қуўат жыйып талған дизине,
Ҳәмалдың—нур ойнап жарқын жүзинде,
Қыс тонын ийнинен шешер ел енди.

Сәўир, Жаўза—еки сулыў нәзәлим,
Саратан, Ҳәсет—қуштар қурыўға бәзим,
Сүмбиледе—қызып күнде базарың,
Бәҳәрия—*Жазға берер қол енди.*

Мийзан—Тәбиятқа, Көкке сыйынып,
Ақырап—телеклерге дән боп қуйылып,
Қаўыс—қызғыш, сарғыш нурға кийинип,
Гүзде қорқыгады жамғыр-сел енди.

Жедди—бир жылдың бар тапқанын түйип,
Қәтиржәмлик пенен *ишип ҳәм кийип,*
Өмир бостанында сүйилип, сүйип
Ўақыт тулпарына берер жол енди.

Қолға қәлем тутқан серхош шайырлар,
Елинен шетлесе баўыры қайырлар,
Басшылар, шешенлер, мәртлер, арыўлар,
Халық пенен тәшўиш тарт, бирге күл енди.

Кеўлиң бәлент болсын, сынбасын сағың,
Төрт мәўсим—кәмалға жеткизер бағын,
Он еки ай қоныўға келген қонағым,
Қутлы қәдемиңе питсин гүл енди.

Бурынғы кәтқуда жылларға уса,
Нәкаслық жол таслап кетпесиң туса,
Сеннен шетлеп өтсин *тәшўиш, ғам-ғусса,*
Тек жақсы сөзлерди тилге ал енди!



www.ziyouz.com kutubxonasi

Әрман қапылары қалмасын илик,
Кеўил көзгилери болмасын сынық,
Тоқшылыққа уйытқы-аўызбиршилик,
Татыў-татлы турмыс шийрин-пал енди.

Рәң-бәрең төрт пасыл, үш жүз алпыс күн,
Бирге ат сабылтып, қолласар жүгиң,
Кирисиң көп болсын, аз болсын шығын,
Мәртлик кәмарыны буўсын бел енди!

Жыллар тарийхында қалсын тәрийпиң,
Күнлериң қуўаныш пенен қарылсын,
Ҳәр демиң—нур шашқан алтын қаўырсын.
Ҳақ нәзери түскен бол бир жыл енди!...

*27-декабрь, 1993-жыл.*

## МЕНИҢ ҲАЯЛЫМНАН ЖАҚСЫ ҲАЯЛ ЖОҚ...

Қәйдем, қаяқларға әкетер ағыс,
*Қайсы бағлар гүлин әйлейди бағыш?*
Батып-шүмип, соңыра мен шығар жағыс,—
Мениң ҳаялымнан жақсы ҳаял жоқ.

Қыз ҳәм жаўанларды тәрийплер жырым,
*Бираз қосықларым паш етер сырым,*
Жүрегиме қуйған муҳаббат жырын,
Мениң ҳаялымдай жақсы ҳаял жоқ.

Жаслық гүлин қашшан терип қойыпты,
*Бахтын маған қосып өрип қойыпты,*
Ул-қызларды туўып берип қойыпты,
Мениң ҳаялымнан жақсы ҳаял жоқ.

Келин боп еңкейип түскен иргени,
Меннен бетер аңсап, айтып жүргени,
Қатырма көйлеги көкирек бүрмели,
Мениң ҳаялымдай жақсы ҳаял жоқ.

Кеўиллер—қостарсыз табар ма қарар,
*Өмир жолларында* жанымда барар,
Қап қолласыў ушын күниме жарар,
Мениң ҳаялымнан жақсы ҳаял жоқ.



www.ziyouz.com kutubxonasi

Сулыўлар, шайырын қойсын кеширип,
Жүрек-исмлерин сызды, өшири.
Басқаларды „яр" дегеним өтирик,
Мениң ҳаялымнан жақсы ҳаял жоқ!

*Июнь, 1993-жыл.*

## ҲӘЗИРЕТИ ДИЙХАН ТӘРИЙПИ

Дийханым, мубәрек, шадлық қырманың,
Қырманнан да бәлент арзыў-әрманың.
Бүгин бүлбилгөя жүрек тарларың,
Кеўил қусың ушар гүлден-гүллерге.

Илаҳийда нурлы нәзерде баққан,
Елим қоллаў тапқан әўел-ҳа Ҳақтан,
Хош хабар дүлдили Қарақалпақтан,
Бүгин шабыс әйлер елден-еллерге.

Ғәрезсизлик туўы қолға тийипти,
Маңлайын күн қағып, ығбал сүйипти,
Тәбият мириўбет нурын қуйыпты,
Жақсылық көгерер изден-излерге.

Әмиў—даққыллар ҳәм бағлар Парнасы,
Бар нешше саласы, қанша арнасы,
Пахта арна, Қылышбай, Қуўаныш Жармасы,
Шәменлер орнатар дүзден-дүзлерге.

Дийхан—тек, жерине артады үмит,
Алтындай сомланған ҳәр дана шигит,
Тәбият! Қаст ет пе, кеўилиң жибит,
Күш-қуўат дарытын белден-беллерге!

Халық тилек тилейди; жаўмай тур, Жаўын,
Бултларды Қызылға алып кет Даўыл,
Пахтаға ләм тийсе аўырар Аўыл,
Ақ мамық шыдамас селден-селлерге...

Дәслеп Тахтакөпир бәйгиден өтти,
Еллик еле тың екенин көрсетти,

---

*Өзбекстан телевидениесиниң Қарақалпақстан Республикасы пахтакешлери мийнет жеңисине арналған көрсетиўде оқылды. (Х. Д)*

Тулпар атларының дүбири жетти,
Төрткүл даңғаралы тилден-тиллерге.

Бүгин сөз қозғалмас—тәшўиштен, дәрттен,
Тек, ерлик, жақсылық күтилер мәрттен,
Шығып шәртханада етилген шәрттен,
Әмиўдәрья атлар жүзден-жүзлерге.

Үстирт, Қызылқумда төрт түлик малы,
Тоқшылық исмидур-бийдайыў-шалы,
Мол миййўалы дарақ кешеги нәли,
Бағлар нәзер алар шөлден-шөллерге.

Соңы тоқсаныў-жүз, алды жүз елли,
Болыўға талабан дийханлар белли,
Мәртебе липасын кийген Хожели,
Нур үлесип турар көзден-көзлерге.

Халықтың жасаўраған көзиндей Мойнақ,
Арал дийдарына болар ма тоймақ?
Шеберлер қолында ийне ҳәм оймақ,
Жамаў-жасқаў излер көлден-көллерге...

Сақый топырақ ийип, бериўин-берген,
Зер тергенлер шадлық шашбаўын өрген,
Әл-Беруний өткен теберик жерден,
Алтын дияр мийрас ерден-ерлерге.

Тарылмағай Жер, Күн, Дәрьяның пейли,
Оларсыз—дүньяның не болар кейни?
Бозатаў, Қараөзек, Шымбай, Кегейли,
Мәр майдан қуўырлар демнен-демлерге.

Узақ ат сабылтып, узақ шаўыпты,
Қанлыкөл келешек гилтин таўыпты,
Қала халқы далаларға аўыпты,
Кемелери жүзип өрден-өрлерге.

Жүз асырым деген емесдур оңай,
Тек, асырым емес, байлық-аў нобай,
Ат басын жаздырып келер Шоманай,
Бас байрақ тийисер кемнен-кемлерге.



www.ziyouz.com kutubxonasi

Бойын жигер кернеп булқыр Қоңырат,
Ҳадал мийнетинен көрерлер ирәт,
Нөкис—дәстурханға етеди мирәт,
Мәрт дийхан мәрҳамат, төрден-төрлерге!

Жүз алпыс хожалық, Он бес район.
Үлес қосқанлығын айтыў сирә жөн.
Үш жүз *он төрт мыңның күн көксин* сүйген,
Әлҳәббиз!.. Тәсийнлер!.. Бизден—сизлерге!

Ҳәзирети дийханды жырлап қәлемим,
Сайран-сәйир етер қосық әлемин,
Қырманлар қуп алып пахта сәлемин;—
Байрамлап жеткейсиз гүзден-гүзлерге!

*11-ноябрь, 1993-жыл.*

## ӘРМАН—ҒУМШАЛАҒАН ПАСЫЛДА

*(З.....ға)*

Гүл ашып жайнапсаң жаслық бағында,
Жаныпсаң айралық—қостар дағында,
Әйне, тап уўылжып пискен шағында,
Шәмениң тәрк әйлеп ушқан бүлбилиң.

Өзиңди айнаға салып қарағыл;
Түйилген шашыңды жазып, тарағыл.
Өмириң алдында еле қарағым,
Он гүлиңнен үзилген тек,бир гүлиң.

Күн батпас, күн батса атпас таңларың,
Сарсылсаң сырқырар пүткил жан-тәниң.
Тасқа салып сындыр қайғы қанжарын,
Қой аш, кеўилиңниң әрман түңлигин.

Сезим қусларыңды алдыр ма дәртке,
Гүл киби жүзиңди сал ма намәртке,
Мен тилеклес болып жасаўым шәрттей,
Бахтың қол усынар саған бир күни.

Әрман—ғумшалаған гүллеў паслында,
Өз ҳәремиң, өз бағыңа қас қылма,



www.ziyouz.com kutubxonasi

Қурғамағы керек көзде жастың да,
Тәғдирге мой берсең етер билдигин.

Әй, сен қумыры қус жойытқан жубайын,
Шадлығың жолында сары уўайым,
Кеўлиң дағын—қалай, қәйтип жуўайын?..
Мәйли, қәттий нәзер, саған кимлигим!..

Көзи жаўтанлаған үркек кийигим,
Әрман таўы болсын шыққан бийигиң,
Садық ийеси бол Өмир үйиниң,
Ғумшалап, дүр шашсын ығбалың гүли!?

*Июль, 1989-ж.*

## СЕН ҲАҚҚЫНДА ЖАЗЫЛМАҒАН ҚОСЫҚ

Көкирегимниң аспан төринде,
Пайда болды бир жарық жулдыз.
Ол сен—көзи күлимлеген қыз,
Ол өзиңе айтылмаған қосық.

Жүрегимде от болып жанар,
Мүмкин, бәрҳә муз болып қалар,
Жан дүньямды ләрземге салар,
Сен ҳаққында жазылмаған қосық.

Саған сөзим қалай жетеди,
Бул сөз мени қыйнап өтеди,
Өзиң киби көп зар етеди,
Әрманыма айланған қосық.

Жақсы болса еди өзиңдей,
Шийрин болса еди сөзиңдей,
Жайнап турса еди көзиңдей...
Сен ҳаққында айтылмаған қосық.

Қыялымда булақтай ағып,
Көкирегиме бир түйме тағып,
Баратырған тек қыя бағып,
Сыңғырлаған сен гөззал қосық.



www.ziyouz.com kutubxonasi

Аппақ қағазларға толса еди,
Әнўар шашларыңдай болса еди,
Мендей ашығың боп қалса еди,
Сен ҳаққында жазылмаған қосық!

*Март, 1987-жыл.*

## АЎЫЛҒА ҚАЙТЫЎҒА БАЯҒЫ ҚЫЗ ЖОҚ...

Аўылға қайтыўға баяғы қыз жоқ,
Он төрт күнлик Ай жоқ, жарық жулдыз жоқ...
Қәдирин билдим бе ығбал-бахытының,
Енди, ол қыз туўс бир салым дуз жоқ.

Қәлермен, балалық етпейди қабыл,
Хош көрер ме,және ылайтсақ жабын?
*Кәмилипти ўақыт шаңына қашшан,*
Бизди есиркемес қаксам да дабыл.

Жаслыққа қайтыўға жоллар жеткизбес.
Тәғдир не айта да еки еткизбес,
*Аржағы—налышлы бүлбиллер гүзи,*
Кирген есиклерим изге өткизбес.

Ийесиз журтымдай көңили-күйим,
Онда жоқ ата-анам, туўылған үйим...
Өмир ерис жибим тартылған буннан,
Бирақ, көп жеринен түйилген түйин.

Жаз паслы *жырақлар—гүллер сайланбас...*
Кеўлимде ышқыдан дәсте байланбас.
Муҳаббат туўралы жазарман сийрек,
Қызларды мақтаўға тилим айланбас.

Досларға айтыўға таўсылды сөзим...
Өзимниң ишимде адастым өзим.
Тилим басқа сөйлер, кеўилим басқа,
Мен сабырыў-тақатқа қапланған төзим.

Аўылға қайтыўға баяғы қыз жоқ,
Ол қыз түўе бизге бир салым дуз жоқ...
Сораңлап жар салдым өткен күнлерге,—
Жүрегимнен басқа ҳеш жерде из жоқ!..

***12-февраль, 1992-жыл.***



www.ziyouz.com kutubxonasi

## СОҢҒЫ ҚОҢЫРАЎ

Бүгин кеўиллерде бир қыйлы ҳәўир,
Көзине жас алар балалық дәўир.
Дүньяда не аўыр-айралық аўыр,
Әлўидағ айтыўда соңғы қоңыраў.

Сағыныш гиясы ныш урар енди,
Өкиниш, жүрекке муш урар енди,
Бул уя қусларын ушырар енди,
Хошласыў қосығы соңғы қоңыраў.

Бир-бирин қыялмай көзлер жаўдырар,
Көкирек аңқылдап, сөзлер саўдырар,
Мектеп-босап қалардай боп ҳаўлығар,
Мисли, дабыл қағар соңғы қоңыраў.

Он жыллық парталар—алтын туғырым,
Қәдириңди биле-билдик пе бурын,
Кеўлимизге қуйып кетермиз жырың,
Ушыға қыйқымлы соңғы қоңыраў.

Жүреклер айналып серхош бүлбилге,
Бүгин ҳәмме нәрсе дөнгендей гүлге,
Ҳәтте тас еденлер киргендей тилге,
Күлдирер, бүлдирер соңғы қоңыраў.

Шақасы сан әлўан, бир жерде түби,
Бир бағдың гүлимиз, бир саздың жиби,
Әдиўли устазлар ҳаўазы киби,
Қәдирдан, теберик, соңғы қоңыраў.

Билим зәмзәмине толыдур кесем,
Артық болмас зибан бериўшим десем,
Ҳақ нәзерин салған мешит-медресем,
Тилек тилеп қалар соңғы қоңыраў.

Қәсийетли босаға, соқпақлар, жоллар,
Демеп, бағдар берген меҳирбан қоллар,
Бүгин майысыўда нарт шыбық таллар,
Тербеп, тебиренткен соңғы қоңыраў.



www.ziyouz.com kutubxonasi

Жанлап бер, жаңғырып, жарқыншақланып,
Ұран сал, әўладлар шықсын сапланып,
Бәрҳа қәлбимизде қалар сақланып,
Енди хош аллияр соңғы қоңыраў!..

## СУЎҒА БАРҒАН ҚЫЗ

Жол бойында қатара таллар,
Желпип ойнар ерке самаллар,
Жейран жүрис пенен жананлар,—
Қара да тур өткен гезлери.

Сәрҳаўызға келип ийилип,
Суў аларсаң көзиң сүзилип,
Жасқа излеп келген сен кийик,
Жаўтаңласып турған көзлери.

Шекеринде суўың шайпалмас,
Қәдем басқанларың байқалмас,
Кесип түсер нәзериң алмас,
Гыжлап турған шоқтай ләблериң.

Көкиреклер қушақ жайысып,
Сезимлерге қалар байысып,
Қыпша белиң кем-кем майысып,
Талып-талып келер қолларың.

Булкил қағар аппақ тамағың,
Келе берер саған қарағым.
Ҳәр басылған сайын аяғың,
Сүйип-сүйип қалар жолларың.

Гүл-гүл дөнип барар жүзлериң,
Қыйын болды нәзер үзбегим,
Жүрегимде қалған излериң...
Сени ойлап атар таңларым!

*Октябрь, 1986-жыл.*



www.ziyouz.com kutubxonasi

## СҮРЕН

Биз бәрине шыдай беремиз,
Шыдап болмас нәрселерге де!..
Писип турған егинимизди,
Падалылар жайпап кетсе де!
*Көкиректе-шадлық, бир жағы*
Қатпар-қатпар жас тамышысы.
Қайғы жаўлап шадлығымызды,
Шыңқыртса да дәрт қамышысы.
Жығылсақ та қайтадан турып,
Басымызды кем-кем туқырып,
Биз, бәрине шыдай беремиз!

Өте алмаймыз сөзден арыға,
„Өмир көши деймиз, дүзелер"..
Нәкаслықтың-қуршаңқы аттай,
Жал-қуйрығы қашан гүзелер?
Көп сүрнигип кетилген туяқ,
Талай талып, жаңылған жақпыз.
Шыпта үстинде дүньяға келген,
Қәнәәтшил қарақалпақпыз.
Көп нәрседе бармаймыз терең,
*Көзлер „көрмес", қулақлар „гереқ"...*
Биз бәрине шыдай беремиз!

Өз халымыз өзимиз бенен,
„Ийт ғайзайды таяғымызды".
*Пығл бузық намәхрем биреў,*
Азғырса да хаялымызды.
Умытық па, арды-намысты
Барымызды алғандай сыпып.
Қаяқтағы саяқ-сандырақ,
*Көшемизди жүрер „шаңғытып".*
Гей-гейде тап өмирден тойып...
Тисимизди-тисимизге қойып,
Биз, бәрибир шыдай беремиз.

*„Уўланбаған қалмапты ҳеш ким,*
Дуз ишинде болыппыз қақпаш.
Ҳалымыз дым аянышлымыш..."
Бундай гәп-сөз бизлерге жақпас.
Дузлы шаңғыт, көшпели қумлар,



www.ziyouz.com kutubxonasi

Халыққа тәшўиш урығын сепкен.
Ушып жүрип өлер шымшықлар,
Ал, биз бираз шыныққан, беккем!
„Сорамаймыз ҳешкимнен ақыл,
Бизге усылай жасаған мақул..."
Биз бәрине „шыдай" беремиз!

Арымызды арлар басқалар,
Бизиң ушын жаға жыртысып.
Кеўил деген торсық қалтамыз,
Кәпелимде қалар тыртысып.
Жаң ашырлық жақсы пазыйлет,
Терисине алар езлер көп.
Өзгелерди қаралаў аңсат,
Туўры сөзден, қыйсық сөзлер көп.
Өзимизше, ҳәмме де „ҳақпыз"
Көп жағдайда оннан жырақпыз,
Биз бәрине шыдай беремиз!

Әйтеўир бир жанжалбас болып,
Қашып жүрер қуты-анымыз.
Дизе берсек ҳәммесин жипке,
Уўайымнан атпас таңымыз.
Ғыйбат сөзлер ийттей ырылдап,
Жан алқымға алып қапса да,
Ахмақлықтың топыр балтасы,
Желкемизде шиңгирик шапса да,
Илажсызлық-кийилген „нокта",
Жанбақ түўе айланып шоққа...
Жәк, үн-түнсиз шыдай беремиз.

Кеўиллерде-не қыйлы қаллар,
Ишке бүкпей айтыўмыз керек!
Ҳақыйқаттан жүз үгиргенлер,
Туўры жолға қайтыўмыз керек!
Бозламасын жүрек генениз,
Қатыў керек, жыламаў керек.
Басқалардың таўларын аңсап,
Өз бийигиңнен қуламаў керек!
Халқына тил тийгизсе биреў...
Тап, қудайдан тапса да тиреў!
Мүмкин емес, шыдамаў керек!

*19-февраль. 1969-жыл.*



www.ziyouz.com kutubxonasi

## СОЛ ЯРА АЙТҚАЙСЫЗ!..

Ярға сағынышлы жүрек сәлемим,
Ойланып-толғанып жазар қәлемим.
Муҳаббат азабын неге кәледим,
Я ышқы тәңири ҳүким етти ме?

Бул,—сөзден буўылған бир гүл дәстеси,
Сарғыш бояў басым әрман кестеси,
Болғай ол да мендей сәўги қәстеси,
Кеўли, ышқы-үмит гүлин екти ме?

Сол қыздың жүреги бизди таныр ма,
Көп егелген жанын және жаныр ма,
Бурынғы жаныўлар сирә жаныў ма,
Ол да мени дийип қайғы шекти ме?

Күйгелек көзлери баққан сузиле,
Кеўлимниң тарлары үзиле-үзиле...
Қыялым делбедей ерип изине,
Бул жолдан қайтпаққа шамам жетти ме?

Таяўсыз көп ықтым ығбал салында,
Мәйли, жанайын деп урдым жалынға.
„Неге түсе берер қусым қалынға",
Изине қарайлап қыймай кетти де?

Бүгин, жаслық бағым сәл сарғыш дөнди,
Көкирегимди тасқын сезимлер көмди,
Онын дәрти менен жасайман енди...
„Жүреги кәлбине сыймай кетти де!"

*Июль, 1989-жыл.*

## СӘЛ ГЕНЕ ЖАСЫРАҚ БОЛАР МА ЕДИМ?!

Өзимди қараўыл қойып жолыңа,
Пәрмана боп шығып оңыў-солыңа.
Кус киби қондырсам деп-ем қолыма,
Сәл гене жасырақ болар ма едим?!

Сен—Күн...
Айғабағар болып қарар-ем,



www.ziyouz.com kutubxonasi

*Кирпиклерим менен шашың тарар-ем,*
Кәйткенде де хызметиңе жарар-ем,
*Сәл гене жасырақ болар ма едим?!*

Нетермен, *тап болған болсам шебиңнен,*
Поса бермесең де шийрин ләбиңнен,
Қалай нәзеримди үзермен сеннен?
Сәл гене жасырақ болар ма едим?!

Жүрер жолың, сөзиң, кеўилиң таза,
Жанды қыйнар сенлик бийлар биймаза.
Мен саған не қылдым? Бул қандай жаза?
Сәл гене жасырақ болар ма едим?!

Сезимлерим бираз езилген шығар,
Гунәкар ким? Бәри өзимнен шығар?
Яқ, барлық гәп сениң көзиңнен шығар?
Сәл гене жасырақ болар ма едим?!

Жақынлатса болар жастың арасын,
Мен де излеўдемен соның шарасын,
Қумар көзиң сүйип-күйип қарасын...
Сәл гене жасырақ болар ма едим?!

*Апрель, 1981-жыл.*

## ЖАҚСЫЛАРДАН ШАРАПАТ БОЛДЫ!

*Ая, дослар жырым баслайын,*
Шадлық терип, ығбал шашлайын,
*Шайырана айтып көз айдын,*
Кеўиллерге кәдем таслайын.

Бирлик—дийип жоллап хат-хабар,
Нөкисте жәм болды *патшалар,*
Туран—деген уллы айлаўда,
Түркистанлы ерлер ат шабар.

Темир жолың—ығбал-дәўлетиң,
Елим-журтым бақты әўметиң,
Халықлар ара, кеўиллер ара,
Қулаш жаяр дослық сәўбетиң.



www.ziyouz.com kutubxonasi

Келисимге койылды қоллар,
Жүз көрисер теңгелер, сомлар.
Мәнзиллерден баслар мәнзилге,
Әрман, үмит төселген жоллар.

Шықты кеўил жылкымыз таўға,
Алтын балық түскендей аўға.
Кәрўан тарткан жүйрик поездлар,
Халықлар ушын тең-тайсыз саўға.

Туркий тиллес пайтақ елимниң,
Талғаны бар талай белиниң,
Ем буйырып, тилек тилесер,
Бас ушында бийтап Көлимниң*.

Зер босаға жоллар ашылсын,
Сақый кеўил, қоллар ашылсын,
Алыс-берис дәрьяларының,
Сағалары молдан ашылсын!

Шегаралар алып тәмбини,
Басқыш қойды, сүйеп зәңгини.
Келер шапқыр „Арал“ поезды,
Алма Ата—Нөкис мәнзили.

Коныш-койны, әл-ҳасыл затлар,
Дәрья, тоғай, таўлардан атлар.
Халықты, халыққа дийдарластырып,
Кеўиллерден, кеўилге қатнар.

Бул елде көп аласат болды,
Соңыра ақыл-парасат болды,
Ҳақ нәзери түсип бул жерге,
Жақсылардан шарапат болды!

*24-январь, 1991-жыл.*

---

*Алма Ата—Нөкис мәнзили бойлап қатнайтуғын „Арал“ жолаушылар поездының биринши келиўиндеги салтанатта оқылды.*

---

* Бийтап көл—Арал теңизи нәзерде тутылып отыр. (*Х. Д.*)

## ОЛ ҲАҚҚЫНДА АЙТШЫ КӨБИРЕК!

Ол қызды мен билмеймен онша,
Еситпедим ҳәтте сөзлерин.
Қол алысып көрмедик еле,
Тек таныйман қара көзлерин.

Мен ҳаққында не ойда деўге,
Анықлап бир рет те көрмеген.
„Сүйиклим“ деп атайын десем,
Яр болыўға ўәде бермеген.

Жүрген жерде оны сорағлап,
Делбе болған бийшара жүрек.
Өтинишим, оған таныс қыз
Ол ҳаққында айтшы көбирек!

Тамылжыған қырмызы нурлар,
Толықсый ма алма жүзинде?
Ой-қыялым ерип жүргенин,
Билмейтуғын шығар изинде.

Ол ҳаққында сөзлер,
Кеўлимниң,—
Ашылмаған есигин ашар.
Оның менен қашан тиллесип,
Қолын услап көремен қашан?..

Көкирегиме қояйын жазып,
Ол ҳаққында не билесең, айт!
Усы йошлы музаңыз ушын,
Ҳақысына не тилесең, айт!?

Қалай қабыл алар екен ол,
Жүрегимди жиберсем берип...
Муҳаббатқа исенер еди-аў,
Ондағы өз сүўретин көрип!



www.ziyouz.com kutubxonasi

## ЖОРА, ӨНИП-ӨССИН ЕЛИ-ЖУРТЫҢЫЗ!

*(Дөстым Артықбайдың 40 жыллығына бағышлаў)*

Кем-кем қымбатлаўда Өмир нырқыңыз,
Ҳеш ўақ бузылмасын кеўил шыршыңыз,
Қырқ жыллық жоллардан келген тулпарың,
Қынаптағы қылыш киби қырқыңыз.

Жан дүньяң алтын-зер, гүмис сыртыңыз,
„Қос көл"ди симирген яңлы уртыңыз,
Қырқ жыл қанат қаққан ығбал сұңқарың,
Қырқ жыл қырғын көрген сақал-муртыңыз.

Жалғаныңнан басымлаў ма дурысыңыз,
Өмир гүреспекдур, қанбас қурышыңыз,
Көзиң майын жағып дәўран жолында,
Та, тамыщы қалмағанша сырқыңыз.

Алпамыстай алп тулғалы турқыңыз,
Жүрегиңде бар жигитлик қуртыңыз,
Қостарың, ул-қызың көзи қуңқарың,—
Жора, өнип-өссин ели-журтыңыз!

*Март, 1994-жыл.*

## „АЛАМОЙНАҚ" ИЙТКЕ АРЫЗ

"Аламойнақ" арзымды тыңла,
Қабағыңды ал ма қарс жаўып!
Усы үйдеги қумар көз қызға,
Келип қалдым аңсарым аўып.

Кетегиңе келмейди түским,
„Неткен уры-саяқ" деп жүр ме?
Ҳүкимдары өзиңсең тыстың,
Сыйласықлы болғайлы, үр ме!?

„Бир көрсем..." деп келип едим мен,
Қуўдың былай-былай қаратпай.
Күлим көз қыз түўе, ҳәтте сен,
Жүрисимди қалдың жаратпай.



www.ziyouz.com kutubxonasi

Болмаспеди маған „ың-жыңсыз"
Өз үйимде тыныш жаталсам...
Бийдәүлет деп билдиң шамасы,
Қызғаншақсаң, бунша қаталсаң!

"Аламойнақ" арзымды тыңла,
Абайсызда алмағыл қаўып!
Усы үйдеги қумар көз қызға,
Келип турман аңсарым аўып.

*9-ноябрь, 1986-жыл.*

## ҚОЛЫҢЫЗДАН КЕЛСЕ АШЫҚ БОП ЖАСАҢ!..

Дүнья—шадлықтан ҳәм муңнан ибарат,
Ығбал тағамыңа қатылмышдур дәрт.
Ҳәр қандай бәледен сақлар муҳаббат,
Егер, мүмкин болса ашық боп жасаң!

Бундай бийҳуўыш етер шарап жоқ бәлким,
Буннан сулыў айна-тарақ жоқ бәлким,
Оның азабындай азап жоқ бәлким,
Лекин, шыдап-төзип, ашық боп жасаң!

Өмир дарағыңа мийўа байлатар,
Ығбал бостанында бүлбил сайратар,
Илаҳий нур дарыр, жаның жайнатар
Ҳақ болғыңыз келсе ашық боп жасаң!

Биле тура басын саўдаға салған,
Ким мәсирген, кимлер ғаўғада қалған,
Бирақ, муҳаббаттан басқасы жалған,
Мәрт болғыңыз келсе ашық боп жасаң!

Дүңкилигиң дүзеп тегислер жоңғы,
Көп гүнаға батсаң болмассаң оңлы,
Туңғыш муҳаббат па ямаса соңғы,
Қолыңыздан келсе ашық боп жасаң!

Ышқы деп гүл емес тәниң төсеңиз,
Муҳаббатқа толсын кеўил кесеңиз,
Дүнья, ҳүр азада болсын десеңиз,
Дос болғыңыз келсе ашық боп жасаң!



www.ziyouz.com kutubxonasi

Өз қәлеўиң менен болмайды бул ис,
Бийпайда, жүрегиң соқпаса дурыс.
Муҳаббат илаҳий уллы қубылыс,—
Қолыңыздан келсе ашық боп жасаң!..

*21-август, 1994-жыл.*

## СӨЗЛЕСИЎ

*(Аналарға, келиншеклерге, қызларға)*

Мыңнан тулпар, жүйрик жүзден,
Ерлер, тепсе темир үзген,
Мийўаңыздур өнген сизден,
Бул өмирге сағасызлар.

Билген дана өз шамасын,
Пәк тутың жүрек ханасын,
„Қызын ал, көрип анасын"—
Дер, сиз үлги боласыз ба?

Қараң өткен изиңизге,
Жол болар ол қызыңызға,
Ширкеў түссе жүзиңизге,
Төмен қарап қаласыз-дә!

Несип болсын сүйилиў-сүйиў,
Төгиле бермей ой түйиў,
Ул-қызыңыз көрсин тыйыў,
Өмириң муң-наласыз ба?

Алдыңғы арба жүрсе қайдан,
Соңғылар да соннан айдар.
Тил—жүректиң сөзин айтар,
Көкирекке көз саласыз ба?

Ар-ҳүжданға болсын аңлы,
Өссин десең интизамлы,
Бала ушын қыйнаң жанды,
Сиз, меҳирбан анасыз ба?

Аз халықпыз, көп туўылайық,
Ел белине буўылайық,



www.ziyouz.com kutubxonasi

Ҳадаллыққа жууўылайық,
Ағын суўдай ағасыз ба?

Перзент мойнында көп қарыз,
Бирақ, Ана етпес арыз,
Бәрше инсанға бир парыз,
Адам бола аламыз ба?

Бозлар айланып кебирге,
Дәўир-бетон ҳәм темирге,
Кем-кетиги көп өмирге,
Етек-жең ҳәм жағасыз ба?

Көлдиң сәни үйрек-ғаз дур,
Қыз келинниң көрки наздур,
Өмир—мисли ақ қағаздур,
Мәңгилик сөз жазасыз ба?

Ҳаял жаны сырлы болар,
Нешше жүз ҳәм қырлы болар,
Қараңғы гә нурлы болар,
Жанып турған шаласыз ба?

Сырлы, сыншыл көзлериңиз,
Бар-аў, ғайбар гезлериңиз,
Еркеклер боп сөзлериңиз,—
„Шаңымызды қағасыз-дә!"

Әмиўимиз болса тасыў,
Сүйинши сорап, шашың шашыў.
Жараспас қыз алып қашыў,
Жигитлер ес-санасыз ба?

Көрмей-билмей барған яры,
Шигин шығып, десе тары,
Тақ болып кеўил қарары,
Иштен түтеп-жанасыз-дә!

Шықсаң адамшылық изден,
Үйиңе ҳарам кирсе дүзден,
Динке-дәрман кетер дизден,
Изей жайдай тозасыз-дә!



www.ziyouz.com kutubxonasi

Гүл бар жерден кетиў қыйын,
Бир қарамай өтиў қыйын,
Кеўлиңизге жетиў қыйын,
Гейде, „қатты“ „шағасыз-дә!“

Көллер камыс қопасыз ба,
Көп жигитлер опасыз ба,
Қызларжан-аў, қапасыз ба,
Қумыры қустай бағасызлар.

Әрман жүги талай аўып,
Көзинен нур гә муң жаўып,
Түспей жүрген сазын таўып,
Ғайры нағыс намасыз ба?

Турмыстың көп қәтелиги,
Басылмай жаслық желиги,
Умытып жүрген әкелигин,
Жанларды ойлап азасыз ба?

Көкиректе қайғы тасын,
Еритер ме көздиң жасы,
Бийнеке ул-қыз туўылмасын,
Нәпсиге гөр қазасыз ба?

Таққан үмит тумарымыз,
Зарымыз жоқ, бар зарымыз.
Жүректе намыс-арымыз,
Нәкаслықтан тазасыз ба?

Сезим оты жалынласқан,
Әрманлары қалыңласқан,
Куралай көз қарындаслар,
Жигитлерди уғасыз ба?

Сизлер мисли қызыл алма,
Бағыңыз бағманы бар ма?
Писип жерге түсип қалмаң,
Тынған суўда ығасыз ба?

Сулыўман деп қуўанарсыз,
Дуўтар—дуўтар емес тарсыз.
Гүл бүлбилсиз, қызлар ярсыз,
Сәниңиз жоқ, инанасыз ба?



www.ziyouz.com kutubxonasi

Келдиң я кеттиң демеген,
Күтип турмас ўақыт деген,
Сетемшил қус бахыт деген,—
Безигер сәл абайсызда.

Парықлап билип мыстан, зерди
Сатып алың жақсы ерди,
Сүйиў ушын туўған жерди,
Муҳаббатты тән аласыз ба?

Жүзлериңиз гүл-гүл дөнип,
Бағымызда бүлбил болып,
Өмирге көз ҳәм тил болып,
Күндей жайнап бағасызлар!

*22-февраль, 1988-жыл.*

## МЕН СЕНИ УМЫТПАЙМАН!..

Муҳаббат—отлы майдан,
Жалында қалдым ҳайран.
Жалт берип кеткен жейран,
Мен сени умытпайман.

Төгилме кирпиклериң,
Жанымды түртип мениң,
Қыялым—уршық мениң...
Мен сени умытпайман.

Жүзиңде қал бар еди,
Көзиңде ләм бар еди,
Ләбиңде пал бар еди,
Мен сени умытпайман.

Алшақлап барар ара,
Қол жетпес сәўер яра,
Ышқыңда биз бийшара,
Мен сени умытпайман.

Көксимде—өртең, бүлгин,
Ишинде бир гүл—күлдиң...
Қыпша бел, шашы сүмбил,
Мен сени умытпайман.



www.ziyouz.com kutubxonasi

Муҳаббат оғын атып,
Кеўлимди қан жылатып,
Кетсең де дәртке шатып,
Мен сени умытпайман!..

*29-июль, 1992-жыл.*

## СЕН ҲӘММЕГЕ КҮЛИП ҚАРАЙСАҢ...

Сен ҳәммеге күлип қарайсаң,
Ким болса да кеўилиң ашық.
Айырмассаң: „жақсы-жаман“ деп,
Нәзерлерден билмессең, қашып...

Жатырқамай қатысасаң тил,
Кимлигине турмайсаң қарап.
Жүрегиңде жылытып ҳәр сөзди,—
Узатасаң сезимге орап.

Кеўлиң сырын айтып қоясаң,
Сен ҳәммени бирдей деп билип.
Сезбейсең бе? Бираз жигитлер,
Анталасар, қарасаң күлип.

Сен, абайла?..
Қара көзлериң,
Билесең бе, ушқын шашыўын.
Тәккаббырлық, жасампазлық жоқ,
Жоқ па, сирә аз-маз ашыўың?

Биреўлер бар тиллери сүйри,
Сөз айтады сыртыңнан сайып.
Исенбеймен, сен жақсы қызсаң,
Мен билемен: жоқ сенде айып.

Сен ҳеш кимди етпедиң қапа,
Ҳешким қапа етпесин сени.
„Алдап кетсе тил жутқан биреў...“
—деген ойлар қыйнайды мени.

Мен қорқаман, саған түсинбес,
Бир ҳүждансыз шықса жолыңнан...
Жақ, жақ!..
Бизлер бирге кетемиз,
Жибермеспен енди қолыңнан!



www.ziyouz.com kutubxonasi

## ЖҮРЕГИМ, ОТ АЛЫП ҚАЙТСЫН ДЕП...

Үйбетиңе бардым мен бүгин,
Жүрегимниң сөзин айтыўға.
Қуўаныссын деп, дилгир көзимиз
Өзиңнен от алып қайтыўға.

Көзлериңнен оқыўға келдим,
Хатларыңды маған жазбаған.
Кеўилимниң муңлы қосығын,—
Жеткермекши, көзлерим саған.

Жоқсаң...
Үнсиз, күтип алысты
Сүўретлериң илинген төрге.
Ҳәр нәрседе тоқтар нәзерим,
Сен қураған көрпешелерде.

Айқыш-уйқыш шатысқан сезим,
Ойларымды, ойларым бөлди.
Услап-тутқан ҳәр бир затыңды,
Мениң де, дым услағым келди...

Тоқылыңды бәри ядыма,
Орналасып қалды көзиме.
Өмирим бойы мен айтатуғын,
Айланады олар, сөзиме.

Димары жоқ, изге қайтыўға,
Оны таслап қайттым бир өзим,
Айланшықлап сени, үйиңди,—
Қалып кетер, енди, жүрегим!..

## ЖУРТЛАРЫҢНАН СЕНИҢ ЖУМАБАЙ АҒА!

(*Қарақалпақстан халық жыраўы Жумабай аға Базаровқа*)

Қобыз зереншеси—Дәрбент торылған,
Кәмалшаң силтенсе муң-дәрт орылған,
Қарақалпақша ақыл, нақыл қарылған,
Сөзлериңнен сениң Жумабай аға!



www.ziyouz.com kutubxonasi

Сүрен салса тарғылланған даўысың,
Батырларың найза саплар жаў ушын,
Тулпарға тәкәббил бардур шабысың,
Излериңнен сениң Жумабай аға!

Кеўил көгиңизде шақмақ шағылар,
Сазыңыз көзлерден жулдыз тағынар,
Корыған намысы, сынбас сағы бар,
Мәртлериңнен сениң Жумабай аға!

Тап үзиле жазлап... зордан жалғанып,
Алатуғын бүркит қустай шағланып,
Халықтың жүрегиндей өттиң дағланып,
Дәртлериңнен сениң Жумабай аға!

Толғаўдан пешанаң жыйырла түскен,
Дүнья жазылсып, гә қуўырла түскен,
Ҳәр шығарлық сайын шыйырла түскен,
Мүртларыңнан сениң Жумабай аға!

Таўдай төбеңизди қапламыш қыраў,
Бирақ, жаз жаныңыз гүл жайнап тур-аў,
Шүкир, өзиңиздей бар екен жыраў,
Журтларыңнан сениң Жумабай аға!

*12-май, 1994-жыл.*

## ШАЙЫРЛАР

Адамлар, оларды кешириң,
Балтамтап сөзлеўге ўақты жоқ,
Қосықтан асқан—таж-тахты жоқ,
Көбиси бийшара бахты жоқ,
Адамлар, оларды кешириң!

Ағалар, оларды кешириң,
Жүриси-турысын сынамаң.
Жанлар ғой жүреги жылаған...
Жәк, жаман пыйғылдан дин-аман,
Ағалар, оларды кешириң!

Дослары, оларды кешириң,
Дурыслықтан басқаға ийилмес,



www.ziyouz.com kutubxonasi

Жудырығы жаўға да түйилмес,
Сүйеди, онша көп сүйилмес,
Дослары оларды кешириң!

Арыўлар, оларды кешириң,
Сизлерден үзе алмас көзлерин,
Жилўаныз көркейтер сөзлерин,
Билмессиз биймаза гезлерин,
Арыўлар, оларды кешириң!

Инилер, оларды кешириң,
Баспа гә шүйелме минези,
Төгилип-шашылған нур өзи,
Гей ўақта бир тәреп бир өзи,
Инилер, оларды кешириң!

Заманлар, оларды кешириң,
Сезими қуслардай дүрлигип,
Ел-журты қыйналса сырнығып,
Өтеди тубалап, сүрнигип,
Заманлар, оларды кешириң!

Көп дийдар көрисер, көп айырлар,
Қағазсыз-қәлемсиз майырлар,
Халқына жылаўдар шайырлар,—
Жалынлап жасасын, өширмең!..
Жаныўдан тоқтаса, кеширмең!?

*7-июнь, 1994-жыл.*

## КӨЗИ, СӨЗИ, ӨЗИ СУЛЫЎ ҚАРАҒЫМ!

*(Китабыма қол таңба сораған қызға жазылған қатарлар)*

Көзи сулыў, өзи сулыў қарағым,
Мийўасы мол болсын Өмир дарағың,
Бахтың толып-тасып жазған сөзлерден,
Ушып-ушып қонсын кеўил парағың.

Ҳадаллық деп жаққыл жанынды жақсаң,
Ығбал—гүлиң болсын көксиңе тақсаң,
Шадлық—айна болсын сүзилип бақсаң,
Әрман, Дәўран болсын алтын тарағың!

*Январь, 1992-жыл.*



www.ziyouz.com kutubxonasi

## СОЛ АҚШАМ СЕН ЖАНЫМДА ЕДИҢ...

Жақынласып келди жулдызлар,
Ай да қарап қалды бизлерге.
Толып кетти көкирегимиз,
Мың-мың ҳәўаз, мың-мың излерге.

Бүлбиллердиң сайраўы да сонда,
Маған басқашарақ сезилди.
Айтып атырғандай бүлбиллер,
Саған айтатуғын сөзимди.

Дыққат бөлип сыбырлымызға,
Тынып қалды самаллар бирақ.
Сен өзинди умыта жазладың,
Көксиме бас қойып азырақ.

Туңғыш ирет жүреклеримиз,
Бир-бирине жақынлап келди.
Жасыл майсалықлар үстине,
Сениң әнўар шашың төселди.

Әрман моншақлары дизилип,
Кеўлимизди сондай безеди.
Ай нуршашып қосық айтқанда,—
Сол ақшам сен жанымда един!

## АШЫҚ АЙДЫН ПИРДЕН ПӘТИЯ АЛЫП КЕТ!

Әрман мәнзилине шыққан жолаўшы,
Кеўлиңе иләҳий бир дем салып кет.
Жылаўында болып сүйеп-қоллаўшы,
Ашық Айдын пирден пәтия алып кет!

Суў кеспес сезимлер өзлерин қайрап,
Жүрек бүлбилиңиз қайтадан сайрап,
Шадлық қусларыңыз өтсин масайрап,
Ашық Айдын пирден пәтия алып кет!

Ышқыға ышқыны сапқыңыз келсе,
Муҳаббат тулпарын шапқыңыз келсе,
Ашықлықта мәкан тапқыңыз келсе,
Ашық Айдын пирден пәтия алып кет!



www.ziyouz.com kutubxonasi

Ҳәмледарлар ҳәр ўақ жоқ затқа жерик,
Бул муқәддес жайдан тийсе теберик,
Саўап алып, перзент кетерсиз көрип,
Ашық Айдын пирден пәтия алып кет!

Ол да, мен де, әзиз бирәдар сен де,
Бәрше халық бир Алла жаратқан бенде,
Ҳөнер деп туўылған дилбар сазенде,
Ашық Айдын пирден пәтия алып кет!

Жүреги көзлилер, жаны гереңлер,
Ақылы сайызлар, ойы тереңлер,
Яр болар Қырқ шилтен ғайып еренлер,
Ашық Айдын пирден пәтия алып кет!

Аңсат саўда емес ярлар саўдасы,
Басынан сейилмес ҳижран ғаўғасы,
Дәртсиз жүреклерди дәртке шаўласып,
Ашық Айдын пирден пәтия алып кет!

Пәтия да қонбас болмасаң арлы,
Рухый дүньяңыз түскен бе жарлы,
Кеўил зибаныңыз үн салса зарлы,
Ашық Айдын пирден пәтия алып кет!

Атадан жалғызлар, алтаў туўғанлар,
Қәлбин жәбир-жапа сели жуўғанлар,
Ақымбет бақсының жолын қуўғанлар,
Ашық Айдын пирден пәтия алып кет!

Мөминлер, даналар, ерлердиң ери,
Кимниң жүрегинде бар болса шери,
Жамылып жүрсең де жолбарыс тери,
Ашық Айдын пирден пәтия алып кет!

Мәйли Гөруғлы бол, Рустеми Зал,
Жүйрикке томар дер, менменге заўал,
Жасаўды қәлесең мәрдана, Ҳадал,
Ашық Айдын пирден пәтия алып кет!..

*Август, 1994-жыл.*



www.ziyouz.com kutubxonasi

## КӨКИРЕКЛЕРИҢ МЕНЕН МАҚТАНЫП...

Қаранғыда шаққандай шақмақ,
Сен көзлерге урылдың бирден,
Жүреклерге сондай урылдың,
Тар үзилди көкиреклерден.

Көзлер саған ишип тоймайды,
Көзлер сени алады таңып.
Сайлап басып барар един сен,
Қәдемлериң менен мақтанып.

Эҳ, көзлериң! Сениң көзлериң...
Мақтанасаң оны *ойнатып*.
Көзлериңниң гүмис сәўлеси,
Сезимлерге *калады қатып*.

Сен ҳешкимди көрмей өтесең,
Рәҳәтли самалдай есип.
Шийрин, шийрин, шийрин қыяллар,
Өзиң менен кетер илесип.

Көзлер бирден тым-тырыс қалды,
*Калар* онда бир отлар жанып...
Сен бул жерден өтип барар-ең,
*Көкиреклериң* менен мақтанып!

## МУСИНЛЕР

Қыйлы пишимдеги ылай мүсинлерге,
Жеримиздиң үсти баратыр толып.
Бирақ, өмирдиң бир соққысынан-ақ,
Олар, сынып қалар шыл-пәрше болып.

Олардың бойынан есер суўық леп,
Бизиң дүнья ушын,—
Санлардай кесир.
Зуўаласы *писик ийленген* бе екен?
Оған қосылса еди азы-кем меҳир.

Қам ылайдан соғылған бул мүсиншелер,
Үгитиле баслар, жамғыр, күн алып.



www.ziyouz.com kutubxonasi

Отқа, инсанлықтың таза нурына,
Шаўлап алынбаған әбден тапланып.

Ағаштан жонылған,
Ишлери ширик,
Сырты жылтыраған сулыў мүсинлер.
Отын боп жарымас, жыллылық бермес,
Отқа жаққанда да оларды, егер.

Ҳәрекетшең, кеўили ашық жанлардың,
Арасында жасап қала алмас узақ.
Олардың дослығын, шадлығын көрип,
Ақылдан адасып кете жазлар тап.

Тырп етпес көзиниң қарашықлары,
Жыландай арбайды,
тәсил етеди.
Сезимиң уясы бузылған қустай,
Сеннен көпке дейин безип кетеди.

Жылан терисиндей бир суўық нәрсе,
Сезесең, оларды турғандай қаплап.
Келиң, Адамлар! Қызғынымыз бенен,—
Мүсинлерди шыныктырайық,
Таплап!..

## КИМНИҢ ИСМИ ЕКЕН ТИЛИНДЕ?

Кимниң исми екен тилинде,
Жүрегинде сүўрети кимниң?
Қыялынан кешиўде нелер?
Жүдә-жүдә келеди билгим!

Есигиниң алдына шығып,
Сийнесинде әжайып назы,
Түсиме көп енген сол жайда,
Жайнап-жаснап жүрмекен ҳәзир?

Анасы нан жаўып тандырға,
Ол зуўала жайып атқанды.
Қандай ойлар, қандай ис пенен,
Баслады екен бүгинги таңды?



www.ziyouz.com kutubxonasi

Яки почта қутысын тинтип,
Хат излей ме қара көзлери.
Оған қатып қалғандай бир муң,
Бар ма оның ерир гезлери?

Еркелетип ғәрип анасы,
Жипек шащын өрип қойды ма?
Сол суп-сулыў көзин, жүрегин
Басқалар-әм көрип қойды ма?

Кимниң исми екен тилинде,
Жүрегинде сүўрети кимниң?
Жайнап-жаснап жүрмекен ҳәзир,
Жүдә-жүдә келеди билгим!..

## АЛПЫС ҮШТЕ АЛТЫН ТОЙЛАР БЕРИПСИЗ!

*(Халқабад елиниң белли көтқудаларының бири Бегимбай ақ Айымбетовтың пайғамбар жасына шыққан торқалы тойын қутлықлаў.)*

Нөкис—Шымбай жолы, „Жүзимбағ" тусы,
„Тентек жаптан" өтер кең гүзар усы,
Аўылым—журтымның жыллы қуўысы,
Әўладларға сезим-ойлар берипсиз!

Халқабад елаты, Анна-бексыйык,
Үлкени-кишиси тыңлаған уйып,
Пайғамбар жасында ел-журтың жыйып,
Бүгин даңғаралы тойлар берипсиз!

Усы қутлы жайда қанатты қомлап,
Бәлентлеп ушқансыз Ятаркан қоллап,
Алысқа ат, жақынына хат жоллап,
Күни бурын сазлап жайлар берипсиз!

Дүньяда бир ноқат—Анна аўылы,
Перзентлер ырысқалы—Жердур саўыны,
Жыйған-тергенициз тойға саўылып,
Ҳәр қонаққа арнап қойлар берипсиз!

Палўан, шабандозын әбден күттирип,
Бәйги жарыстырып, гүрес туттырып,



www.ziyouz.com kutubxonasi

Азырақ-азырақ шарап жуттырып,
Байрағына баспақ, тайлар берипсиз!

Айымбеттен қалған бир бала болып,
Топ айырып шыққан бир дана болып,
Ел басшысы болып ҳәм пана болып,
Күш-ғайрат, бүгилмес бойлар берипсиз!

Турдыгүл апаның гүлдей жаслығы,
Ығбал оң қол менен салған дастығы,
Әйне отыз бес қырқ жылдың баслығы,
Ул ҳәм қызға бөлип пайлар берипсиз!

Шадлық теңизи қыр дөгерек аға,
Ели-журтымызға дым керек аға,
Пайғамбар жасыңыз мүбәрек аға,
Алпыс үште алтын тойлар берипсиз!

*17-март, 1994-жыл.*

## БУЛ ДҮНЬЯДА МУҢСЫЗ АДАМ ЖОҚ...

*(Көзи жаслы, көкиреги шерли жанларға)*

Ел толысы шайпалса қыйын,
Жер дақылы жайпалса қыйын,
Ҳақыйқатлық тайсалса қыйын,
Ҳеш дәдимал айтар шамаң жоқ.

Дөнип турар қәўип-қәтери,
Не сумлық, не бәле-мәтери,
Туўры жолдан болмас өтери,
Гәп инсанда, қыйлы заман жоқ.

Бул Өмирдиң бир аты—Төзим,
*Маңырап суў ишерсең қозым,*
Ҳеш жаманлық көрмесин көзиң,
Бул дүньяда муңсыз адам жоқ.

Қам қайнаған суўдағы шәмбе,—
Ақ хожаның ақлығы ҳәмме,
Қулп, гилт керек еместей демде,
*Уры-ғары, нәкас-надан жоқ.*



www.ziyouz.com kutubxonasi

Зәҳәр қатлы әжел шербети,
Тәғдир бир күн басар мөр етип,
Ҳеш ўақ тегис болмас жер бети,
О дуньяда жақсы-жаман жоқ.

Бул шайқаслы майдан бос болмас,
Ханаластан жақын дос болмас,
Шын ашықлар ҳеш ўақ қос болмас,
Оқ табылар, атар кәман жоқ.

Ялғаншының гәрдишлери көп,
Жубанышы, зар ислери көп,
Налыш еткен дәрўишлери көп,
Бул дуньяда мұңсыз адам жоқ!

*8-апрель, 1994-жыл.*

## ҮНСИЗЛИК...

Өзиниң соңғы жақтылығын сырқып,
Тунжырап, лып-лып етип жанар шам.
Тиллерге байланып қалған сөзлеримиз,
Арада үнсизлик етеди даўам...

Кеўиллер жәзийра...
Оны ҳүўилдетип
Ессиз бир самаллар дөңбекшип еседи.
Жүреклерде *үнсизлик, көзлерде үнсизлик...,*
Рәпенек сезимлер желбиреседи...

## ӘРМАНЛЫ, ӘРМАН...

Қайта нур дарыўы енди гүмана,
Бул кеўилханамды ғам менен жуўдың.
Тәрк етип төселген сезимлеримди,
Қуўдың жүрегиңнен...
Сен, мени қуўдың!

Жылт етпес кеўлимде үмит ушқыны,
Тозғыған ойларым кетти димардан.
Меннен тақат кетти...
Кетти, ҳәммеси...
Тек *бир Әрман қалды,*
Әрманлы, Әрман...



www.ziyouz.com kutubxonasi

## ҮЗИЛГЕН ҮМИТ

Сен деп соншa еткен налыщым,
Жүрегиңе барып жетпесе,
Делбелер-ше күйип-жанғаным,
Эҳ, кэйтермен...тэсир етпесе.

Көзи ашық кетеди ышкым,
Ҳижран деген байланып оққа.
Соң өзимди сезиўден қалып,
Пүткил барым шығады жоққа.

*14-декабрь 1984-жыл.*

## ТӘҒДИР, СОНДАЙДАН САҚЛАҒАЙ!..

Ойыма түссе арқама тартар жүрегим,
Көзим жетеди, соңынан болар налыўлар!
Жоллары оның армаған қызлар,
Қорқаман...
Биреўиңизди жақсы көрип қалыўдан.

Өлимдей аўыр,—
айыплы болыў, айыпсыз
Кәрине ҳеш не келтирмес тек те арсызлар.
Қорқаман олар...
Қорқпайман ҳеш, ҳеш!
Қоллаўшым,—
Ҳақ нийет жанлар дүньяда сизлер барсызлар!

Ойламай-ақ қойың...
Азғыралмас ҳеш шайтаның,
Ықырарымнан, сөзим, жолымнан таныўдан.
Аяман мени!..
Тийменңиз өйтип арыма,
Жүрегим мениң сескенбес ҳешўақ жаныўдан.

Өмир алгебрасы—шешимсиз көп мәселе,
Шатасады Көбейтиў, Бөлиўлер ҳәм Алыўлар...
Көрермен тәғдир не жазса,
Бирақ, сақлағай?..
Пәс адамларға миннетдар болып қалыўдан!

*31-март, 1984-жыл.*



www.ziyouz.com kutubxonasi

## МЕНИҢ, БАЙРАҒЫМ!..

*(Сүреҳлер ҳаққында Сүре)*

(Қарақалпақстанымыздың бирден-бир Мәмлекетлик Нышанлары — Конституциямыз, Гимнимиз, Гербимиз ҳәм Байрағымыздың қабыл алыныўындай уллы ислерде ат салысқан ел перзентлерине арнайман.)

*(Автор)*

Әдалаттың алтын пуўы берилген,
Озық ойлы, ҳәр сөз шебер өрилген,
Ақыл ҳәм даналық елгезеринен,
Еленген дур киби мениң Нызамым!

Ҳәр тал қаўырсында—илаҳий нуры,
Қумай қус—бахыт ҳәм еркинлик жыры,
„Қарақалпақстан" —алтын турыры,
Жақсылық нышаны мениң Гербим!

Халқым көзлериниң сүртеди жасын,
Ел-журт таўап етип ийеди басын,
Бинят—әрман, жигер, сезимнен ҳасыл,
Қәстерли-кийели мениң Байрағым!

Ҳәр бир ырғағында мың-мың ушқын бар,
Сөзлерине липас сезимтал нурлар,
Әўладлар тилинен төгилген жырлар,
Ўатанды улығлар мениң Гимним!

Қуяш—тиришилик, көгис нур—әлем,
Зер шуғла—дүньяға, өмирге сәлем,
Таў—әрман, қорғаны—әзелден бар Ел,
Та, Адам—Атадан мениң Тарийхым!

Шежире, Даналық, Өтмиш, Батырлық,
Бунда мәртлер өткен мыңға татырлық,
Күн туўмағай қылыш-қалқан, шатырлық,
Еркин қуслар ели мениң Аспаным!

Дәрья—мийрим, теңиз—ашқылтым өмир,
Қос төбе артында мәнзиллер не бир...



www.ziyouz.com kutubxonasi

Байраклы гүл шеңбер айлана-өңир,
Талаплыға берер мениң Заманым!

Салы масақлар ҳәм пахта ханалар,
Байлық булағының көзи сағалар,
Суверенлигимди дүнья тән алар,
Жолы айдын мениң Мәмлекетим!

Халқым жан-тәнине гүмис мөр киби,
Ушыға қыйқымлы, алтын-зер киби,
Ҳәм нәзик, ҳәм айбындырар шер киби,
Сүренлер ишинде мениң Сүреним!

Ҳасыл — сегиз қырлы, бир сырлы болар,
Жарғы пүтинленер, төгилген толар,
Тәнҳалық журтына жарасар олар,
Ўатаным, Анам, Жерим, тәнҳа Қуяшым!

Үшинен туўған Ай, бир жарық Жулдыз,—
Дәўри-дәўран басы деп билермиз биз,—
Ҳақ кәлеп, бақ-дәўлет салған екен жүз,
Мәңги-бақыйлықдур мениң Жолларым!

Ҳүкимдар тәрт пасыл бийлик жүргизген,
Әрман үйлерине бир-бир киргизген,
Үш жүз алпыс бес күн дәўран сүргизген,
Дәндан босағалы мениң Жылларым!

Дәўирлер даўрығы, өтмиш сазасы,
Әрманлар баўлығы, өмир тазасы,
Татыўлықтың таңлайда татыр мазасы,
Дослық-бирадарлық мениң Тәрийпим!

Ашық ҳаўаз бенен шарлаған елди,
Көзлеринде шақмақ, кеўли жеделли,
Сүренлер ишинде даўысы белли,
Жаңғырып жаңлаған мениң Ураным!

Сыйынтқан пир киби көзиңе тийер,
Қайсарлықтың темир саўытын кийер,
Асқар таўдай айбат, сүйиндей сүйер,
Жол басшы сәркарда мениң Байрағым!



www.ziyouz.com kutubxonasi

Ўатанымның исми-жөнин танытар,
Жигерлер қайралар, жанды жанытар,
Көз тояты тояр, мийри қанысар,
Шадлықтай жарқырар мениң Нышаным!

Толмаған жарты Ай әрманға мегзер,
Бес бес жулдыз ығбал-дәўранға мегзер,
Тойғын сары гүзге, қырманға мегзер,
Көк, жасыл—бәҳәр, жаз мениң Тәбиятым!

Жүреклер шыңында турар желбиреп,
Пүткил ел көз болып бағар мөлдиреп,
Уллы сапарларда таяныш-тирек,
Қалыңда қалдырмас мениң Байрағым!

Муқәддес топырақ берген реңлер,
Жерден, Көктен усындай бес түр енген,
Ҳәр бири даңқ, уллылықтай сүренлер,
Мәдеткар, мәрдана мениң Байрағым!

Үлкен-киши бәрше теңдей жүгинип,
Арзы-ҳалын айтып, тыңлап, уғынып,
Журтынан көз алмай бағар тигилип,
Қылды қақ айырған әдил Нызамым!

Еркин өмиримиздиң нәўпир сағасы,
Ығбал дәрьямыздың нурлы жағасы,
Елдиң кәтқудасы, халықтың ағасы
Мәсләҳәт-кеңесши мениң Нызамым!

Ҳешкимге бас ийип, я ойлап сумлық,
Мәртебе дәмем жоқ бир қара пуллық
Саған қол қаўсырып әйледим куллық,
Мәрдана ҳүким сур мениң Нызамым!

Та, Адам—Атадан халқымның жасы,
Ҳаўа—Ене туўған арғы Анасы,
Ҳақыйқаттың гәўҳар тәрези-тасы,
Қалтқысыз сөйлейди мениң Нызамым!

Оңланып өмирдиң қәте-кемиси,
Наҳақлық үстинен мудам жеңиси,
Бул бағдың ҳеш ада болмас жемиси,
Сарқылмас нур киби мениң Нызамым!



www.ziyouz.com kutubxonasi

Тили жәўҳар киби, өткир жанары
Жүректе акыл-ой, белде мәдары,
Ўатанымның буўған алтын Кәмары,
Мениң дин—ийманым, мениң Нызамым!

Алыс дәўирлерге салғанында из,
Не дүркин әўладлар көриседи жүз;
Шалғайыңнан сүйип шөгедурман диз;
Қарақалпақстан— Мениң Байрағым!

*Апрель, 1994-жыл.*

## КЕШ КЕЛГЕН МУҲАББАТ

Гүл паслында ушырастық,
Ышқы бағында адастық,
Мени тәрк етерде жаслық,
Сен неге келдиң, муҳаббат?..

Бизди не қылар-ең сүйип,
Өтсин дегендурсаң күйип?
Көп шығынып қашқан кийик,
Аңшың дым көп-аў, муҳаббат!

Қаяқтан саған дус болдым,
Бир қонып ушқан қус болдың,
Тек, ләби шийрин түс болдың,
Маған кеш келген муҳаббат!

Ай, Күн киби турдың бағып,
Жанымды отыңа жағып...
Кетейин десем жылағып,—
Барар жерим сен, муҳаббат!

Тартарман ышқың зардабын,
Бунша көп екен қардарың,
Кеўлимниң сезим тарларын,
Шерттиң де кеттиң, муҳаббат!

Дийдарыңды ҳәр күн көрсем,
Ақ жүзиңнен поса терсем,
Қосығыма қосып өрсем,
Гүмис күлкиңди, муҳаббат...



www.ziyouz.com kutubxonasi

Саған сөзлеўге ҳақым жоқ,
Жаным-аў... менде ақыл жоқ!
Маған өзиңдей жақын жоқ...
Сен кимсең билмем, муҳаббат?

Мәрт болалмайман алдында,
Өтпес тыйықтай қалдым ба?
Кәлбиңе тыйым салдың-дә...
Недур гүнайым, муҳаббат?!

Жалынышым бар, пәрман жоқ,
Саған сөзлеўге дәрман жоқ,
Өзиңнен басқа әрман жоқ,
Ҳайран-ҳәсирет, муҳаббат!

Мен емес онша төзимли,
Тежей алмаспан сезимди,
Бир көриў ушын көзиңди,
Излеп барарман муҳаббат!

Кеўлиңе еди-аў, жетеалсам,
Бунша нәзиксең, қаталсаң.
Сени умытып кетеалсам...
Тап бахыт киби муҳаббат!

Жигитке көз жас нуқсан ба?
(Тастай берк болып шықсаң-дә...)
Айып скениң уқсам да,
Гейде өксиймен муҳаббат!

Бурын ҳеш кеўил бөлмедиң,
Сонша күткенде келмедиң,
Еглендиң, неге еглендиң?
Маған кеш келген муҳаббат!

Түнги шақмақтай жарқ етип,
Нурың жан-тәнимнен өтип...
Барарсаң енди тәрк етип,
Келдиң де кеттиң...муҳаббат!

Гәде намақул сөз айтып,
Сезимлериңди ылайтып,
Қойған жоқпан ба муңайтып,
Мени әпиў ет, Муҳаббат!...



www.ziyouz.com kutubxonasi

## ЖЫЛЛАРДЫ САНАДЫМ...АСЫҒЫП САНАДЫМ...

Қашан тамамлаймыз мектепти усы,
Қутылар күн бар ма алгебрадан?
Уйықлап қалып журдим китап дастанып,
Мурным қыйыў-қыйыў болып шырадан.

Жылларды санадым... асығып санадым...
Жеткенше асығып он сегиз жасқа,
Неге асыққанман... неге қуўандым?..
Үйленип, үйден шығып кеткенде басқа...

Ыссы үлкелерге асыққан қустай,
Бүгин қайтсам деймен „Қыйсық терек"ке.
Қайтган оқыр болсам хәтте, есаптан
„Бес" ке үлгерер-ем ҳәр бир шеректе.

Кеўлим егитилип жыларман үнсиз,
Күнлерге—хошласпай кеткен, күйине.
Балалыққа—жырақ-жырақта қалған,
Үйге қайтқым келер...
Туўылған үйиме!

Қулындай шапқылап өткен күнлеримди,
Қулындай шапқылап излегим келер.
Шапқылағым келеди,
Шапқылағым...
Қулындай оқыранып анасын излеген!

...Дәстүрхан әтирапында үй-ишимиз жәм,
Әтөштанда ғыжлап турар еди шоқ.
Сол күнлерди қайттан көргим келеди,
Ядымнан басқа жерде жок олар, жоқ, жоқ!..

*Январь, 1983-жыл.*

## БУЛДИРШИН!..

Жүзиң он төрт күнлик ай киби жақты,
Қумар көз, қәлем қас, жуқа додақлы,
Барын шашып тойлар жүрегим аҳлы,
Ҳүсни-шырайынды көрип Булдиршин!



www.ziyouz.com kutubxonasi

Ашсам дедим көңил аршаңыз қулпын,
Өпсем дедим аҳ-ўаҳҳ...қайырып зулпың,
Тән деген хызметшиң, жан деген мүлким,
Жолыңа садаға болсын Бүлдиршин!

Өзимди көрейин жүзиңе қарап,
Сүмбил шашларыңа болайын тарақ,
Сөзлериң, көзлериң тыйықсыз жарақ,
Муҳаббат бендеси еттиң Бүлдиршин!

Наз билен бурылар аққуў мойының,
Бу дүнья бейиши жәннет қойының,
Тойшылары болып поса тойының,
Айшы-әширет, сапа сүрсек Бүлдиршин!

От-суў шабырысқан әжеп тәбәссим,
Жүрегимди өртеп, жанымды жақсын,
Бул пақыр көңлимди шад әйле, мәс қыл,
Бағыңның бағманы болсам, Бүлдиршин!

Ышқы гүлиң өсип, жетилмиш мәгар,
Жисмин ақ төсекте есилмиш мәгар,
Мениң үмит жибим кесилмиш мәгар,
Аҳ дариға, ўаҳ дариғ, ўаҳҳ... Бүлдиршин!

Яр, кеўил қусынды берман ушырғыл,
Әрман бостаныма әкеп түсиргил,
Муҳаббат шарабын бизге иширгил,
Бар я жоқ болайын, мәйли, Бүлдиршин!

*Сентябрь, 1994-жыл.*

---

*Халқымыз арасында: сулыў, сүйкимли нәрселер ҳаққ... „үрип аўызға салғандай", „бүлдиршиндей ғана қыз екен", „өри... ғана жигит екен" деген сыяқлы теңеўлер жүргизиледи. Көп жасап, көпти көрип, көп еситкенлердиң сөзлерине сүйен... „бүлдиршин" деген сүйкимли ҳәм серхош, өзи кишкене әпсан... қус қусайды, әжайып рәң-бәреңликке ийе, сийрек ушырасат... хошәтир гүл қусайды.*

*Мен де, бир жас өспирм гөззал қызды Бүлдиршинге мегз... усы қосығымды оның сулыўлығына бағыш еттим(Х.Д.)*



www.ziyouz.com kutubxonasi

## ҲАЯЛЛАР

*(Шала-шарпы уйқасықлы қосық)*

Оттан, суўдан, дүньяның ҳүр сезимлеринен,
Рәң-бәрең нурлардан, нәзикликтен, дүрден
Әбизәмзем суўынан, бейиш топырағынан
Ҳаўа—Ененең нәзеринен, ықшы-муҳаббетинен,—
Жаратылған шығарсыз Сизлер?

Ана—меҳирбан, ғамхор, әзиз, қәдирдан
Нәзәлим, перийзат, дилбар, саҳибжамал
Қара көз, қәлем қас, назлы-жилўалы
Хоширей, сулыў, сүйикли яр, жанан...
Және айтылмаған кандай сөз қалды?
Мен де жаңадан сөз қосалмасам да,
Бәрибир Сизлерди улығлап жазаман.

Еркегиңиз—патша,
Журтын умытып
Ойлап кетер қара басының ҳәзин.
Олар жақсы көрер буйрықпазлықты,
Сонда, болың Сизлер ақыллы ўәзир.

Пайғамбар болса да баладай жумсарсыз,
Салғыласыўда кетпес ҳешкимде ҳақың.
Сизлер менен жаўласыў жеңис әкелмес,
Аш қулақтан-тыныш қулағы мақул.

Ўәжлесип отырмайық балтамтап айтысып,
Шеннен тыс көбирек сөйлеўиңиз де заңлы.
Мен ҳеш көпсинбеймен,
Дурыс деп таныйман,
Қанша сөз етсең де арзыр Ҳаялды.

Тек кийим, тек гәптен тон пишиў емес,
Дүнья липасын да шақлап пишерсиз.
Еркеклер суўсынлап тоқмейил болса да,
Муҳаббат мәйинен тамсансып ишерсиз.

Онша майда деп те болмас Сизлерди,
Анаў-мынаўға ҳеш өт қақпайсыз.



www.ziyouz.com kutubxonasi

Гейде бир тәрткүл шүберек ушын-ақ,
Бойыңызды тамнан таслайсыз.

„Мүмкин" сөзи тийисли еркеклер ушын,
„Мүмкин емеси" ҳаялларға ылайық.
Бизге онша айып емес нәрселер,
Сизлерге қарағанда саналмыш айып.

Әзелден-ақ, дунья тилине түсип,
Қандай болсаңыз—солай таныл ған.
Сизлер сыяқлы биз еркеклердиң де,—
Топырағымыз бир жерден алынған.

Жынысы басқаларға онша исенбессиз,
Лекин, тәниңизди қоярсыз бағышлап.
Сизлер Излериңиз, Ислериңиз бенен
Жупыны Өмирди жасайсыз нағышлап.

„Қара қатын" дейсиз, „ақ қатын" дейсиз,
Бир-бириңди минеп ат тағасызлар.
Сулыўлық—Сизлердиң баслы темаңыз,
Биз емес, өзлериң гәп табасызлар.

Қустай сергек, бәҳәрги көктей сезимтал
Билмейтуғын нәрсени билетуғын да.
Биз емес, ақыры, өзиңиз емес пе
Бир-бирин мысқыллап күлетуғын да.

Сүйри тил келиннлер тапқан сөз итимал?
О, тоба!
„Албаслы, мәстан кемпири" нес?!
Кеширип қоярсыз ҳаял жынысслылар,
Бул сөзди тапқан да еркеклер емес...

Бизлер ойланамаң дегенше, Сизлер
Барар жеринизге барып қайтасыз.
Тез лаўлап жанасыз
тез пейилсиз дым,
Тез таўып аласыз ҳәм тез жойтасыз.

Сизлер менен бирге қуўаныш жүрер
Сизлер барған жерге из салар бахыт.
Сизлер менен бирге уйытқыр дүбелей,
Сезим дарақларын гейде қулатып.



www.ziyouz.com kutubxonasi

*Жақын дос таппасбыз шыннан дәсласcақ,*
Өмирге Аналық жаныныз ауырар.
Сиз ҳаяллар батыл, өзин умытып
Ҳәтте, Бар еткенге қарсы дау урар.

Көзлериңнен шашырар илҳам ушқыны,
Кеўил көгимизде ойнатып жасын.
Жилўа-назлы ҳәр бир қәдем, ҳәр сөзиңизди
*Күлкиңиздиң* әжеп зер қыйқымларын
Кеўлимиздиң сезим деген сабақларына
Моншақлардай дана-дана етип өткерип,
Ушығанын қыйқымындай жүрермиз терип!

*1-Март, 1989-жыл.*

## СЕНИҢ ЖАЙНАП ЖҮРГЕНИҢ ЖАҚСЫ

Жаздай жайнап келгениң жақсы,
Жүзиң гүл-гүл дөнгени жақсы,
*Мен утылып жүрейин мәйли,*
Бирақ, сениң жеңгениң жақсы.

Пардоз берип кем-кем өзине,
Ай көринип жүрсең көзиме,
Тил не демес, ушпа сөзиме,
Өз баҳаңды билгениң жақсы.

Сайлап басқан пах...ҳәр қәдемиң,
Сулыўлықта сени шаҳ дедим,
Кеўилиңниң тилла сәдебин,
*Жаздырып, соң илгениң* жақсы.

Кеўли бәҳәр, көзлери сүзик,
Бармағыңа болайын жүзик,
*Доланып, сән-салтанат дүзип,*
Сыңғыр-сыңғыр күлгениң жақсы.

Унатыў ҳәм унаў рәҳәт,
Әрман көксин сылаў рәҳәт,
Муҳаббат деп жылаў рәҳәт,
Сени ойлап бүлгеним жақсы!..

*17-март, 1989-жыл*



www.ziyouz.com kutubxonasi

## АЛТЫН БОСАҒАЛЫ ЖЫЛЛАР АШЫЛСЫН!

Ҳақ нәзери түскен қәсийетли жай бул,
Ең байлар ишинде-кеўили бай бул,
Өмир әлеминде—Қуяш бул, Ай бул,
Шадлық нурларынан жүзлер ашылсын!

Турмыстың таўсылмас ғалма-ғаллары,
Минген атларының жатпас жаллары,
Кегейли елиниң болдық баллары,
Кеўил бағыңызда гүллер ашылсын!

Өмирди—жазмыштың кыйып қамысы,
Бийтапшылық—деген тийсе қамышы,
Дәри деп аталмыш ҳәр бир тамышы,
Тамырларда ойнап, көзлер ашылсын!

Кеўил туғырында—Әрман алғыр баз,
Елим-халқым дийип айтып өткей ўаз,
Кегейли Ҳәкими Мақсет Байнияз,—
Алтын босағалы жыллар ашылсын!

Бүгин уллы күни болды улыстың,
Жақсылар изинен ерген дурыс дым,
Ағамыз Сапарбай Аннақылыштың,
Усы елге сақый қолы ашылсын!

Халқабад—бул журттың Әзиз Анасы,
Қәстелердиң келип ықлар панасы,
Қолдасов Мақсеттиң Дәриханасы,
Ленгасы кесилип, жолы ашылсын!

Усы бойдың пуқарасы, бийлери,
Пүтин болсын кеўиллери, үйлери,
Кийгени—қуўаныш, шадлық—түйгени,
Ҳәр бир перзентиниң бахты ашылсын!

Бас шыпакер Абат елдиң ағасы,
Ағадан да бетер—Үмит жағасы,

---

*Халқабад қаласындағы жаңадан қәд көтерген Дәрихана имаратының жол ашар салтанатында оқылды.* (Х. Д.)

Ден саўлықта—нурлы ығбал сағасы,
Ғам бултынан кеўил көги ашылсын!

Уллы Ийшанлардың теберик жери,
Қол қаўсырсып турар қыр-дөгереги,
Ҳәр перзент кеўлинде ҳадаллық мәри,
Көп таза жайлар, көп қулплар ашылсын!

*31-декабрь, 1993-жыл.*

## ДЫМ СУЛЫЎ-АЎ, СЕНИҢ КҮЛГЕНИҢ...

Жүзлеринде тамылжыған нур,
Мөлдир көзлер сақлайалмас сыр,
Көкирегиңде толы шығар жыр,
Ушқынлары шығар күлгениң?

Кеўил айна, сындырғышпедиң,
Сезимлерди бүлдиргишпедиң?
Бүлк-бүлк етип күлдиргишлериң,
Қандай сулыў, сениң күлгениң!..

Тәбияттың бәҳәри-жазы,
Өмиримиздиң қосығы-сазы,
Гөззаллардың жилўасы-назы,
Бәринен де сулыў күлгениң.

Ҳүр қызындай эй, саҳибжамал,
Кирпигиң оқ, қасларың кәман,
Еки қуяш көринди маған,
Өртейтуғын шығар көзлериң?..

Өңиринде еки тумарың,
Қарай берсем кетип қумарым...
Әпиў еткил бизди нигарым,
Дым сулыў-аў, сениң күлгениң.

Бар әтирап нурға малынар,
Бар кеўиллер жаўлап алынар,
Көзлер ерип жүрип жалынар,
Қандай жақсы сениң күлгениң.



www.ziyouz.com kutubxonasi

Күн жарқ етип кетти көринип,
Ерип кетсем қардай еримик...
Қосығыма қосып өрилип,
Қалса деймен. . сениң күлгениң?!..

*30-октябрь, 1986-жыл*

## ОРАЗАН БАТЫР

*...Сениң өлимиң-маған өлим. Мениң өлимим саған жүрим, перзентим. Қаш кейин Күн алыў бурыннан бар. Қайыл болмаған намәрт-елин қырады. Екеўимиздиң биреўимиз ҳәзир бас бермесек, көп гелле кесилип, көп көз жас төгилейин деп тур...*

*...—Өлимим алдында соранаман, меннен соң еки уруў арасында шахмақ шағылмасын. Ырза болыңлар!..*

**Т. Қайыпбергеновтың „Қарақалпақ дәстаны" трилогиясының „Маман бий әпсанасы" китабынан.**

Тозғып кеткен халқымды жыймақ ойым бар еди,
Өшип қалған отларын,
алыстырсам деп деп едим!
Көп бөлинген Ел едик: ким өлип, ким қалғанын,
Таўып, бирин-бирине таныстырсам деп едим!..

Бир гездеги толы журт—ақ отаўым баў-шуўлы,
Бабаларым көтерген кең кереге шаңар—
Дәўир даўылларында көп уўығы сөтилди,
Елим деген Ерлер қайда?..
Мәкан қалса, қаңырап!..

Жерли, суўлы
көз тартып туратуғын жеримниң,
Жасаўлары бурынғы табылар ма деп едим.
Жан аўыртып жүргеним,
Ат сабылтып жүргеним,—
Сол Отаўдың кемтиги жабылар ма деп едим!

Араладым елме-ел,
кирип шықтым үйме-үй:
"Өз күниңе аман бол..." десип маған ермеди.



www.ziyouz.com kutubxonasi

*Жаўда кеткен бенделер,*
аразласқан ағайин,
Мен қәйтейин... Өзинен арыдағын көрмеди!

Уруў алаўызлығын тыймақ ойым бар еди,
*Усы бүгин, олардың мен боларман қурбаны.*
Әжелге бет бақтырмас батыр едим,
не пайда?
Анаў кек алғышлардың анталасып турғаны!

Сорлы елдиң бийлери сабацызға түсиңлер,
Қырып-жойып кетпексиз,
түпиринбең мушына.
Урыс туўын көтерип, қурсаң саўаш майданын,
Шырқырайды, айтың ким?
Найзаңыздың ушында!..

Қалсын енди әдира, мына саўыт-сайманым,
Семсерлер қан қаппасын, салыңызлар қынапқа.
Көргенлери аз емес, жаз күни де жаз емес,
Мына Елдин ул-қызын тентене етип жылатпаң?!

Бир-биреўге жаўығып, даўрығыўды қойыңлар,
Аттың басын тартыңлар,
кейниңизге қайтыңлар!
Қарақалпақ деген халық қурымасын десеңиз,
Жүрген жерде хәр ўақыт мириўбет сөз айтыңлар!

Сорлы елди тағы да
сорлатпақшы шығарсыз?!
Өз қолыңды өзлериң ашыў менен шаппаңыз.
Жуда етиң геллемнен; болсын соңғы қандарлық,
Мен өлейин!..
Кеўлиңиз кеңшип тыныш тапсаңыз!

Әмеңгерсиз, кимсесиз,—халқым мениң ырза бол...
Журтты Сизге тапсырдым: ырза болың Шайқымыз!
Көз жумарман, Елимниң Ел болғанын көреалмай...
*Қәне, батыл қыймылдаң!*
*Қан аңсаған қайсыңыз?!*

Намәртиңиз, мәртиңиз бәршеңиз хош қалыңлар,
Ғарғыс тасын жаўдырып, тиллейтуғын мен бе едим!



www.ziyouz.com kutubxonasi

Бар еткеннен Сизлердиң бахтыңызды тилеймен,
Хош! Хош!..
Әрманый дүнья,—
Аўзы бирликсиз Елим!..

*16-март, 1981-жыл.*

## СЕН МАҒАН СҮЙЕМЕН ДЕП ЕДИҢ...

Қанаты кесилип әрманлар,
Өзлерин отларға салған яр...
Кеўлимде дәрт болып қалған яр,
Сен маған, сүйемен деп едиң.

Өтермен айралық дағында,
Бул күнлер айланар сағымға,
Сол ақшам алма бағында,
Сен маған сүйемен деп едиң...

Бәрҳәма күтиўде бол жаным,
Жолыңа уласар жолларым,
Изиңнен созылған қолларым...
Сен маған сүйемен деп едиң?!

Мөлдиреп қуралай көзлериң,
Посадан туншыққан гезлериң...
Бунша не баўырым езгениң,
Сен маған сүйемен деп едиң!

Сен мени жандырдың күн болып,
Ашылдым, төгилдим гүл болып...
Мен енди жасайман ким болып,—
Сен маған, сүйемен деп едиң?!

## ҚЫЗЫЛ ҚУМ

Сенде тек, сарғайған қум емес,
Ләбин шөл кептирген гүл емес.
Самаллар тилинде муң емес,
Дәўирлер тәрийпи Қызыл қум.

Бабалар ат сүрип өткен жер,
Журт талай тәрк әйлеп кеткен жер,



www.ziyouz.com kutubxonasi

Соң ығбал-бахытқа жеткен жер,
Хош әтир, көк әлем Қызыл қум,

Уллы қум, нурлы қум бизиң қум,
Жоллары, қоллары узын қум,
Мудам гүл жайнасын жүзиң қум,
Қызыл қум, Қызыл қум, Қызыл қум!

Дәстинде шәҳәрлер қалған ба?
Гүл ашқан бәҳәрлер қалған ба?
Ишилген зәҳәрлер жалған ба?
Өтмишин қум жутқан Қызыл қум.

Халқымның кеўлиндей кеңлигиң,
Пейлиндей—ойың ҳәм дөңлигиң,
Бәршеге бар әжеп теңлигиң,
Күн меҳри қыздырған Қызыл қум.

Ардақлы Ана қум, нурлы қум,
Жүреги шерли қум, жырлы қум,
Сен Шопан ата, сен сырлы қум,
Қызыл қум, Қызыл қум, Қызыл қум!

Қушағың ҳүр мәкан жай болсын,
Мудам төрт түлигиң сай болсын,
Ҳәмдамың Күн болсын, Ай болсын,
Әўладлар қосығы Қызыл қум!

*Апрель, 1992-жыл.*

## ЯД ШЫРАҚЛАРЫ

*(Класслас қызларға)*

Өмир—кең адымлы, кең қулашлары
Нурлы дәргай бизден дым жырақлады,
Кеўлимнен сөнбес ҳеш яд шырақлары,
Неге, бул күнлери жатласып кеттик?

...Ким жарты зағара, ким пүтин шөрек,
Балалық ырысқысын бөлисип жер-ек.
Ең туңғыш сынақлар... шеректен, шерек
Теңнен қол усласып атласып өттик.



www.ziyouz.com kutubxonasi

Кир болса да жең ҳәм жағаларымыз,
Бизлерди ес көрип сағаладыңыз,
Алдаркатып үлкен ағаларымыз,
Гәде, еки ортада хат тасып кеттик.

...Өмир уўысынан дәндей шашылдық,
Ҳәр жерде көгердик, гүлдек ашылдық.
Ықбал гәде бизден өзин қашырып,
Турмыс тәшўишинен датласып өттик.

Сизлерди излеўге ҳәр пайт шағландым,
Эҳ, талай үзилдим... талай жалғандым.
Қашшан сарғыш тартқан жаслық бағларын,
Тәрк әйлеп, аўзына шат басып кеттик.

Тутсам, ҳәр бириңе бахыт кесесин,
Жүрек отыңызды—Әрман көсесин.
Ойларым көп гезер өтмиш көшесин,
Қыял жағысында қатнасып өттик.

*Октябрь, 1989-жыл.*

## УНИВЕРСИТЕТИМ МЕНИҢ, УНИВЕРСИТЕТИМ!

Халқымның үмити—әрманы,
Изинде келешек кәрўаны,
Жаслықтың шарқана тарлары,
Университетим мениң, Университетим!

Сен алтын материк ашылған,
Әлемсең жулдызлар шашылған,
Қәдеми уллылыққа басылған,
Университетим мениң, Университетим!

Даналық китабы қолыңда,
Интизам оңыңда-солыңда,
Әрманлар ағылар жолыңда,
Университетим мениң, Университетим!

Ҳақ нәзер салған ҳүр сарайсаң,
Илаҳий нур болып тарайсаң,
Әсирден, әсирлерге қарайсаң,
Университетим мениң, Университетим!



www.ziyouz.com kutubxonasi

Ҳәмийше жаслықсаң, тыңсаң сен,
Не дүркин әўладсаң, мыңсаң сен,
Ел-журтым көз тиккен шыңсаң сен,
*Университетим мениң, Университетим!*

Нурысаң көзлердиң қырағы,
Кеўлимниң суўсынлар булағы,
Билимниң мәңгилик шырағы,
Университетим мениң, Университетим!

Ўатанның нәўқыран шағысаң,
Ақыл-ойдың алтын таж-тағысаң,
Өмиримниң гүл ашқан бағысаң,
Университетим мениң, Университетим!

*6-апрель, 1994-жыл.*

## ҚАРАҚАЛПАҚЛАРДЫҢ ҚАРА ҚАЛПАҒЫ!

Өтмиштен, кешмиштен ғайыбым сорап,
Шежирени шөпшеп саламан орақ.
Ығбал дақылымды берегөр я Рәбб!
Қаяқта халқымның қара Қалпағы?

„Бәрше бас кийимин қәстерлер әне,
Қарақалпақ болсаң Қалпағың қәне?!"
Саўаллар жаўапсыз қалады және,
Қарақалпақлардың қара Қалпағы!..

Инсаный дүньяның бахыты, көрки,
Әўел-ҳа басында бар болғай ерки.
Оннан қала берсе қурашы, бөрки,
Көринбес халқымның қара Қалпағы?!

Ата-тегим анық, бар иргем, үйим,
Тек те кеўлимизде бир қатты түйин,
Қай ҳүкимдар заман салды екен тыйым?
Кийилмес халқымның қара Қалпағы?!

Қазанға мегзетип Зийўар жыр еткен,
Көп ағалар бас кийимсиз қур өткен,
Елди тәрк әйлеўге не мәжбүр еткен?
Қарақалпақлардың қара Қалпағы!



www.ziyouz.com kutubxonasi

Шөгирме де, тақыя да жат емес,
Бас кийимди жойтыў жақсы ат емес
Ол—халқымыз исми, мәзи зат емес,
Қәсийетли, муқәддес, қара Қалпағы!

Халқымызға жаны-тәниндей жақын,
Сенде кеткендей бар қудирет, ақыл,
Ҳештен кеш болса да бас қосқан мақул,
Көзден бир-бир ушқан қара Қалпағы!

Сорағлап, жар салдым изин, сүлдерин,
Болар ма шалқайтып кийер күнлерим?..
Керек! Зәрүр!.. Дәркар... ол елеберин,
Қарақалпақлардың қара Қалпағы!

*29-май, 1994-жыл.*

## ШАЙЫРДЫҢ ПАРЫЗЫ

Жүрек, жаны—тыңлаўы дәркар,
Кимниң қандай арызы болса.
Биз қәйтейик, мәнети артар,
Усы шайыр парызы болса.

Көзлериниң не жазығы бар,
Сулыўлықты оқыған, көрген.
Ығбал, усы қызлар деп мәгар,
Зибанына шайырлық берген.

Асты менен өтер аўырдың,
Қуралы тил, сөзер шақы жоқ.
Басқаларды қәйдем, шайырдың,
Елден ерек жасаў ҳақы жоқ.

Ой, сезими қоймас түртиўди,
Жақсы қосық жазылса—түлер.
Қайғының көз жасын сүртиўди,
Ол өзине миннет деп билер.

Тәғдир зарпын жутқан дәўир ол,
Халықтың сөзин айтыў—парызы.
Шайыр тутқан жол, дым аўыр жол.
Ҳәр кимсеге бардай қарызы.



www.ziyouz.com kutubxonasi

Сөзинен зер минар тикленген,
Нурландырып ақыл-ҳуўыш елин.
*Тәшўиш жүги оған жүкленген,* —
Барлық обал-саўап, исеним!

Ортасында от пенен суўдың,
Емлер өмирдиң жан жарасын.
Бөлиў ушын шайыр боп туўдың,—
Наҳақлық ҳәм ҳақлық арасын!..

*8-июнь, 1994-жыл.*

## СИЗЛЕР УЗАТЫЛЫП КЕТТИҢИЗ...

*(Қыз апаларым Ықлыйма ҳәм Әзиймаға)*

Шаўқым-сүренлерге толы ҳәўлимиз,
Дасқал өскенлердиң талас-тартысы.
Тийген де шығармыз зейинлериңе,
*Үйим пүтин емес...Сизлер жартысы.*

Ата-анамыз дизген гәўҳар моншақлар,
Өзиңизди бирим-бирим сөттиңиз.
Көзге түспей турып жасыл жапырақлар,
Басқа пасылларға өтип кеттиңиз.

Басқа бир гүлзарға көширилген гүллер,
*Ол бағлар сизлерге унамады ма?*
Минеп-шенеп баққан сыншыл көзлердиң,
Шыдам бердиңиз бе сынағанына?

Журт түрлише өтер бул жолдан, бирақ
Сизлер қылдай жолдан жүрип өттиңиз.
Туўған үйиңизге екенсиз қонақ,
Өзге мәкан—Ўатан дүзип кеттиңиз.

Алтын шаңарақтың шәқ жулдызлары,
Басқа, басқа үйлерге нүр болғансыз.
Тәрк етип таж-тахтлы қыз патшалығын,
Азамат ерлерге ўәзир болғансыз.

Өзге есик кирип-шыққаныңызда,
Шашыңызды илип тырнамады ма?
*Сыры кетпеди ме?*



www.ziyouz.com kutubxonasi

*Қылаў түспесин,*
Мөлдиретип таққан сырғаларыңа!

Үйиңизди кернер шадлы шаўқымлар,
Дасқал өскенлердиң талас-тартысы.
Бүгин ҳәр бириңиз бир пүтин Ўатан,
Бизиң Шаңарақтың сынған жартысы!

*14-ноябрь, 1985-жыл.*

## БАБАЛАРЫМ

Қысық көзли, күнге күйген ғүрең шырайлы,
Келбетиңиз қәд көтерген
Ойымда мениң.
Жүрегиме ойнақ салып, тамырларымда,—
Лепирискен қаныңыз бар бойымда мениң!

Мәкан еткен,
жүрип өткен излериңизди,
Сизлерди бир көриўди дым ҳәўес етемен.
Қушағыңа атылар-ем ҳеш жатсынбастан,
*Сол шаўқымшыл топарыңа ерип кетер-ем!*

Тулпарларың дүбир салып,
излеп келсеңиз,
Киндик қаның тамған топырақ
таппай барарсыз!
Сол ўақлары; қарақалпақша сөйлегениме,
Таңырқана,—
жүрек-баўрың үзиле қарарсыз!

Ҳәм еслерсиз:
Ата мийрас жасыл қырларды,
Төрт түлиги сай халқыңның жайлап жатқанын...
Билесиз бе?..
Бул дүньяның талай өзгерип,
Әўладларың талай жердиң дузын татқанын!

Сизлер барда: айналады мунарланған таў,
Ели-журтың кенарынан талай тасыпты.
Сизлер барда: гиркиресин аўлак салған жаў;
Сизлер кетип: ел шетине аяқ басыпты!..



www.ziyouz.com kutubxonasi

...Жаланашлап семсерлерди,
Аттан түспестен,
Ата журтын қызғыш киби қорып өткенсиз.
Жаў ләшкери шериў тартып
үстиңе дөнген,—
Сөтилместей саўытларды талай сөткенсиз.

Түнги дала,
жас егинлер,
нәрестелериң,—
Қутырынған дүбирлиден шоршып оянған.
Шоршып гелле, шоршып шөп-шар,
шоршынған әлем...
Қанларыңыз бенен бул жер,
Талай боялған.

Соннан берли өтип кеткен нешше әсирлер,
Бирақ, сизлер: ысық, жақын жанларымызға.
Елди сүйиў, ҳақ сөйлемек, туўыры жүриў,
Өзлериңнен өткен екен қанларымызға!

Ҳа—ҳа—ҳе—ҳе—ҳейй—әәйй!..
Бабаларым, елге шарлайман!
Қәне еди әсирлерден атлап өтсеңиз?
Әўладлардың топырланған жигер қылышын,
Қайраў ушын бир пурсатқа келип кетсеңиз!?

*20-февраль, 1981-жыл.*

## СТУДЕНТ—ЖАСЛАР ҲАҚҚЫНДА ҚОСЫҚ

Тоғыз балл даўыллар ҳеш нәрсе емес,
Теңизди таўларға урған қәҳәри.
Олар өр,—
Сол даўыл,
Сол толқынлардан.
Олар—дәўирлердиң гөззал бәҳәри.

Олар дарақлардай,
Жулдызлардай көп.
Олар—дүньядағы Бесинши океан.
Мәңги җаплап турар,
мәңгиге толқын...
Планетамыздағы—Әрман ҳәм Қыял!



www.ziyouz.com kutubxonasi

Илим-билим менен ҳәр күн шыңланған,
Ушқанда ҳеш талмас қанатлары бар.
Сөзлери—шақмақтан,
Жүреги—оттан,
Сондай бир қосыққа айланған олар!

...Биринши нәўбетте инсан затына,
Бир-бирине нағыз дослық болыў шәрт.
Өзгелер тәшўишин алса өзине,
Сол—өмирге қалқан болатуғын Мәрт.

Бундай дослықты ҳеш көрмеген жәҳән,
Жер жүзи тилинде бир қосық жаңлар.
Халық ушын қан төккен мың-мың жаслардың,
Жанындай шуғлалы бул нурлы таңлар.

Халық, халық ..
Инсан, инсан ..
Ҳәтте, Қара жер
Гейде өз-өзине сыймай дөңбекшир.
Таўды тесип өтер булақ көзлери,
Түнеклерде жасап қалалмайды нур.

Жаслық—қуллықтың тар буғаўларына,
Отыра алмайды қолларын берип.
Дүнья көксиндеги вулканлар мисли,
Қозғалысқан жерин кетер төңкерип.

Ким бузыўы мүмкин бундай дослықты,
Миллет, тән реңки, тиллер, яки дин.
Олар туўры сөзли,
Олар данышпан,
Олар суслы қурал,
Олар нәзик гүл...

Нәкаслықты көрип шыдап туралмас,
Ақыры, инсанлық деген нәрсе бар.
Ҳақыйқатлық туўындай ҳеш жығылмас,
Бәрҳама алдыңғы сапларда олар!

Бәри қол усласып шықса бирлесип,
Полат шынжырлардай үзилмейтуғын.
Қарасаң, шайқалып турған дүньяны,
Сол шынжырлар услап турғандай бүгин.



www.ziyouz.com kutubxonasi

Сол замат вулкандай шығар атылып,
Азатлық, еркинлик туншыққан жерден.
Олар сол еллерде бәрҳа бар екен,
Дүнья қалас жасар қәуип-қәтерден.

Керек, десе мына адамлар ушын,
Қайғыға алмасар шадлығын, сазын.
Өзгертер мылтыққа ҳәм пазналарға,—
Циркуль-сызғышларын, қәлем-қағазын.

Билим тауларының Альпинистлери,
Дүнья тәғдирине ауыртады жан.
Теңсизлик бар екен жердин үстинде,
Олардың гүреси етеди дауам.

Дурыс айланыў ушын өз көшеринде,
Инсанлар меҳрине зар Ана—Жери...
Олар, дүньямызды толтырып ушқан,
Парахатшылықтың ақ кептерлери!

*Июнь, 1985-жыл.*

## МЕНИҢ ӨКИНИШЛИ, ӨКИНИШЛЕРИМ...

Әкем бийшараның науқасы шығып,
Төсек тартып қалды қыс ортасында.
Апам, әжапамлар гезекпе-гезек,
Таң гүзетип жүрдик оның басында.

Арзымас бир иске кеткенмен сол күн
Қайтып келсем, деми үзилген ағам...
Мени көп сорапты жолға жаўтаңлап...
Сонда болалмадым .. Өкиниш маған!

Анам айтар еди мудам зинҳарлап;
„Таңда кеш турғанды тәңирим „өли" дер.
Балам, ертерек тур, бос қалып жүр ме?
Ырысқы күн шықпастан бурын бөлинер".

Кеш түсиндим усы рәўаятқа,
Кеш турып, кеш қалып бираз нәрседен.
Өмирим жартысы өткен уйқыда,—
Енди, өкинишлер жүректи пәршелер!..



www.ziyouz.com kutubxonasi

Сол қыздың лəбинен сүйе алмадым-аў...
Бир сөз айтылмады батылым жетип.
Қəлбим жылап, аңсап изледим оны,
Бирақ ол қол жетпес қалғанды кетип..

Соңғы кеш... сондағы асыққаныма,—
Өз-өзимди талай тирилтип, жерледим.
Колларынан тутып эҳ, сонда, сонда
Неге таң атқанша жүре бермедим!

Өкинишлер баўырымды езеди еле,
Барға-жоққа толып-тасыналмайман.
Азғана өмиримде көп қəтелерге,—
Аңбай жол қойғаным жасыралмайман.

Мениң, өкинишли, өкинишлерим!..

*10-август, 1982-жыл.*

## ҚАРАҚАЛПАҚ БУЛБИЛИ

*(Қосықшы Дəлибай Мəмбетмуратовқа)*

Бүлбилге тəқəббил əрманшыл ким бар,
Кеўлинде—жуп алтын сым, нурлы шың бар,
Билмеймен, жигитте қандай да муң бар,
Сағыныш, айралық, бирьян емес пе?

Жалынлап жанбасаң болмас қызғының,
Сулыўға ким қызбас, айтпас қызды ким,
Қамшы урмаң, тартпаң Илҳам дизгинин,
Бəйгиге ҳəмме де қардар емес пе?

Нəкаслықтың жүйрикке көп ҳазары,
Саздур—дəртлилердиң кеўил жазары,
Бир майданлық сулыўлардың базары,
Бирақ, мың жылға тең дəўран емес пе?

Мəртлер ылғал урса алғыр баз болар,
Ашық зарлай-зарлай хош ҳаўаз болар,
Ат намысшыл келер, ҳийле аз болар,
Тулпар тусаўланса əрман емес пе?



www.ziyouz.com kutubxonasi

Бәҳәрдей сезимтал, жазға уқсайды,
Қаңтарып сазланған сазға уқсайды,
Тодасынан қалған ғазға уқсайды,
Мисли, жаны-тәни жырдан емес пе?

Туйғын қустай жән-жағына қаранып,
Шадлық үлестирип, ушқын соранып,
Жалаңаш қалса да журтқа жаранып,
Жасаў, Ҳақтан келген пәрман емес пе?

Тәбияттан ағла сезим дарыўы,
Йош сәйгүлигиниң топты жарыўы,
Қосық—ақыл-ҳуўшын алған арыўы,
Олсыз, жас өмири гирьян емес пе?

Әжинияздың шийрин сөзиндей жигит,
Даўытбайдың қарар көзиндей жигит,
Сахнаға жарасқан өзиндей жигит,
Ҳалық көксинде ғумша жарған емес пе?

Жүрек зибанында—кеўиллер гилти,
Ҳаўазынан дағыр муң-гирбиң булты,
Өнеринен басқа жоқ қымбат мүлки,
Руўхсыз—ҳәйраныў-ўәйран емес пе?

Шешенлер сүйенер ақылға, тилге,
Нәзиклик берилмиш қызларға, гүлге,
Дәрт—туғыр болса да серхош бүлбилге,
Жан дүньясы гүлге қырман емес пе?!

*20-июнь, 1994-жыл.*

## СӨЗЛЕРДИҢ ТӘҒДИРИ

Дөҳмет қылышынан қан тамып турған,
Сөзлердиң қайғылы қара жыллары
Әжел әйдарҳасы ашқан аранын,—
Олар—халықтың, тилдиң дәртли уллары.

Гүнасы не, билмес... кимдур олардың
Көп бүлинген елин және бүлдирди.
Ер жүрек, ең қайсар, ең сулыўларын,
Өлим ағашына сайлап илдирди.



www.ziyouz.com kutubxonasi

Олардың тәнлери қаланып отта,
Оларды тирилей көмип таслады.
Оларды әкетти жыртық кемелер,
Жағыслар—көз болып көзин жаслады.

Сөз—гүл. Ғумшаларын түсирген жулып,
Шуғыллықтың сыйқақ тарғыл таслары.
Жипек бурымлары тасланған қырқып,
Жырылып қыйылған қәлем қаслары.

Сөзлер—тыррыўласып ушқан тырналар,
Көк дәптердей көкте сапқа дизилген.
Атқан оқларынан „Шекаманлар" дың,
Бәҳәр қосықлары—талай үзилген.

Сөз—ата-анадур, сөз—перзент, әўлад
Сөзлер—халықларды халық еткен—халықлар.
Дәрья, теңиз жырақ, әрманлар жырақ...
Мисли шалшық суўда қалған балықлар!

Аңшылар ийт салып түскен изине,
Сөзлер—жаўтаңласқан ҳайран кийиклер.
Ҳәр төбеде, ҳәр сай-салада қалған,
Өзлерин умытып қайғы—күйиктен.

Аўмалы-талмалы көши-кәрўаны,
Изге қайтатуғын жоллар кесилди.
Сөзлер—тулпар атлар...жалы-қуйрығы,
Тәғдир тақымында баўдай есилди.

Сөзлер—аҳыў-зарлы әрманлы қосық,
Олар ырғағынан жаңылысқан сазлар.
Мисли, Суңқар кустай қанаты сынған,
Мисли, тодалары бузылған ғазлар.

Ата-бабасынан мийрас үйинен,
Әрман бостанынан қуўып шығылды.
Ғайры елатларға етилди сүргин,
Тиллер, кем-кем арманырақ тығылды.

Сөзлер—көп шағылған таўларға уқсас,
Мисли, жаўдырасқан үмитли көзлер.



www.ziyouz.com kutubxonasi

Олар—қайыр тепкен дәрьямыз мысал,
Сөзлер, сөзлер, сөзлер... Әрманый сөзлер!

Дөҳмет қылышының шытнап турғанын,
Жәҳәнге жар салып айтыўда олар.
Күлдирер, жылатар бул муңлы шадлық,
Халқына—тилине қайтыўда олар!

*21-март, 1990-жыл.*

## БИР БЕЛСЕНДИ ЖИГИТ БОЛДЫҢЫЗ

*(Әжинияз шайырдың урпақларының бири, журналист ҳәм дилмаш Карл аға Махсудовқа)*

Тепсе темир үзетуғын ғайратлы
Баспада белсенди жигит болдыңыз.
Қәлемди ойнатып, тилди сайратып,
Китапта нәсийҳат-үгит болдыңыз.

Қызларды шарпыған жүрек ҳәўири,
Мың тоғыз алпыста жылдың сәўири,
Дилмашлықта дүбир салған дәўири,
Туўып-өскен елге үмит болдыңыз.

Әжинияз—қосықта Қубла, Кәабамыз,
Қызы Ҳүрзададан туўған бабаңыз,
Гөззаллық, шешенлик екен сағаңыз,
Бир сыр, сегиз қырлы жигит болдыңыз.

Жасыңыздан әке жолын таңлапсыз,
Дәўирлердиң ойы-қырын аңлапсыз,
Халық ушын руўхый байлық ғамлапсыз,
Билимге бир ата жуўық болдыңыз.

Бунда—бәҳәр, жаз паслыңыз өтипти,
Ўақыт—сонша жылларыңыз сөтипти,
Гүмис рең мәўсимиңиз жетипти,
Баспа отаўына уўық болдыңыз.

Баспа дүньясында күндей жарқ етип,
Отыз үш жыл өмириңиз сарп етип,
Енди аңсат емес кетиў тәрк етип,
Бизге қыл қыймас дос, туўыс болдыңыз.



www.ziyouz.com kutubxonasi

Перзенти, шәкирти, досты баспаның,
Жүздиң жүзин көрсин Өмир аспаның,
Даўам етип Карл Махсуд дәстаның,
Жеңгей менен алтын-гүмис болдыңыз!

*20-август, 1993-жыл.*

## ҚАРАҚАЛПАҚСТАН ҲАҚҚЫНДА ҚОСЫҚ

Дәўирлер көшинен егленип қал ма,
Әрманларды—халықлық әрманға жалға,
Бәрҳәма алға бар, мудамы алға,
Алтын шаңарақлы туўылған Ўатан,
Әзиз Анажаным—Қарақалпақстан!

Нурстан, Гүлистан, Станым, Стан!
Қарақалпақстаным, Қарақалпақстаным,
Қарақалпақстан!..

Өмиримиздиң саўлат, жарасығы сен,
Көзимиздиң нурлы қарашығы сен,
Ағла сезимлердиң дара шыңы сен,
Санмың кеўиллерге шуғла шашқан таң,
Ығбал қуяшымыз—Қарақалпақстан!

Бағстан, Шөлистан, Станым, Стан!
Қарақалпақстаным, Қарақалпақстаным,
Қарақалпақстан!..

Мәңгилик шынар бол, миўалы бағ бол,
Әрман сапарына ҳәрдайым тақ бол,
Қанша қыйналсаң да азат бол, ҳақ бол,
Саҳра бүлбиллерин шад еткен бостан,
Сен—жаным, сен—тәним, Қарақалпақстан!

Жүрекстан, Әрманстаным, Стан!..
Қарақалпақстаным, Қарақалпақстаным,
Қарақалпақстан!..



www.ziyouz.com kutubxonasi

## ӘЙНЕГИНДИ БИРЕЎ ҚАҚҚАНДАЙ...

Әйнегинди биреў қаққандай,
Ол самал емес,
сен билсең.
Кешлетип ушқан қусбекен,
Бир қарап жибер жөн билсең?

Сағынған ярың келгендей,
Негедур кеўлиң елжирер.
Ысырлып шетке перделер,
Көзлериң тысқа телмирер.

Сен бирақ, мени көрмейсең,
Жулдызлар жайнар тек, түнги.
Жәннетке алып кирейин,
Қараңғылыққа кел сүнги?

Ол жулдыз емес,—Үмитиң...
Жанып гә өшкен ҳәр демде.
Ол мениң дилгир көзлерим,
Қоздырар дәртги яр сенде.

Топ-толық көкиреклериң,
Әпекей, қайтар-тасынар...
Ҳәм бираз ойшаң көзлериң,
Бир бослықларда асылар.

Селк еттиң, келдиң өзиңе,
Сыңсысып ғазлар өткенде.
Кеўлиңе мисли, бүлбилдиң,—
Сеслери талып жеткендей...

*Ол муза,—жүрек даўысым,*
Еситер оны басқа ким?..
Ол бүлбил емес,
Кеўлиңде,—
Жаңғырығып қалған қосығым!



www.ziyouz.com kutubxonasi

## ТӨГИЛИП ҚАЛСАМ, ТӨГИЛИП...

Жас денең лаплап,
кирпиклер,—
Алысқан гезде ашырым.
Айнаңнан түсип, тинтинип
Барайын саған жасырын.

Үргизип көше ийтлерин,
Жүргеним қашшан, ығып тек.
Тиллесип, дийдар көрисейик,
Оңаша өзиң шығып кет?!

Көкирегиңде не дүрсил?
Жүрегим менен еситсем...
Тәниңди, тәним
Ләблериңди,—
Ләблерим менен бекитсем!..

Тапсырып саған өзимди,
Ҳәўирли демге көмилип,
Алдыңда сениң,
Саўылдап,—
Төгилип қалсам, төгилип...

## СЫБЫРЛА МАҒАН, БИР НӘРСЕ!..

Ойнасын жүрек, ойнасын
Сәл гене жақын кел яр, сен.
Бойымды бир от шарпысын,
Сыбырла, маған бир нәрсе!

Қәлемес, қәлбим
сол сөзлер,
Айтылса аңсат,—жалаңаш.
Сыбырла, демиң ентигип,
Тозғысын аз-маз қолаң шаш!..

Мәўижли сезимлериңнин,
Қайнаўытлаған жериннен.
Зарығып шықсын, зарығып
Жүрегиңниң ең төриннен.



www.ziyouz.com kutubxonasi

Мухаббет,—көзсиз деседи,
Лебизиң оған көз болсын.
Өзимнен басқа хеш кимге,
Айтылмайтуғын сөз болсын!?

Сыбырла маған бир нәрсе...

## СЕН КЕТТИҢ, ҚАЙТТАН ГҮРСИНТИП...

Жалт етти бир нур,—сол көзлер...
Булқынды бирден журегим.
Тозғыды қыялларым да,
Гүрсинди бирден жүрегим!

Майысып сол-сол кирпиклер,
Сүзиле маған қарадың.
Умыта жазлап өзимди,
Үзиле саған қарадым.

Кәдимги жақты дүньяда,
Барымды қайта сезиндим.
Сезиндим, кеўлим елжиреп,—
Өзимнен-өзим езилдим.

Билмеппен, бираз күнлерим,
Уйқылы-ояў өткенин.
Қыйылып әрман қанаты,—
Уша алмас, сен яр кеткели!

Бетиңниң алмаларында,
Ойылған наз күлдиргишиң.
Бойлары гене талдырмаш,
Қыз-ең-аў, сонда бүлдиршин.

Сен кеттиң... Қайттан гүрсинттиң,
Қоздырып ески дағларды.
Тепсинип қалды жүрегим,
Әрманлап өткен шағларды!

*Апрель, 1980-жыл.*



www.ziyouz.com kutubxonasi

## БИЙСӘЎБЕТТЕ ҚАҚТЫМ БА ЕСИК?

Бийсәўбетте қақтым ба есик?
Еглендиң яр, дәрўазанды аш!
Муҳаббатқа ерте-кеши жоқ,
Әне, жаңа батыўда қуяш.

Ол тәбият нызамы болсын,
Кеш кирип, таң турыўы атып.
Сен бақпайсаң... кетежақ енди,
Мениң үмит қуяшым батып.

Түн бүркеўде бар әтиряпты,
Кеўлимде түн болыўда пайда.
Өзиң киби бой гизлеп бүгин,
Көрингиси келмейди ай да.

Жүрегиңе жетпеген екен,
Ҳеш нәрсеге арзымас жырым.
Муҳаббаттың атлас па таңы,
Арамызға төсер ме нурын?

## СОЛ ТҮН ЖУДӘ ӨТТИ БИЙТАҚАТ...

Сол түн жудә еди бийтақат,
Мен оннан да бетермен сирә.
Сен жатқанда қол созым жерде,
Уйықлаў деген ең аўыр гуна.

Гуна болса менде не илаж,
Шуғла шаша алмасам ойыңа.
Бирақ бүгин гүзетиўим шәрт,
Есигиңди түни бойына.

Күшиклери жыласып атыр,
Олар неден азап шегедур,
Ийтиң сыңсыр,
бүгин барлық зат,
Муңлы көринисте негедур.

Алдарқайбас ғәрип жүрегим,
Бозлап шықты сол айсыз ақшам!
Көкирегимде соңы жоқ ойлар,
Күшиклериң киби таласқан.



www.ziyouz.com kutubxonasi

## НЕГЕ, УРЫ БОЛМАДЫМ ЕКЕН?..

Неге, уры болмадым екен?
(Қосық жазыў шәрт пе еди сырлап)
Үйиңизден тек бир нәрсени,
Сени ғана кетер-ем урлап.

Пәшек гүлдей шырмасып қашшан,
Жасар едик зауық-сапа сүрип.
Бунша, бунша жалынбас едим,
Өмирим бойы изиңде жүрип.

Биреўлердей майда сөз бенен,
Жүргенимде кеўлиңди аўлап.
Өтер едим, қайғысыз-дәртсиз,
Төгилмес-ем, буншелли саўлап...

Болсам бой ма, я бир бийзары
Сөзиниң жоқ, алды-арты, жөни.
Мәйли қандай жол менен болсын,
Өзимдики етер-ем сени.

Ышқы бағы қадаған болып,
Бизиң ушын жабылған қапы.
Бул, ярына қолы жетпеген,—
Өкинишли бир жигиттиң гәпи.

## ЯҚ, ЯҚ... ЕНДИ ЖАНҒЫМ КЕЛМЕЙДИ!

Сен ҳаққында питпес ойлардың,
Шыңыраўында қалғым келмейди.
Кеўилимдей жайрар қағазлар,
Қолға қәлем алғым келмейди.

Ҳүрлер ишинде сен ҳүр едиң,
Жан дүньяма түскен нур едиң,
Жайрап қалды енди жүрегим,
Қәйттим?.. Сеннен танғым келмейди!

Өмирим бойы күттим бул күнди,
Тәғдир рәўа көрипти түнди,
Тақатым тамшылап сырқылды,
Өткенди еске салғым келмейди.



www.ziyouz.com kutubxonasi

Қыялымды еле ертеди,
Сезимлерим еле бөртеди,
Күйгелек көзли яр өртедиң...
Яқ, яқ!.. Енди жанғым келмейди!..

*26-август, 1984-жыл.*

## ДҮНЬЯҒА САЛТАНАТ ДҮЗДИРГЕН СИЗЛЕР!

Әзиз урпақлары Ҳаўа—Ененин,
Тазаның дийдары, көзи гөненин,
Өмир, деп аталмыш уллы Кемениң,
Ескекшиси болып жүздирген Сизлер!

Шын тулпар—бийеден, алп—Анадан,
Сораң пайғамбардан, шаҳдан, данадан,
Анасыз—Кәабасыз екен қай адам?
Инсанийлық сезим ендирген Сизлер!

Әрман алтын тонын пишпеген ким бар,
Үмит жасқасына түспеген ким бар,
Муҳаббат шарабын ишпеген ким бар?..
Ышқы бағынан гүл үздирген Сизлер!

Сезимиз дузсыздай, қоспай сөзлесек,
Дәл нышана алыў қыйын гөзлесек,
Қыяң-кескиңиз көп, болмас төзбесек,
Жүрек-баўрымызды ездирген Сизлер!

Корольды, Балтаны кескен Көзгирлер,
Бәҳәр тәбиз, көк сүйриктей сезгирлер,
Ашықлық пирине жүгинткен Ҳүрлер,
Ғәрипти дәрбәдәр гездирген Сизлер!

Жанлары жуқарып, сезимин түткен,
Ана болып күткен, қостар боп күткен,
Сағыныш бағына мийўасыз питкен,
Бир қудирет күшти сездирген Сизлер!

Аллатаала баслап боларлар ҳәр ис,
Мәртликке, Ҳақлыққа тымсал—Тумарис,
Өмир арбасына ҳәр бириң—Арыс,
Еркеклерге қамыт кийдирген Сизлер!

Қыз—патшалық дәўран, дым шалқаярсыз,
Келинлик пасылда пәлек жаярсыз,
Аклық-шаўлық көрип, соң қартаярсыз
Әўладпа-әўлад шынжыр диздирген Сизлер!



www.ziyouz.com kutubxonasi

Та, бизге шекемги бираз шайырлар,
Сиясаттан... Як, ышқыдан майырлар.
Яр саўдасы, не қыямет қайымлар...
Зийўарды дининен бездирген Сизлер!

Дүнья гилемине өмир тоқыйсыз,
Пәклик шалғайына намаз оқыйсыз,
Ҳәтте, булақ суўы болмас қоқымсыз,
Тәшўиш түйиншигин түйдирген Сизлер!

Телпек кийгенлердиң ары бир деген,
Шүберек тартқанның бәри бир деген,
Инсанлық липасын жуўып, кирлеген
Сүйип билмеслерди сүйдирген Сизлер!

Дүнья өзлериңсиз соқабас, жетим
Тәғдир аўлақ салғай ойдайдың бетин,
Сулыўлық тахтында патша боп өтиң,
Қайтпас қайсарларды ийдирген Сизлер!

Қәдди-бойыңызда зәрре кемис жоқ,
Өмир дарағында бундай жемис жоқ,
Қыз кеўлин жаўлаўдай уллы жеңис жоқ,
Ер ме, шер ме, ҳалын билдирген Сизлер!

Тәңир аты киби жүректе сақлап,
Йош излеп, қол жайып барармыз ҳақлап,
Ада етеалмаған ҳеш шайыр мақтап,
Бизге сөз теңизин сүздирген Сизлер!

Дүнья жамалына жарасқан қалсыз,
Сезимизге мағыз, шийрин Қыялсыз,
Дәўир дигирманын тартқан Ҳаялсыз,
Шадлыққа салтанат дүздирген Сизлер!

Заман айлаўында сүрип өтиң Ат,
Пазыйлет бабында қалдырғайсыз хат,
Исмиңиз-жисмиңиз—Меҳир-Муҳаббат,
Бахытты-ығбалды күлдирген Сизлер!..

*Март. 1994-жыл.*

---

*Халық аралық ҳаял-қызлар байрамы 8-март күнине бағыш-ланған Республика ҳаял-қызларының салтанатлы мәжилисинде пайтахтымыздағы мәдeнiят сарайында оқылды. (Х. Д.)*



www.ziyouz.com kutubxonasi

## СЕН, ҚАЙҒЫНЫ ҚОЙ ЕНДИ!..

Саў басыңды саўдаға,
Шатпасын-әй, шатпасын!..
Шоры шыққан көз жасың,
Қабағыңа қатпасын.

Ҳешким қол ушын бермес,
„Сорлылар!“ деп аяр тек.
Сырт билмес сырларыңды,
Дуйым журтқа жаяр тек.

Жүректи қурышелли,
Шырлатқаның қалады.
Дәрт-ыза пышығына,
Тырнатқаның қалады.

Сәл нәрсеге қынжылып,
Аўзыңыз қыйсаймасын.
Үмит шаңарағыңның,
Уўықлары таймасын.

Көп қосып арқалаўдан,
Еңкиш тартқан бой енди.
Көз жастың көмеги жоқ,
Сен қайғыны қой енди!..

Қамсық па, қабағыңның,
Шорланғаны қалады.
Жемтик боп кетпес ушын,
Тис қайрап ал шамалы!

*2-май, 1990-жыл.*

## ҚОРАЗ БЕНЕН ИЙТТИҢ „ХЫЗМЕТИ“

Ҳеш ўақ ғаплет уйқысына батпаспыш,
Журт сергек тартсын деп бийғам жатпаспыш,
Шақырып турмаса таңлар атпаспыш,—
Үшекте отырып мақтанар Қораз.

Мисли, аўыр жүкти тартып келермиш,
Шаршай-шалықса да жортып-желермиш,
Мойнына қамыт ағаш салып өлермиш,
Арбаның астында қиятырған Ийт.



www.ziyouz.com kutubxonasi

## ӨШ АЛЫЎ

Дүньяға ғәзийне ойы-ақылы,
Қыйын түйинлерди аңсат шеше алар.
Нәкаслық аралас ығбал дақылы,
Адамлар бир-бирин шалып өш алар.

Ақ көбик боп алма көзи жасланып,
Ар-намыс деп ширин жаннан кеше алар.
Туяғы кетилип, алға тасланып,
Атлар бир-биринен озып өш алар.

## ҲАСАНЫҢ БАСЫ ҲӘМ УШЫ

Жудырықлар ойын курар да турар,
Мойныңды ҳәр жаққа бурар да турар,
Мудам тас төбеңнен урар да турар,
Ҳасаның бас бети болмаған мақул.

Көксиң муң пәнжеси бүрер де жүрер,
Маңлайың қос қоллап тирер де жүрер,
Өмиринше жерге кирер де жүрер,
Ҳасаның уш бети болмаған мақул!

## НАМӘРТЛИК!..

Өмир сынағынан ким қалай өтер,
Шадлық қурап-тигер, муң-тәшўиш сөтер,
Халқыңның ар-намыс байрағын көтер,
Дүньяға тек мәзи келиў намәртлик!

Өзгелер бир пәтте, өзин қаралап,
Кеўли геўгим тартып, изин қаралап,
Ҳүрдей ҳақыйқаттың жүзин жаралап,
Ҳақты наҳақлыққа телиў намәртлик!

Сомланған сап, сезгир тәниң бар екен,
Тән ишинде аршыл жаның бар екен,
Жүрегиңде жанған жалын бар екен,
Ошағың ошарлып сөниў намәртлик!

Басқаға қампәтир жағдайың-жайтың,
Кемлик келип болар жеккелик пайтың,

Дәрт таяў, бойламас кейинге қайтып,
*Ыза азабына көниў намәртлик!*

Руўхың изинде жүрмегей налып,
Инсанийлық гилтиң өзиңде қалып,
Дастығыңды бирге кетпесең алып,
Душпаннан жеңилип өлиў намәртлик!..

*1-июль, 1994-жыл.*

## ЖҮЗИҢДЕ ДҮНЬЯНЫҢ ЖҮЗ МЫҢ ЖИЛЎАСЫ

Бурын ҳеш қыз затын көрмегендеймен,
Бойым яра қосып өрмегендеймен,
Сулыўлықты жаңа сезлегендеймен,
Шөлиркеп, тарқамас қумарым менен.

Дүнья сүйип, күйип қарасар саған,
Кеўиллер хош сезим орасар саған,
Қосықтан гүл тақсам жарасар саған,
Сөз саплап, қалмаған қарарым менен.

*Тулған сом алтындай, жаның гәўҳардай,*
Меҳир-муҳаббатың абы-кәўсардай,
Нәзериң қыл жалап турған жәўҳардай,
Қан жылатар кеўил сорамым менен.

Ҳәр жыллы лебизиң шийрин посадур,
Ләблериң муҳаббат толы кесадур,
*Қылығың қыялым жолын тосадур,*
Жүрегиңнен елткен хабарың менен.

Аққуўдай жүзерсең, қолларың қанат,
Тилиң сүжик-сүжик, сөзлериң набат,
Ҳәр бир қәдемиңде уллы салтанат,
Кәдди-қәўметиң жүп әнарың менен.

Жүзиңде жәҳәнниң жүз мың жилўасы,
Көзиңде илаҳий ышқы шуғласы,
Өзиңде бар сулыўлық жәм қулласы,
Бизди бәнт еттиң қос жанарың менен!

*20-март, 1994-жыл.*



www.ziyouz.com kutubxonasi

[illegible]

## ШАЙЫРМАН ДЕП АЙТЫЎ ОҒАДА ҚЫЙЫН...

Қарағым, әпиў ет, билмем, саўалын,
Гүмана, бар яки жоқдур даўамым?
Бизиң кимлигимиз еле намәлим,
Шайырман деп айтыў оғада қыйын!

Шаҳ ойыны киби көшип билмесең,
Даўлап жаныңң турып өшип билмесең,
Тәғдир түйинлерин шешип билмесең,
Шешенмен деп айтыў оғада қыйын!

Ушқыр оқлар, кескир қылышлар ҳеш ғәп,
Кеўлиң пүтинленбей жараспас йошпақ,
Журтың жалтаң екен, барлығы бос гәп,
Батырман деп айтыў оғада қыйын!

Аяқ—жол жүрерде, қанат—ушарда,
Табылсаң тек поса, тек те қушарда,
Жан қыйнамай жетсең яр емес яр да,
Ашықпан деп айтыў оғада қыйын!

Ығбал базарында қыйлы нарқ болса,
Ел ишинде жер-көк киби парқ болса,
Пуқара өз тәшўишине ғарқ болса,
Басшыман деп айтыў оғада қыйын!

Жан-сезими халықтан нәр алмас екен,
Жақсылық нуры боп таралмас екен,
Жәўҳар қылыштай тик баралмас екен,
Шайырман деп айтыў оғада қыйын!

*17- июль, 1994-жыл.*



www.ziyouz.com kutubxonasi

# ИЙЕСИЗ ЖУРТ

*(Поэма)*

*Әкемиз бийшара—жүдә бир кеўили бай адам еди. Иним Шүкирбайды — Айшүкир, кишкентайымыз Генжеханды—Ақгенже, сени болса Ҳәмийқыз, Ақҳәмиш деп төбесине көтерип, мойнына мингизгенде мисли таў басына шыққандай болар едиңиз. Қәйдем, қарақларым!.. Биз сөннан берли оннан сәл бәлентирек—шадықоррамлық бийиклерине шығып көрдик пе екен сирә?..*

*Қарындасым, ҲӘМИЙДА! Ийесиз қалған журтымыз „Қыйсық терек“ ҳаққындағы өткен күнлер дәптеринен көширип жазған усы кеўил дәстанымды меҳирбан—Ата, ғамхор—Анамыздың алдында өткен шағлардан—өзиңе ағалық, туўысқанлық тилеклеслик пенен усынылған кишигирим естелик деп билгейсең!*

*(Автор)*

Мен аўылдан кеттим ертерек,
Мәгар, қуры шаптым далаға.
Турмыс соны еткенди зәрүр,
Соң, иним де көшти қалаға.

Кексе Анамды, қарындасымды,
Үйдиң аўыр дәскесин алып,
Көшти...
бизиң „Қутлығяғымыз“
Барған жерде жүрди таланып.

Кетип қалып жүрди аўылға,
Оған ҳешким дыққат бөлмеди.
Абзал көрип ески мәканды,
Бир күнлери... қайтып келмеди.

Ийтаршылық—не дәркар ийтке?
Барған жерде керек оңысық,
Тәбиз билмес ийт, пышық ушын,
Қырын қарар бираз қоңысы.

Ҳәр бәҳәрде келер қарлығаш,
Шийлеўсиз сол дәлизимизге.
Баўыр басып қалып-ек, бирақ
Көшкен ўақта ермеди бизге.

—Пешем емес: кимдидур тиллеў,
Обалы не? Ериўин, ерди...



www.ziyouz.com kutubxonasi

Сезиң изге қайтпасымызды,
„Шырр-шырр“ етип жылап жиберди.

Өкиништиң курсаўы қалың,
Ишки туйғым етиледи паш...,
Үнсиз-түнсиз қалды бағымыз,
Ермедиғой... бир де-бир ағаш!

Сырлас, қыймас деп жүрсек, олар,—
Тек, жерге бас ийеди екен-аў.
Сол топырақты бизден де көре,
Ҳақ, ҳақыйқый сүйеди екен-аў?

. . . .

Ядқа түссе туўған мәканым,
Еңсем түсип, қаларман жаўрап.
Ата журтым қарап турғандай,—
Әкем болып—көзи жасаўрап...

* * *

Жазылажақ кеўил шериминиң,
Мен унамсыз қаҳарманыман.
Қаланбаса ошаққа отың,
Қазан шалқып, булқыйма қуман?

...Сийрексипти „Майда жийде“миз,
Киятырман, қолымда балтам.
Көп қырқылып, шабылған таллар,
Болып қапты-аў дымгене жалтаң!

Хабарласпас биз бенен енди,
Дүңкийискен гөне түбирлер.
Ағаш түўе адамларды да,
Тәғдир деген, аяўсыз бирлер.

Әкем пақыр, жемис-жийдеғин,
Пуллар еди базарға сатып.
Ал, биз...
Оның нурланған бағын,
Не күнлерге қойғанбыз шатып?..



www.ziyouz.com kutubxonasi

Түби менен бердик көтере...
Ким жарғылар, ким тросс салып.
Ал, дарақлар табан тиресер,
Жерге беккем асылсып алып.

Қарсыласар..., ақыры болмас,
Туўған жерин қушып жығылар...
Сол күнлерди еслесем бүгин,
Өкиништен жаным сығылар.

Айтысқанды, бәлким дүйым журт,
Сөз—қәлбимди тырнап қазар дым.
„Қолы қуры емес еди-ғой,
Әттең... молла Дәўлетназардың..."

Қыйнар енди ҳүждан азабы,
Себеби, бул—ойсыздың иси.
Шаншып едим өзим шүлликлеп,
Мениң менен жаслас көбиси.

Биреў егер, биреўлер жулар,
Кимдур бузар, кимдур дүзетер.
Бул өмирде кимдур қолы суқ,
Оны кимдур қорғап—гүзетер.

Әке руўхы кеширгей бизди,
Түсе алмадым мүлкине ара.
Соннан мениң кеўилим дағлы,
Журтымның да жүреги жара.

Геллеклеңди талай мәртебе,
Талай нарттан шықты таллары.
Дым-дым сийреп қалған ағашлар,
Әкемиздиң ғамгүн баллары...

Сүйеклерин өлген ағаштың,
Сон әкетер ҳәрким сүйретип.
Ата-ананның айтпағанын да,
Қоялы екен турмыс үйретип.

Олар көрип-билмеген ислер,
Соқпағында көлденең жатар,



www.ziyouz.com kutubxonasi

Аңлытады қәўип-қәтерге,
Қыйыншылықларға сынатар.

Көбейтеди қарыз-парызды,
Кимге? Қашан? Қалай өтелер?
Үйретеди шуқып көзиңе,
Мурныңа жип тағып жетелер.

...Мениң муңлы әкем қусайды-аў,
Ыңыранысып, гүрс-гүрсс қулаған.
Ар-намысым ағашлар менен,
Сатылғандай туйылар маған!

* * *

Сағынышым, кем-кем бийтақат,
Сол күнлерден узаған сайын.
Өтмишимниң ял шырақларын,
Қыялымда қайттан жағайын.

Жан дүньямның көптен беклеўли,
Есигинен үңилдим және.
Суўық сезим бойымды қарып,
Өз-өзимнен түңилдим және.

Бай,—деп жүрсем, кеўлим жупыны,
Тусаўлы аттай әрманым шабар.
Аўылымнан, Анажанымнан,
Көптен берли алмаппан хабар.

Қыршын кеткен жан досларымның,
Бар емес пе еди баллары?
Жоралықты келтирип бәржай,
Сорамаппан, арзы-ҳалларын!..

Туўған жерге куштарлық сезим,
Мени көптен жеңип жүрипти.
Қыяметлик жорам Дәўлетбай,
Түсиме көп енип жүрипти.

Бул не болар?
Марҳум руўхы,
Жаталмайды-аў кеўлин жәм етип.



www.ziyouz.com kutubxonasi

Балалықтан өскен достынан,
„Тийе берсин“ жүр ме дәме етип?

Қыйнала ма, өз үйин таппай,
Басқан ақбас, соралярына.
Гүлайханың, еки перзенти,
Ууайым ба жоражаныма?

Фәтҳә еткенде исми тилиме,
Түспей қалған бармеди пайты?
Егер, оны умытып кетсем,
Ҳаў, мениң дос болғаным қайсы?..

Мени көрсе қалар қамсығып,
Қыз апасы Абадан апа.
Көзине жас толмасын неге?
Неге ғана болмасын қапа?

Неге ғана кеўли бузылмас,
Сезимлерин қайғы сындырар.
Маңлайына жазғанын көрген,
Жетимликте өскен муңлылар!

Шарқ урып бир ушпай атырып,
Тәғдир қос қанатын қайырса.
Көсилип бир шаппай атырып,
Дойнағына урып майырса?..

...Баслаң мени қәдирдан жоллар,
Қулыншақ боп өскен үйиме.
Жаздырлар ма, өкиниш түйген,
Кеўлимдеги шийе түйинлер?

Ашшы сезим жанымды қарпып,
Тәғдиримнен түңилдим бүгин.
Мен өзимди умытып барып,
Жүрегиме үңилдим бүгин!

Мен, кешиктим...
мына өмирде
Көбинесе жүрдим утылып.
Енди, сол-сол ҳинжи—әрманлар,
Моншақтайын кеткен сытылып.



www.ziyouz.com kutubxonasi

Кеңлерге—кең. Тарға тар—дүнья
Гә де зыят керегиңнен де.
Назырқанар ҳәтте, пүтинге
Биреў қайыл, шерегиңе де.

Өмир—деген қустайын еркин,
Мол-көл. Гей ўақ толмас уўыс та.
Жетe бермес созған нәрсеңе,
Мүтәжликтиң қолындай қысқа.

Адымлары алшақ—ўақыттың,
Тутып болмас: жуўырғыш, епли.
Бул тәғдирге исенбек қыйын,
Минези бар: бир оңлы-шепли.

Ертип кетип ушқалақ сезим,
Таңып қойған көрер көзимди.
Сөйлейтуғын тилим болса да,
Айталмадым бираз сөзимди.

* * *

Жарқыраған айдай моржасы,
Көптен дүтлеп тазаланбаған,
Сығырайып жанған бир шыра,
Бәрҳа қарап турғандай маған...

Үйимизге ҳәрқашанғыдай,
Геўгимли кеш келгенде кирип,
Шыраларды жағады Анам,
Гибиртиклеп, сөйленип жүрип.

Ерте жатып, турыўды ерте,
Зинҳарлайды бизге удайы.
Ал, китаплар нәсийҳат оқыр,
Сырқылғанша шыраның майы.

Шыра май...сол тоқыма пиликлер...
Таўсылмастай сезилер еди.
Өмирди де ойлаппан усылай...
Жүрек-баўрым езилер енди.

Береалдық па кешлерге жақты,
Үлгердик пе дүньяны танып?



www.ziyouz.com kutubxonasi

Қәҳәт майдай сол ўақыттағы,
Сырқылармыз бизлер-әм жанып.

Өткен күнниң сақлап сәўлесин,
Сезимимнен сөнбейди сирә.
Өжиресинде кеўлимниң гүңгирт,
Илдириўли турар сол шыра!

Өмир—паныс...мың-мың пәнжире,
Биреўинде биз ҳәм бир пилик.
Шытыр-шытыр жанарман жылап,
Шытыр-шытыр жасарман күлип.

Айналмақта күнлерим күлге,
Баратқандай мәнетим артып.
Жасарады-әрман, үмитим,
Өзим кем-кем егеде тартып.

Ғарры қыздай сыйпап-сыланар,
Басын бәйги жолына тиккен.
Ой-қыялым таўлар қамышы,
Шабандоздай тойдан кешиккен.

Түўесилгенше бойда қызғыным,
Ушқынларман болса дегеним.
Тәғдир үплеп қатақалмаса,
Еле өшким келмейди мениң!

* * *

Аўылымыз, қәдимги аўыл,
Сағындырған ысық жамалы.
Парақлаўда кеўлим дәптерин,
Өткен күнниң жипек самалы.

Балалықты ядқа салыўшы
Бул самаллар қай ўақта тынған?
Әне, үйим...
арғы қапталда,
Арба тур, бир арысы сынған.

Мақул-аў, бул арба жөнинде,
Табағойса сөзим жүйесин..



www.ziyouz.com kutubxonasi

Сәл ертерек жоғалтып едик,
Бизлер оның нағыз ийесин...

Соң-соңғане қапашылықтың,
Аўыр қосын туўарып еди.
Усы арбаны сатып алғанда,
Баладай боп қуўанып еди.

От-шөп тасыр, гә төгин төгер,
„Ақ гүррени“ арысқа жегип.
Не рәҳәт көрди өмирден,
Өткендей-аў, тек, азап шегип.

Әне, арба...
торланар кем-кем,
Қатпар-қатпар көкирек шерим,
Узақ жоллар қаўсатып әбден,
Желиндирген дигиршиклерин.

Жаң әкемдей талыпты ол да,
Өмир жолы кесилип жатыр...
Шаңарақтың ески арбасын,
Байғус Анам тартып киятыр.

* * *

Қайыр тепкен „Қыйсық терек жап“
Баяғыда ылайтып аққан.
Аўыл—деўден тилге оралған,
Мынаў мениң бийшара шатпам.

Кирип-шығып босағамыздан,
Үйир еди шадлық та, муң да.
Жуғырласқан палапанлардай,
Ушып-қонып жасар-ек бунда.

Жасар едик: тәшўиш не, дәрт не?
Турмыс салтын аңғармай, билмей.
Ата-анам гүл екпеген менен,
Ай-қызларын өсирди гүлдей.

Ойларыма аркаў сол шағлар,
Тек елеслер енди түс киби.



www.ziyouz.com kutubxonasi

Уямызды кеткенбиз бузып,
Бир безбүйрек иаймыт кус киби.

Бир-бир ушып кеткен көзимнен...
Сорағлайман опадарлықты.
Өзге түўе, өзимди өзиме,
Уқтыралмай үним қарлықты.

Ҳешким көптен изеп баспаған,
Қыр-әтирап қарар елерип.
Ҳәтте, тамның дийўалларына,
Ақбас, жантақ кеткен көгерип.

Шеңгеллердиң, жигилдиклердиң
Жармасады шаты-тикени.
Журт ийеси сол жуп қумыры,
Енди бәлким танымас мени.

Мақтағандай нәрсе жоқ ҳәзир,
Қағып-силкип сөйлермиз минеп.
Бизиң анаў ийт кетекке де,
Жүрген шығар шағаллар түнеп.

Бул гәпиме түсине ғойса,
Түлкилер де мысқыллап күлер.
Ийеси тәрк еткен мәканда,
Жасамақты олар да билер...

Үй алдында сығасып өскен,
Енди бирең-саран „Майда тал".
О, кудайым!.. Қарлығашлар ма?..
Ақыл-есим ҳайранлықтан лал.

Бахыт киби бул әжеп куслар,
Усы жайдың тәнҳә бәҳәри.
Көшпепти де, шайқалмапты да,
Қатар қонған үш-төрт „шәҳәри".

Қарлығашлар кеширимли-ғой,
Урысып-кейип, соңыра жубатар.
Ҳүждан мени жазалаў ушын,
Садағынан ғам оғын атар,



www.ziyouz.com kutubxonasi

Эҳ, ығбал-әй... рийзалықған,
Төппеллеме толалмадым-аў.
Садықлықта туўылған жерге,
Қуслар шелли болалмадым-аў!?..

Аўылымыз, баяғы аўыл,
Шадлы шаўқым-сүрени тынған.
Жай сыртында саўсап-қаўсаған,
Сол арбамыз арысы сынған.

Бул ағашлар қашшан өлгели,
Соннан берли жатыр жерленбей.
Жә-жәқ... көмип таслаўдан көре,
Сүйеклери сақланған жөндей.

Сезим—қазық, балғадур—ҳүждан,
Көкирегиме қағады сына.
Халқабадқа қатнап-ем *талай*,
Минип оның алтақтасына.

Желден жүйрик әрман-қыялды,
Көз илеспес алға оздырдық.
Соннан берли не-не күнлерди,
Ҳәтте, услап-тутпай тоздырдық.

Бәҳәр менен жаз орталығы...
Шалбарымның балақлары кең.
Ағысы жоқ аўыр сезимлер,
Енди кем-кем тартпақта терең.

Көксимдеги ғәрип жүректи,
Алдап-арбап келген көзлерим.
Талай езип-жеңшти-ғой оны.
Иштен шықпас аўыр сөзлерим.

Жаңа-жаңа *байқап қарадым*,
Жолларымның ойын-бийиги.
Қәдемлерим көшпейди жеңил,
Аўыр енди аяқ кийимим.

Қанша жамап-жасқаған менен,
Кем-кем қыйрар өмир ҳәремим.

Шадлық—қадак, тәшўишим—батпан,
Майысыўда кеўил тәрезим.

...Ақ соқпақлар шеп бастырыпты,
Аяқ, туяқ таплап шарпатқан.
*Дәўлетбайдың* қоңысы бетки,
Жийде өткел *алынған жаптан.*

*Бул* жерлердиң көз жасы—жамғыр,
„Қыйсық терек" самалы қатты:
Жүрегимниң әрман дийўалын,
Талай тиклеп, талай қулатты.

Бир-бир дәрттен ҳәр *шаш түгинде*,
Ҳеш мойымас, емендей берик.
Енди буннан табалмай турман,
Жан әкемниң изин теберик.

Ҳеш бир перзент ата-анасын,
Анық *аңлап*, түсинбес толық.
Кеш билермиз қәдир-қымбатын,
Бийшаралар кеткен соң өлип.

Билмеппен-*ғой*, әкемди мен де,
Бизге ат ҳәм арба, ҳәм *арыс*.
Сүйетуғын шекемди гейде,
Шаппатлары жақыннан таныс.

Жаңсақ басып, ис етсем қәте,
*Изсиз* қоймас, жазалар ағам.
Ҳешким *билмес сол* шаппатлардың,
Талай керек болғанын *маған!*

Тәғдир мақул деп тапқан болса,
Шабылып, батып, жанайын дедим.
Өкиништен, дәрттен, ҳүжданнан,
Жүдә-жүдә көп шаппат жедим!

* * *

Кем кеўил *халық*—қыз туўысқанлар,
Маған аўыр көз жас қылғаны.



www.ziyouz.com kutubxonasi

Көкейимде... Әжапаларым,
Қуўдай сыңсып узатылғаны.

Жат журтлық боп кетти муңлылар,
Сынық кеўли шыл-пәрше сынып.
Алтын уя—„Қыйсық терек"ке,
Телмирисип, кустай талпынып.

Жас суйриктей қарындасларым,
Жаўдыр көзли, гүмис айдарлы.
Қарақларым мийнет белбеўин,
Беллерине ерте байлады.

Эх, аўыл-әй... Әрманласым-әй...
Улы-қызын мүләйим, ғәрип.
Таныл билмес қалалы баллар,
„Әлипбеңде" қырқ бир мың ҳәрип.

Шақасына зил түссе гүлдиң,
Тамырына келмей ме зақым?
Оларға дурыс еттиң тәрбия,
Ойынлардан—кем бердиң ҳақын.

Арба айдап, төктирдиң төгин,
Шопан еттиң изинде малдың.
Китапларын қолынан алып,
Орақ берип атызға салдың.

Соң барылар мектепке бунда,
Сабаққа да қойдың қатнатпай.
Инилерим, қарындасларым,
Кетпен шапты буўыны қатпай.

Еки бирдей қыз апам бәлким,
Сол себепли оқый алмады.
Көгереңлеп доқ урған дәўир,
Басқа не-не зәўлим салмады...

Мен де сендей—әпгер де-тәптер,
Қан жылларман... тек, пүтин сыртым.
Жан әкемдей көзи жасаўрап,
Қәсте жатқан ийесиз Журтым!



www.ziyouz.com kutubxonasi

* * *

Бердимурат ахун еккен бағ,
„Қыйсық терек“ жап“тың сәл өри.
Асты-үсти төгилмей қалмас,
Баслы дақыл: тары, жүўери.

Тыным билмес ағам бийшара,
„Ҳилғақ“ урып, атады сақпан.
Заман күлип бақпады оған,
Ал, ол, заман тәбизин бақкан.

Пәп-пәкизе дәстүрлеримиз,
Халық кеўлинен кеткендей өшип.
„Теперишлер“ көзине түртки,
Жол бойында бар еди мешит.

Жери бозаң, жаплары суўлы,
Ғаз ҳәм қуўлар бар еди көлде.
Әдиллиги қақ жарған қылды,
Кәткудалар бар еди елде.

Қора, төле, кетеклерине,
Қонақ болған қоян- қырғаўыл.
Дигирманы, тандыры ортақ,
Шийи-шийлес гез еди аўыл.

Қазыў шығар ала бәҳәрден,
Суймен салып миз бақпас тоңға.
Шадлық солқымларым үзилген...
Дәўек жорам тири еди онда.

...Көзлеримди суўғарар көз жас,
Қопа, шоқа үйиниң тусы.
Жарғы, балта қырғын тийгизген,
Бағымыздан қалғаны усы.

Ең генжетай Генжеханымыз,
Жүретуғын гез апыл-тапыл.
Суўға ығып кетип бир күни,
Сақлап қалған жийде паяпыл.



www.ziyouz.com kutubxonasi

Көкирегине қан қатқыр өлим,
Басылмады-ау, жаннан — жериги!
Марҳум иним Сапарбайжанның,
Сәл бериде бир түп ериги.

Балаға тән қылық-қәсийетлер,
Қозы-улаққа шекем бөлисиў.
Ушырды көп пәтпелеклерди,
Буйырмады өзине ушыў.

Жүрек шайды болған ата-анам,
Талай сары уўайым жутты.
Өлимшилик көп болды үйде,
*Тәғдир және қабағын шытты.*

Жүз үгирер қуў түўе жастан,
Өмир — көшпек ойынын бузып.
Талпынып, тал қарманған менен,
Әжел сели кетер ығызып.

Тәмедар боп усы баладан,
Үлкен үмит етип жүр едик.
Аўырғанда, қудайталадан,
„Тәўир ет!?“ деп соңша тиледик.

Жалынып ҳәм жалбарыныўмыз,
Тыңланбады, болмады қабыл.
Әзирейли келди, қолтықлап,
Жазып толмас қара китабын.

...Жигит ағам Убайдулланың,
Теңбил торы аты бар еди.
Нәзик, сезим парақларында,
Жипек сөзли хаты бар еди.

*Балалықтың айтасаң несин,*
Ҳәр нәрсеге болғыш-ақ куштар.
Қәне, — деймен усы торыға,
Минип алып қуйындай ушсам.

Бир сапары қарымға тартып,
Таралғыға аяқты салдым.



www.ziyouz.com kutubxonasi

Жәниўар мени алды да кетти,
Ат үстинде узақ сандалдым,

Қайшыланған қос қулағынан,
Гүўлеп-шуўлап самал еседи,
Оммақазан атып жығылдым,
Сонда маған жалын төседи*...

Өмир—асаў аттан да бетер,
Айбықәддем екени айғақ:
Тақымың сәл бос болса қыйын,
Минип өтсең мудамы жайдақ.

Ығбал атын қосып бәйгиге,
Кеўлим сирә толып-тасты ма?
Жал-қуйрығын төсемек түўе,
Туяғының түстим астына,

Бала едим сүйеги усақ,
Сол себепли көзим жасланды.
Батырлықты үйрениў ушын,
Оқып шықтым талай дәстанды.

Түслериме „Ийшан қала" ны,
Қорғап турған батырлар енди,
„Ханжығалы жап" тың бойына,
Қатар қонған шатырлар енди.

Үмит еттим, таўып алсам деп,
Ханмақсымның қалқан-қылышын..."
Даўрығы зор ҳәўлеки заман,
Қулағымды таўлар бул ушын.

Алпамыстай шықсам қайралып,
Мәртлик, ҳақлық болып мойтумар.
Гулпаршынды қайдан излермен,
Табылмады маған Байшубар.

...Желаяқлық—асқан қәбилет,
Баллар сондай минез-қулықлы.
Иске салып қумырысқаларды,—
Излетер-ек ғулығулықты.

---

*Жақсы ат үстиндеги адам жығылғанда жалын төсейди деген бир ҳикмет бар.



www.ziyouz.com kutubxonasi

Табанларға еткенбиз сүрме,
Асығыслық тәндур ўақытқа.
Лекин, шабан шықса несийбен,—
Аңсат емес жетиў бахытқа.

* * *

Жупынылаў турмыс ишинде,
Өмир гүлим кеш бүртик жарды.
Табаным гартпаған жерге де,
Ығбал бизди жетеп апарды.

Не дәуир ўақ калған беклеўли,
Енди, кеўлим кенары толмас.
Дәўлетбайдың ески журтына,
Зыяратлап бармасам болмас.

Мегзес-ек, бир тикеш басылған,
Бир таңдырда пискен шөрекке.
Теңдей ушып, теңдей қонғанбыз,
Алтын уя— „Қыйсық терек" те.

Бизлер, усы жердиң-аспанның,
Әмеңгери—күйгелек қусы.
Ана саўлық—аўылымыздың,
Егиз өскен едик қозысы.

Мен маңырап қалдым изинде,
Дәрт мүшкилин артты да кетти.
Алтын шақлы сол ақ қошқарды,
Әжел—қасқыр тартты да кетти!

...Елеслейди Нәзигүл шешем,
Қармаланып салғаны төсек.
Дәўек сыбап-ҳәклейтуғын жай,
Мына жатқан үйинди кесек.

Тәғдир, аяп-мүсиркеў билмес,
Журтымызға көтерген тоқпақ...
Тутастырып турған үйлерди,—
Жойтылыпты баяғы соқпақ.

Сол жылайман гүзек күнлери,
Қос соғысып көмистим бақан.



www.ziyouz.com kutubxonasi

Сонда жүдә кеўилли еди,
Мына ғамгүн, ийесиз мәкан.

Асты көмик ылай сыпада,
Жуғырласып оқыймыз сабақ,
Қапталдағы шетен қорада,
Илдириўли бир-еки қабақ.

Қатнар едик мектепке бирге,
Қыял жүйрик, жолымыз даңғыл.
Күтип алар, хошласып қалар,
Үй алдында өскен торaңғыл.

...Енди бақсам: әрманлар жасап,
Шадлық шақақ урғаны жалған.
Мисли, бизиң балалығымыз,
Сол кесеклер астында қалған!

Биз де турмыс дәстүрханының,
Ашшы-душшы татқанбыз дузын.
Қәлер едик, жипек минезли,
Айболғанды шашлары узын.

Ядымда жоқ: бир-биримиздиң,
Зейнимизге тийген гезимиз.
Гүлхан болды отырсақ-турсақ,
Толқып-булқып сөйлер сезимиз.

Әттең... сол бир уялшақ хатлар,
Қалтамызда-ақ жүрип жыртылды.
Аппақ сезим—құсларымыздың,
Қанатының ушы қырқылды.

Эҳ, өмир-әй...сынық кеўлимиз,
Бир-биреўсиз сирә кеншимес.
Әрманларға, ой-қыялларға,
Мына журтқа едик еншилес.

Батылсызлық мойынтурығы,
Аяқларды бастырар шалыс.
Кимди айтып, қойсақ та кимди,
Балалық шағ—гүнәдан қалыс.



www.ziyouz.com kutubxonasi

Гүл-ғумшалы хүр пасылым-әй,
Жақсы-жаман күниме шерик.
Енип ҳәзир сол түр—сыпатқа,
Кеткиң келер сүтилмек терип.

* * *

Дегиш алған дәрьядур—Өмир,
Ықлап кеттим, дым аз өрледим.
Ата-анамнан, туўысқанлардан
Жақынырақ ҳәмдәрт көрмедим.

Көксимдеги жапалы жүрек,
Бунша неге урады шапшаң?
Мен жүдә бир күйинбес едим,
Сол күнлердей күн тапқан болсам.

Адамларды түсинген сайын,
Жан бийшара ҳәсирет шегер.
Өзимнен ҳеш налынбас едим,
Дәўлетбайдай дос тапсам егер.

Умыталмаспан—сол он жетиде,
Уғрын баққан аҳыў көзлерди.
Сондай гүллер дус болғанда, мен
Жазармедим, мына сөзлерди.

Бүлдиршиндей сол нәўше қызлар,
Хоширей, хошқылық, хошәдеп.
Олар—үзилип қалмас, жойтылмас
Кеўилиме тағылған сәдеп.

...Кетейин деп кеттим бе буннан,
Нашүкирлик түлени түртти.
Селлер жуўды, тәшўиш теңселтти,
Сағыныш деп аталған журтты.

Жаны жүдеў ырысқы-несийбем,
Гә тоқырап, гә жортып-желген.
Көптен берли жолларым бурыў,
Усы, Әрман—аталмыш елден.

Сыйдыралмас өкиниш көшин,
Жүрек—деген кәрўан сарайым.
Тырнақ салған жүзиңе тәғдир,
Ийесизим, Аўылым—Айым!



www.ziyouz.com kutubxonasi

Гүлшелерим—Қарындасларым,
Айдарларын туңғыш өрген жер.
Дуз-несипти баска жаклардан,
Шөпшеўимизди макул көрген жер!

Енди, тек те, гөне тамлықтың,
Кесеклерин сылап қайтаман.
Кеўлим алып-ушып келерде,
Жүрегим қан жылап қайтаман...

Сен—Уясаң қуслары ушқан,
Қәдири жоқ мениң керегим.
Есигиңнен ендим—Халқыма,
Төри Ўатан—„Қыйсық терегим"!..

*1989—90-жыллар.*

МАЗМУНЫ

Қарақалпақ тәрийпи . . . . . . . . . . . . . . . . . . 3
Яссаўийди, неге ғамгүн өтти десем . . . . . . . . . . . 5
Тәбияттан тилек . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . 6
Жүрегим-аў, не болды саған . . . . . . . . . . . . . . 8
Муҳаббат ийрими тартқан көзлерде . . . . . . . . . . . 9
Мениң дәртли Әмиўдәрьямсан . . . . . . . . . . . . . 10
Бахыт маған дым жақын келди . . . . . . . . . . . . . 11
Қыдырнияз ҳажы баязы . . . . . . . . . . . . . . . . 12
Он сегиз жас . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . 13
Оныншы классты питирген жылы . . . . . . . . . . . . 14
Қыткерщилик Қымбатшылық . . . . . . . . . . . . . . 15
Жүректен оқ жесең жоқдур шыпасы . . . . . . . . . . 18
Жан дүньяңа қашан жетермен енди . . . . . . . . . . . 18
Ел арасы . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . 19
Көргим келе береди оны . . . . . . . . . . . . . . . . 20
Бу, дүнья . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . 21
Дос болыў ҳәммениң қолынан келмес . . . . . . . . . . 22
Та, Адам—Атадан халқымның жасы . . . . . . . . . . 22
Анажаным, Әмиў—Аралым (толғаў) . . . . . . . . . . . 23
Жүр екенсең сен қандай болып . . . . . . . . . . . . . 29
Журналист . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . 29
Муҳаббат шам жақты жүрегимизге . . . . . . . . . . . 30
Таза жыл ҳақ тилек тилеп кел енди . . . . . . . . . . 31
Мениң ҳаялымнан жақсы ҳаял жоқ . . . . . . . . . . . 32
Ҳәзирети дийхан тәрийпи . . . . . . . . . . . . . . . 33
Әрман—ғумшалаған пасылда . . . . . . . . . . . . . . 35
Сен ҳаққында жазылмаған қосық . . . . . . . . . . . . 36
Аўылға қайтыўға баяғы қыз жоқ . . . . . . . . . . . 37
Соңғы қоңыраў . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . 38



www.ziyouz.com kutubxonasi

Суўра барған қыз . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . 39
Сүрен . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . 40
*Сол яра айтқайсыз* . . . . . . . . . . . . . . . . . . . 42
Сәл гене жасырақ болар ма едим . . . . . . . . . . . . . 42
Жақсылардан шарапат болды . . . . . . . . . . . . . . . 43
Ол ҳаққында айтшы көбирек . . . . . . . . . . . . . . . 45
Жора, өнип-өссин ели-журтыңыз . . . . . . . . . . . . . 46
"Аламойнақ" нйтке арыз . . . . . . . . . . . . . . . . 46
Қолыңыздан келсе ашық бол жасаң . . . . . . . . . . . . 47
Сөзлесиў . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . 48
Мен сени умытпайман . . . . . . . . . . . . . . . . . 51
Сен ҳәммеге күлип қарайсаң . . . . . . . . . . . . . . 52
Жүрегим, от алып қайтсын деп . . . . . . . . . . . . . 53
Журтларыңнан сениң Жумабай аға . . . . . . . . . . . . 53
Шайырлар . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . 54
Көзи, сөзи, өзи сулыў қарағым . . . . . . . . . . . . . 55
Сол ақшам сен жанымда едиң . . . . . . . . . . . . . . 56
Ашық Айдын пирден пәтия алып кет . . . . . . . . . . . 56
Көкиреклериң менен мақтанып . . . . . . . . . . . . . 58
Мүсиншлер . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . 58
Кимниң исми екен тилинде . . . . . . . . . . . . . . . 59
Алпыс үште алтын тойлар берипсиз . . . . . . . . . . . 60
Бул дүньяда муңсыз адам жоқ . . . . . . . . . . . . . 61
Үнсизлик . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . 62
Әрманлы, әрман . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . 62
Үзилген үмит . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . 63
Тәғдир сондайдан сақлағай . . . . . . . . . . . . . . 64
Мениң байрағым . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . 67
Кеш келген муҳаббат . . . . . . . . . . . . . . . . . 69
Жылларды санадым Асығып санадым . . . . . . . . . . . 69
Бүлдиршин . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . 71
Хаяллар . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . 73
Сениң жайнап жүргениң жақсы . . . . . . . . . . . . . 74
Алтын босағалы жыллар ашылсын . . . . . . . . . . . . 75
Дым, сулыў-аў, сениң күлгениң . . . . . . . . . . . . . 76
Оразан батыр . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . 76
Сен маған сүйемен деп един . . . . . . . . . . . . . . 78
Қызыл қум . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . 78
Яд шырақлары . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . 79
Университетим мениң, Университетим . . . . . . . . . . 80
Қарақалпақлардың қара қалпағы . . . . . . . . . . . . . 81
Шайырдың парызы . . . . . . . . . . . . . . . . . . . 82
Сизлер узатылып кеттиңиз . . . . . . . . . . . . . . . 83
Бабаларым . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . 84
Студент—жаслар ҳаққында қосық . . . . . . . . . . . . 85
Мениң өкиништи, өкинишлерим . . . . . . . . . . . . . 87
Қарақалпақ бүлбили . . . . . . . . . . . . . . . . . . 88
Сөзлердиң тәғдири . . . . . . . . . . . . . . . . . . . 89
Бир белсенди жигит болдыңыз . . . . . . . . . . . . . 91
Қарақалпақстан ҳаққында қосық . . . . . . . . . . . . . 92
Әйнегиңди биреў қаққандай . . . . . . . . . . . . . . 93
Төгилип қалсам,төгилип . . . . . . . . . . . . . . . . 94
Сыбырла, маған, бир нәрсе . . . . . . . . . . . . . . . 94



www.ziyouz.com kutubxonasi

Сен кеттиң қайттан гүрсинтип . . . . . . . . . . . . . . .
Бийсәўбетте қақтым ба есик . . . . . . . . . . . . . . . .
Сол түн жүдә өтти бийтақат . . . . . . . . . . . . . . . .
Неге уры болмадым екен . . . . . . . . . . . . . . . . . . .
Яқ, яқ . . . Енди жанғым келмейди . . . . . . . . . . . . .
Дүньяға салтанат дүздирген сизлер . . . . . . . . . . . . .
Сен қайғыны қой енди . . . . . . . . . . . . . . . . . . . .
Қораз бенен ийттиң „хызмети" . . . . . . . . . . . . . . .
Өш алыў . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . .
Ҳасаның басы ҳәм ушы . . . . . . . . . . . . . . . . . . .
Нәмәртлик . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . .
Жүзинде дүньяның жүз мың жилўасы . . . . . . . . . . . .
Шайырман деп айтыў оғада қыйын . . . . . . . . . . . . .

Ийесиз журт (поэма) . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . .

**Халила Дәўлетназаров**

ДОС БОЛЫЎ ҲӘММЕНИҢ ҚОЛЫНАН КЕЛМ...

*Қосықлар ҳәм поэма*

*Қарақалпақ тилинде*

„Қарақалпақстан" баспасы

Нөкис—1994

Редакторы *Яқыпбай Әжимов*
Художниги *Исмайыл Қыдыров*
Тех. редакторы *Оралбай Жумабаев*
Корректоры *Гүлжан Турымова*

ИБ 4729

Териўге берилген ўақты 29. IX. 1994-жыл. Басыўға рухсат етилген ўақты 14. XI. 1994-жыл. Қағаз форматы 84X108$^{1}/_{32}$ Типографиялық қағаз. Әдебий гарнитура. Кегль10. Жоқары баспа усылында басылды. Көлеми 3,875 баспа табақ 6,51 шәртли баспа табақ 5,22 есап баспа табақ. Буйыртпа 239. Нусқасы 2000. Баҳасы шәртнама бойынша.

„Қарақалпақстан" баспасы, 742000. Нөкис қаласы, Қарақалпақстан көшеси, жай №9.

Қарақалпақстан Республикасы Баспа сөз бойынша мәмлекетлик комитетиниң Нөкис полиграфкомбинаты. 742000. Нөкис қаласы, Қарақалпақстан көшеси, жай №9.



www.ziyouz.com kutubxonasi